



CHAPIT 1

Mwen te kreye pou'm te konnen Bondye

Bondye ap tann ou avek pasyans

Si ou louvri liv sa a epi ou komanse li premye chapit la, ou pran dezyèm desizyon pou'w konn Bondye. Siw louvri kèw wap wè Bondye pap fòsew sèvi'l. Lap rete tann ou jiskaske ou deside ba li rantre nan kèw. Bondye konnen ou te fèt pou'w konnen kiyes li ye. Bondye ba ou yon lespri pouw panse panse, yon lespri pou'w gen bon konprann epi yon lespri ki few konnen ke'w se yon moun ki inik epi espesyal. Pa gen lot moun tankou'w.

Bondye ba ou yon dezi pou'w konnen poukisa ou te kreye e li aprann ou kiyès ki kreyatè a. Nou tout nèt te fèt pou'n te konprann kiyès ki Bondye. Men premye fason pou'w konnen kiyès ki Bondye tout bon an e nap tou konnen kiyès nou ye. Se pou'n louvri kè nou. Kè nou dwe toujou rete louvri si nou vle aprann kiyès ki Bondye a.

Kounye a, wap mande tèt ou si'w louvri kè'w bay Bondye lap dezyèm desizyon ki pi enpotan ke wap pran pou'w konprann kiyès Bondye sa ye. Ki desizyon ki pi enpotan? Kè'w dwe rete louvri pandan lontan pou'w konprann kesyon sa a. Gen kèk lòt bagay ke'w dwe aprann anvan respons kesyon sa a vinn yon pwoblem. Kè'w se pòt Bondye ap antre a pou'w ka

konprann kiyès li ye. Kite kè'w toujou louvri. Bondye pap diw si kè'w fèmen. Si ou chache'l ak tout kè'w, li pwomèt ou ke wap jwenn li.

Li di nou ke li te vini

Eske'w konnen Bondye te abite nan mitan nou yon pakèt lane anvan li te vini nan lachè? Anviwon katsandouzan Bondye te vinn abite nan mitan nou, li te ba nou yon pakèt detay sou plan sali a:

- Li te di nou lap rete nan mitan nou e lap mache avek nou
- Li te di nou se yon fanm vyèj kap bal nesans e yap rele'l Emanyèl Prens Lapè
- Li te di nou depi lontan li te avèti nou: li tap voye pitit gason li a sou tè pou li te vinn sove nou.
- Li te di nou ke lap pote jistis bay nasyon yo e lap fè alyans ak pèp li a
- Li te di nou ke lap ekri lwa li yo nan lespri nou ak nan kè nou
- Li te di nou ke lap padone tout peche nou yo
- Li te di nou ke lap mouri, yap pèse kòt li yo pou transgresyon nou yo, yap bat li pou inikite nou yo e akoz tout blese sa yo nap jwenn gerizon
- Li te di nou ke lap leve nan lanmò
- Li te di nou ke lap monte vivan nan syèl
- Li te di nou ke lap voye lespri li sou tout moun...

Tout sa yo te gentan di pandan anpil lane anvan Bondye te abite nan mitan nou

Pwofèt Bondye yo nan Ansyen Testaman an esplike nou poukisa Bondye te dwe vinn viv nan mitan nou: "Pito Bondye vini, paske nou tout se pechè, nou tout te kondane. Sèl fason pou Bondye te sove nou nan peche nou yo se te vini sou tè a pou'l te viv nan mitan nou, pou'l te montre nou kijan pou'n viv, e li menm te esplike nou poukisa li dwe mouri pou nou. Se te sèl sakrifis pou'l te sove nou nan peche nou yo. Yon bagay ke sèlman Bondye ki ka fèl.

Konsa, sa nou li nan Ansyen Testaman an ak nan Nouvo Testaman an se yon istwa konplè. Ansyen Testaman se lonbraj de sa ki gen pou vini. Nan Nouvo Testaman an, istwa ap kontinye epi tout bagay vinn reyèl:

- Li di nou li se potrè total Bondye envizib (sa nou pa wè a)
- Li esplike nou poukisa li te dwe vinn viv nan mitan nou
- Li di nou ke li te dwe ale lakay moun move vi yo.
- Li te di nou ke lap bannou yon nouvo tanp li menm apre twa (3) jou, ki pap fèt ak men lòm.
- Li te di nou ke li ap bay vi li pou nou
- Li te di youn nan disip li yo (Pyè) ap nye'l twa(3) fwa (anvan sa rive tout bon)
- Li te di youn nan disip li yo (Jida) ap trayi'l anvan sa fèt reyèlman
- Li te di disip li yo ke yap kondane'l pou'l mouri, yap bat li, krache sou li e menm touye'l.
- Li te di disip li yo aprè tout bagay sa yo lap leve nan lanmò aprè twa (3) jou.
- Li te di nou ke lanmò li ap fè tout moun konnen yon nouvo alyans.
- Li te di tout sa ki kwè nan li, peche li yo ap jwenn padon e yap konnen'l pou lavi.

- Lè'l finn leve vivan nan lanmò, li di Satan pèdi batay, li te dwe kite latè pou lespri Bondye te kapab abite toutan nan nou.

Bondye te abite sou late e li te viv tankou moun e se te sèl fason pou li te kapab sove nou. Non li se Jezi. Pou'n te konnen ke plan Bondye te reyalize san tach, lè'l te soti vivan nan lanmò, li te bannou anpil prèv ke li vivan: Jezi te parèt devan plis ke 500 moun, li te kontinye ap pale d wayòm lan pandan karant(40) jou. Aprè li monte vivan nan syèl la, li bay disip yo yon lòt li menm ki se lespri li kap abite nan nou, gid nou nan tout desizyon nou yo e ki ap bannou lapè ak rekondò.

Tout sa Bondye te di nou nan Ansyen Testaman an rive nan Nouvo Testaman an ki akonpli plan Bondye genyen pou lòm.

Poukisa Bondye vle abite nan mitan nou?

Li vle lage verite a nan yon mond plen mansonj.

Bondye voye sèl ptit li a, Jezi, abite nan mitan nou. Menm lè peche nou nwè ak tout sa ki mal; Bondye gen yon lanmou san parèy pou chak pechè. Gade figi nou nan glas pou nou wè kijan Bondye renmen nou. Wi ou menm.

JAN 3: 16, 17

Paske, Bondye sitelman renmen lèzòm li bay sèl ptit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pèdi lavi yo. Okontré ya gen lavi ki pap janm fini an. Bondye pa voye ptit li a sou late pou kondane lèzòm, men pito pou'l te kapab delivre yo.

Entansyon Bondye se te kontinye e kontinye preche pawòl li a (ki se verite a) nan yon mond ki plen mansonj. Li te konnen ke nou peche, li te konnen nou bezwen yon sovè (redanptè). Li te konnen tou nou pat kapab sove tèt nou. Enposib pou yon lòm pechè ta sove yon lòm pechè. Selman ptit Bondye a (Jezi kri) ki se yon lòm etènèl ki kalifye pou reponn egzijans, jistis d yon Dye etènèl. Sèlman Jezi ki kapab rekonsilye nou ak Bondye.

Bondye deside voye sèl ptit li a

Konsa nan entansyon Bondye, li te konnen ke lap voye sèl ptit li a Jezi sou latè pou akonpli misyon li kontrè ak Pratik sakrifis nan Ansyen Testaman an ki patap janm kapab efase peche yo vre: touye bêt pou kouvri peche, sakrifis sa ta dwe fèt yon sèl fwa paske li te sakre. Bondye li menm nan non Jezi ap fè sakrifis sila. Li vini sou tè a poul viv tankou yon nonm san peche pou netwaye kondisyon peche ke nou tout genyen pou eritaj.

Ezayi 1: 18

Senyè a di konsa: Nou mèt vini atò! Ann regle koze a! Menm si peche nou yo ta tache wouj kou san sou tout kò nou, map lave nou. Map fè nou vinn blan kou koton. Nou te mèt tache wouj fonse, map blanchi nou, map fè nou blan nou kou lenn mouton.

Se yon plan mèveye! Dye te konnen se pi bon fason pou li pale ak nou, pou'l konnen mal nou yo, soufrans nou yo, inyorans nou yo ak mepri ke nou santi e pou'l ka fè menm eksperyans ak nous ou late. Jezi nan Bondye endike nou ke li sot nan syèl pou'l fè volonte papa li ki voye'l. (nan pwop volotel)

Nou pa dwe pèdi yon nanm

Bondye itilize bèje imen yo pou montre kijan bon bèje a soufri e aji lè yon sèl mouton pèdi. Yon bon bèje pa janm vle pèdi yon sèl mouton. Bondye ap fè menm bagay la pou ou e pou mwen.

Jan 10:11

Se mwen menm ki bon gadò mouton yo. Bon gadò an ap bay lavil pou mouton'l yo.

Sa se misyon Bondye. Li vini sou late pou chache nou e sove nou. Lè nou lwen Bondye, mache san direksyon li, Bondye pap janm kite nou. Li toujou ap chache nou. Bondye vini sou tè a pou'l sove mond lan, paske tout moun se pechè. Lè nou pèdi kontak avek Bondye, nou vinn lwen li, nou vinn rebel epi nou peche. Move eta sa a fè nou blyie konprann poukisa nou fèt.

Kondisyon peche nou mete nou anba pouvwa Satan ki se yon lou kap fè vakabon. Satan konnen sin ou pa rete pre Bondye, bon bèje nou an, lap kapab tante nou nan bagay sa yo: riches, fyète, bon reoitasyon, pwostitisyon ak tout move vi. Tout move bagay sa yo mete nou nan kont ak Bondye. Men se pa plan Bondye pou vi nou. Si nou pa viv nan volonte Bondye sa pap mennen nou nan bon lavi. Satan renmen lè moun ap viv lwen pawol Bondye.

Enpòtan: Diksyonè Webster defini inyorans tankou moun ki pa konnen Bondye ak pisans li. Toutan nou pa konnen ki moun Bondye ak sa ke li ka fè: Satan gen pouvwa pou'l domine nou e fè nou esklav li.

Li te vini pou'l brize pisans dyab la

Nan bib la, fènwa reprezante peche oubyen jijman. Peche a lè'I nan viw, li fè'w pa ka konprann e li fè nou bliye volonte Bondye. Se tankou ou te tonbe nan yon twou pandan wap kondi yon machin. Nou tout tonbe nan twou (sa vle di nou tout peche). Chak fwa nou tonbe nan yon twou, nou pèdi direksyon nou e bliye volonte Bondye. Si nou tonbe nan yon move twou, sa ka koz yon gwo pwoblèm e sa ka koz ou menm mouri.

Lè nou pa swiv volonte Bondye, nou pap santi nou alèz vre. Gen jou kap move anpil, men lè wap viv san Bondye se yon move vi li ye, lavi nou pral fini pa echwe e menm detwi tankou yon machine ki pa gen direksyon. Men si nou pa ranje koze nou e fè volonte Bondye nap genyen plis pwoblèm. Se paske lè nou peche, Bondye pa ka pwoteje nou; li pèmèt nou rekole sa nou simen.

Pifò moun pa vle panse a tèt yo kom moun kap viv nan fènwa, men kijan Bondye gade moun ki ap viv nan peche. Yo pa mete yo kote Bondye. Yo viv san yo pa swiv vrè verite a. Se poutèt sa Jezi te vin sou tè a. Se poutèt sa Jezi te dwe vinn sou late pou frape satan epi anseye nou verite li. Li te aprann nou kisa verite a ye nan yon mond ki plen ak manti. Bondye vle kondi nou pandan lap fè viwonn twou an ak nou; twou ki la pou nwi nou. Twou sa yo ke nap diw la, ou pa gen je pouw wè yo, Selman Bondye ki gen pouvwa pou wè twou sa yo.

Si nou kanpe sou pawol Bondye limyè li ap briye sou wout nou pou nou pa tonbe nan twou Satan prepare pou nou an. Se sa kap pèmèt ke nou fè yon sèl ak volonte Bondye e ki ap bannou espwa ak yon vi miyò.

Bondye pa vle nou kòche kò nou

Nou tout konnen sa limyè ye. Nou bezwen limyè lè li fè nwa pou'n pa tonbe nan twou. Se poutèt sa mesaj Bondye an asosye ak limyè, paske, se limyè a ki bay direksyon pou'n sòti nan mond nwasè sa. Se poutèt sa Jezi vini sou latè pou lòm pa viv nan fènwa ankò. Jezi se sila ki vini pou bannou lavi ki pap janm fini an. Lè nou rete nan verite sa a, nap kapab pataje limyè Bondye a ki nan nou an bay lòt yo.

Lè Bondye te kreye nou, li konnen ken ou tap gen pwoblèm, li konnen nou tap peche. Se poutèt sa li fè nou ak tout volonte nou pou'n ka fè chwa'n vle. Nou wè konpotman sa yo ak abitid sa yo lakay timoun nou yo, nou konnen timoun nou yo pap twò dakò ak lwa nou yo. Nou konnen tou pafwa yap mete yo an rebelyon kont règ nou yo ak prensip nou yo. Nou konnen tou pafwa yo pa konnen ki kote yo vle yo rive. Tout paran ta renmen wè timoun yo mache sou prensip yo pou yo pa blese.

Se menm bagay la, Bondye pa ta vle ptit li yo fè sa ki mal. Li vini soutè a pou'l kapab abite nan mitan nou e fè nou konnen volonte'l. Avek chagren anpil nan nou refize fè volonte'l, lè sa a nou fè Satan kontan paske nou fè sa nou vle; nou pa fè sa Bondye renmen.

Nou tout konnen, kisa ki vle di tonbe nan twou men nou pa janm fè atansyon pou'n pa tonbe nan twou ki devan nou an. Men sin ou dakò twou a nan wout la, se paske nou tap siveye pou'n pa tonbe. Gen de lè nou manke fè sa Bondye di nou. Nou pa pran konsyans. E se la ke Satan vle nou rive. Li vle nou distrè e menm pèdi tèt nou pou'n pa wè kote nap met pye nou.

Lè nou dezobeyi'l tankou yon timoun, nou pa konnen poukisa papa nou aji konsa oubyen fè yon bagay pou byen nou. Nou konnen, nou menm paran ke papa nou renmen nou. Sa se yon lesyon ki enpòtan anpil menm lè nou ta sanble blyie sa. Kom gramoun, nou pap janm blyie ke Bondye papa nou ki nan syèl la vle toujou travay pou byen nou. Pafwa nou ta sanble blyie sa e menm pa wè sa epi nou peche.

Bondye vle nou konnen'l

Li ta renmen ban nou sajès ak konesans

Eskew konnen Bondye renmen'w menm le'w pa renmen'l? Bondye ap fè yon travay ak laviw menm lè kew pa konnen'l e pa renmen'l.

Pa chache konnen ki moun Bondye ye kapab frape nanm ou ak lanmò espirityèl ki se yon separasyon avek Dye. Siw pat renmen Bondye oubyen siw fè chwa pou'w vinn lenmi Bondye toulède ap mennenw nan separasyon ak Bondye (lanmò) e'w pap janm konnen plan li pou viw.

Si nou asepte Bondye ak pawol li, nap komanse konnen sajès ak konesans li genyen pou nou. Se yon kado men nou dwe asepte don li. Nou dwe envite'l nan kè nou pou li kapab pale ak nou.

Nou dwe aprann tande vwa Bondye

Pou'w konnen ki moun Bondye ye, fòk ou tande vwa'l. Nou dwe tande vwa'l paske mechan an (Satan) ap fè tout sa li konnen pou'n pa tande vwa Bondye. Satan se yon mètdam pou anpeche'w tande tout sa Bondye vle diw. Komanse fè kèk bagay kap pèmèt plan Bondye antre nan laviw e wap wè kijan Satan pral anpechew e fèw fè fo pa nan aprantisaj. Se pou nou konnen entansyon Satan se pou'n blyie plan Bondye ak eritaj li genyen pou lavi nou. Satan jalou d lòm e vle nou tout peri paske nou fèt ak limaj e resanblans Bondye.

Satan ta renmen detwi Bondye men li pap janm kapab, lap toujou eseye kouri dèyè nou. Satan konnen si li detwi lòm li kapab fè Bondye tris e se poutèt sa Satan chak jou lap travay pou sa rive. Selman fè nouvèl, tande radyo, nap wè nan ki pwen Satan reyisi, men yon jou Satan genyen pou li pèdi batay avek tout moun ki swiv li yo. Kounya li reye e lap detwi anpil moun nan mond sa. Men sa pa dwe rete konsa, nou dwe konnen riz Satan ak anpil sajès pou'n evite pyèj lap met devan nou.

Yon fwa pandan Jezi tap preche nan sinagòg la, te gen yon moun ki te gen movè zespri sou li te anpeche Jezi. Si Satan kapab anpeche Jezi preche nan sinagòg la, lap kapab chache pou'l anpeche nou tou. Lè nou vle konnen volonte Bondye pou lavi nou fè atansyon. Nou ta dwe konnen vwa Bondye menm jan nou rekonèt vwa yon zanmi nou, kosa tou nou ta dwe konnen atak ak riz dyab la. Lè nou kapab fè diferans ant vwa Bondye ak vwa Satan nap komanse fè volonte'l nan lavi nou. Lè nou pa bay twop enpotans ak bagay sa yo: televizyon, radyo, jounal plis ke pawol ki nan bib la; wap grandi nan vi espirityèl ou, lè sa wap konnen vwa Bondye.

Satan pèdi pisans

Eske'w konnen ke Satan pa kapab frape nou tout bon? Li pa gen pouvwa sou nou ankò, Selman li ka twonpe nou. Li tankou yon lyon kap gwonde san dan san grif. Yon lyon ki fò kap gwonde san dan san grif li yo ap twonpe'w pou'l fe'w konnen li tou pisan, sa vle di ke satan ap apiye sou desepsyon pou'l kapab jwenn sa lap chache a. lap chache twonpe'w pandan ke lap mennen'w nan plezi lachè, lap konnenw pa gen pwovizyon espirityèl ki sòti nan pawol Bondye. Si nou gen bon konprann ak konesans nan pawol Bondye nou pap twonpe e nap met je nou sou Bondye.

Anpil nan nou fè move eksperyans e konnen anpil desepsyon nan Satan, paske nou te fè move chwa. Sa tris, nou peye konsekans yo men yo rive. Manke bon konprann nan pawol Bondye fè nou konnen nou pap pini. Satan li menm renmen fòm inyorans sa yo e se poutèt sa li toujou vle mennen nous ou yon teren pou'l twonpe nou e sedwi nou.

Satan ap itilize tout estrateji

Satan ap chache tout mwayen pou'l twonpe nou: radyo, entènèt, televizyon, jounal e menm kèk zanmi, si nou panse, pandan ke nap tande ak zorèy nou, mansonj sa yo ta sanble bel, sedwizan; konbyen li tap pi bon pou'n ta chache konnen vwa Bondye? Nou dwe toujou kontinye chache, tande, wè, konprann tout sa ki pa nan pawol Bondye. Lè nou tande tout kritik key o di kont pawol Bondye ak otorite ke sentespri li ban nou nap kapab reponn konsa: "Dakò, Satan mw konnen jwèt ou a, mwen pa pral lotbò a." Mwen wè twou'w la, men sa seyè'm lan dim: "Retire kò'w bò kotem Satan."

Gen yon sèl defans

Nou panse Bondye chita san'l pap fè anyen, epi'l kite Satan ap pwomennen e pwopaje mesaj pou'l twonpe ptit li yo? Non. Bondye vle pou nou rann temwayaj pawol li ki se verite a chak jou. Si nou kite pawol la antre nan lavi nou, verite a ap ran nou lib. Se poutèt sa nou dwe toujou vijilan ak bon konsyans paske mesaj Satan an vyolan e di.

Se pou nou fè atansyon avek anpil moun ki kapab yon pwazon nan lavi nou e menm zanmi ki pwòch nou kapab yon blokaj pou nou lè nap konnen anpil verite nan pawol Bondye a. Parès yo kapab yon anpechman pou pawol Bondye. Nou dwe elimine parès ak neglijans lakay nou. Peche se peche, pa gen youn nan zanmi nou yo ki kapab chanje sa, pa kite okenn apranti nan zanmiw yo eseye konvenk ou pou diw: se pa anyen, tout moun fè sa.

Nou tout nou gen salte nan kè nou

Peche se yon sijè ki difisil, anpil moun pa vle pale sou li. Nou pa vle fè nou koupab ni santi nou kondane nan fason ke nap viv. Nou dwe konnen kisa peche ye. Peche se yon vyolasyon tout règleman Bondye mete sou chimen nou. Nou dwe konnen ki domèn nan vi nou ki pa an amoni avek pawol Bondye e kote nou prè pou'n chanje domèn sa yo.

Plan Bondye se pou'l detwi peche ki nan lavi nou. Si'n mete tout apwi sous a zanmi ap di epi neglige sa labib di, nou pap ka jwenn vrè benediksyon Bondye a. Lespri Bondye ki abite nan nou an ap konvenk nou pou'l fè nou konprann pawol ki nan bib la, si nou elimine parès. Fok

nou tande, tande tout bon sa Bondye di nou. Lè sa nap kapab mete nou zòn kote Satan pap kapab anpeche nou. Mond sa a anba kontwòl Satan, fok nou dekonekte avel pandan kèk moman.

Bondye vle nou bal tout kè nou

Bondye pale ak nou ak yon sèl objektif. Li vle genyen tout kè nou, pou'l kapab ede nou detwi tout desi lachè, tout idolatry, tout esprit patipri ak tout Pratik peche ki nan lavi nou lè sa a nap konnen benediksyon ak rekompans li rezève pou nou.

Si ou vle tande vwa Bondye e konnen chimen li, ou dwe prè pou'w netwaye kè'w, se sa'l vle e se sa li bezwen nan nou. Li vle nou repanti pou'n kite Pratik peche nou yo e pou'n swiv li. Tout verite sa yo ap rann nou lib e pwoteje'n kont tout pyèj Satan ap tann pou'n tonbe.

Mond nou an anba kontwòl Satan

Eske'w konnen Bondye vle ou fè volonte'l? Pou'w fè volonte'l fòk ou chanje: yon chanjman nan fason'w panse, nan fason ou swiv pawol li yo. Mond ke nap viv la, li anba dominasyon Satan. Sa vle di ke anpil bagay nou wè ak je nou e nou tande ak zorèy nou nan mond lan pa gen amoni avek pawol Bondye a. Anpil mesaj ke wap tande chak jou yo se mesaj kap twonpe moun. Se yon fòm maketing Satan, li se mèt nan sa lap fè a.

Bondye kite mond lan anba kontwòl Satan pou yon tan limite, men Satan deja pèdi batay e kondane pou li ale boule nan lanfè pou toutan. Pandan ti tan say o, nou menm ki se pitit Bondye; nou dwe transfòme tankou yon novo kreyati pou'n kapab konnen tout novo estrateji Satan, paske li toujou ap chache pou'l devore nou. Telman li gen riz

menm sa yo ki ap pote pawol la bay lot yo li twonpe yo. Men Bondye toujou pwomèt nou pou'l enstwi nou,gide nou e kondwi nou nan bon direksyon. Fòk nou toujou medite pawol la pou nou kapab pran desizyon ki mache ak volonte'l.

Nou dwe saj tankou mouton

Bondye pap janm mennen nou nan yon sitiyasyon pou nou vyole lwa li yo. (Komsí nou blese tèt nou oubyen blese yon lòt) Siw kanpe sou pawol Bondye oubyen si pawol la kache nan kèw, wap toujou evite twou Satan tann pou nou ak mansonj li yo. Nap toujou goumen ak tèt nou si nou pa tande vwa Bondye. Sonje, mouton ki konn vwa bèje li pap janm swiv yon lòt bèje, paske li pa konnen vwa sa a e vwa sa a pap pwoteje'l. fè efò pou nou saj tankou mouton yo. Men kèk bagay Bondye vle nou konnen:

- Lap ba ou sajès siw mande'l ak konfyans wap jwenn li
- Li gen yon plan pou ou
- Fè volonte Bondye, di ke nou gen bon relasyon avè'l a travè pitit li a Jezi Kri
- Bay Bondye glwa e kwè nan li pou'l kapab revele nou sa ki bon pou nou.

Jan'w tande vwa Bondye a e rekonèt li, wap kapab chanje lè lap gidew.



CHAPIT 2

Mwen te kreye ak imaj Bondye

Bondye te konnen sa li tap fè a

Yo twa (3) ki te la

Depi nan komansman an, Bondye te di: "Ann fè lòm ak imaj nou." Eske'w te deja fè atansyon ak pawol "nou menm" nan vèsè sa? Men pawol "nou menm" lan fè nou wè twa(3) moun sa yo: Bondye papa a, pitit la ki se Jezi ak Lesprisen an.

Lè Bondye di "ann fè lòm ak imaj nou" an sa vle di Bondye papa a, Jezi ak Lesprisen an, yo te la lè nou te kreye.

Bondye te konnen kisa li tap fè. Plan li te gentan trase depi lè Adan te peche nan jaden an e Jezi te nan mitan plan sa apou reyalize sou bwa kalvè a.

Kreyasyon ki pi ba e ki pi bel apre Bondye

Kijan nou kreye ak imaj Bondye a? Eske nou sanble avèl? Eske nou gen menm lespri avèl? Labib di ke tout moun feta k imaj Bondye.

Fè yon gade dèyè tou piti. Eske ou kapab konprann kijan nati lòm konplike? Ou pa rezulta yon objè mirak oubyen yon potrè ki soti nan ras zannimo. Ou se yon kreyati entelijan e bel, pi bel nan tout kreyasyon Bondye a ak yon ekspresyon espesyal nan nati diven li. Ou se yon travay atistik ki konplike ki se yon kado dirèk nan men Bondye. Bondye te konnen ou anvan ou te fèt epi li te gentan chwazi'w nan plan'l pou'l te fè'w ak imaj pitit li an, Jezi.

Men, sa pa vle di nou menm ki moun, nou posede tout kalite ki fè Bondye sa li ye a (li pa gen limit ni sou tè a, ni nan syèl la) li gen tout pouvwa, li toupatou e li konnen tout bagay.

Nou menm lòm, nou limite nan nati imen nou. Men se nou menm sèl ki sanble ak Bondye nan anpil domèn. Ann gade kèk bagay nan domèn sa yo:

Espré

Bondye se espri, sa vle di Bondye envizib. Lè bib la di ke nou kreye ak imaj Bondye a, sa vle di yo ban nou yon espri. Sa pa vle di ke Bondye se yon èt fizik oubyen nou tankou Bondye sou fòm fizik. Eske'w te konnen kò ou se selman kote vrè nanm ou ak lespri ou abite? Bondye kreye kò imen pou nanm ou abite jiska kò fizik ou mouri.

Nan kò ou, Bondye mete tout pati itil y oak yon wòl yo mande, chak pati konnen ekzakteman kisa li sipoze fè. Si kò ou fèt ak preske 100 bilyon selil epi yo chak nan selil sa yo te youn antre nan lòt pou makonnen ansanm youn ak lòt. Eskew kapab panse 100 bilyon de tout sa ki makonnen yo kapab yon sèl? Menm travay yon motè machin ki ap bezwen pyès pou'l mache ap bezwen 100 lane ak santèn enjenyè kalifye pou'w fèl mache byen. Gade non: kò ou se yon mirak paske 100 bilyon selil sa yo ki makonnen youn ak lòt pa fouti travay sou chans.

Kijan 100 bilyon selil kòw fè konnen pou yo travay ansanm epi pou voye mesaj bay lòt sistèm kap fonksyone nan kòw?

Koman jew fè konnen pou'l wè avek limyè koulè sa yo e kapasite pou'l ranmase tout ti detay kap itil e pou voye mesaj bay zorèy, sèvow pou ekilib e braw ak janm ou pou fè mouvman?

Kijan nen'w fè kapab pran sant avek kapasite pou'l fè diferans ant yon fou kap boule e sant yon bel flè roz epi pou'l voye sant sa bay bouch ou ak kè kontan e ak jew pou'w fè diferans lan?

Koman lespri'w fè konnen pou'l envante, senpatize, santi kè kontan, santiw koupab, fè kòlè, pèdi espwa e gen yon kè renmen? Lòm pa kapab bay lavi men li kapab envante kèk bagay kap bezwen milya e menm trilyon asosyasyon (rezo) pou kreye yon santiman.

Ou se kreyati ki pi konplike e pi ekzijan ki pat janm kreye. Pèsonn pa kapab konsidere ni asepte tout selil say o ak sistèm konplike ki fòme kò nou; se yon bagay ki fèt avek chans. Lè nou pran kòm egzanp: je nou, nen nou, zorèy nou, bouch nou ak men nou tout eleman sa yo pa fouti yon aza.

Men sak pi bel nan tout sa nap di yo la. Bondye te kreye nou nan yon kò imen ke limenm yon jou tap vin viv nan menm kò imen sa tou e se nan kò sa li te mouri pou nou, pou nou te ka sove.

Kè – Santiman’w yo ak emosyon’w yo

Bondye mete yon lòt bagay nan nanm ou lè'l te kreye'w, li te baw yon kè. Nou pap pale'w de kè kap ponpe san an non, nap pale'w de kè ki baw kapasite pou'w santi bagay sa yo, tankou: emosyon'w yo, panse'w yo ak kwayans ou yo. Bondye baw yon kè pou'w ka gen lanmou, konpasyon ak anpil lòt emosyon. Li te ba ou santiman sa yo pou'w te ka konnen'l pi byen ak konprann ki moun li ye. Bondye vlew konnen entansyon yo anpil nan kè'l. Bondye baw kapasite pou ou santi menm emosyon ke li santi; li vle ou renmen sa li renmen epi rayi sa li rayi. Bondye vle ou renmen'l ak tout kèw, tout lespriw e tout nanm ou. Sepoutèt sa, li te kreye ou ak pwop imaj li epi sepoutèt sa tou li te baw yon kè.

Relasyon e lib chwa

Kreyatè nou an te kreye nou pou'n te gen relasyon avèl. Bondye vle gen yon relasyon ki rich ak sans avek chak gress kreyasyon'l yo. Bòn nouvel la se, nou kapab men nou chak dwe chwazi gen relasyon sa a. Bondye pap janm fòse nou pou'l antre nan kè nou, paske li pa yon dictate e li pap janm pran nou tankou yon robo. Bondye ap jis frape pòt kèw lap tann ou louvri'l pou li antre. Li konnen'w te fèt pou'w te konnen ki

moun li ye. Men, se chwaw. Ou ka louvri pòt la epi kite'l antre oswa ou ka chwazi kenbe pòt la fèmen.

Lè li frape nan pòt kè ou, li espere kew pral kite'l antre pou li te ka diw ki kote'w prale. Li prevwa yon bel vwayaj. Men, fòk ou louvri kè'w sinon ou pap janm konnen ki kote lap mennenw. Se yon vwayaj ou pa ta vle rate. Pi devan nan liv sa a wap konprann poukisa Bondye baw chwa enkwayab say o.

Lib volonté (ou ka fè saw vle)

Bondye pèmèt tout moun chwazi pwòp chimen yo epi pran pwop desizyon yo. Yo rele sa lib volonté. Tankou zanj yo, nou tout gen libète pou nou deside. Jan nou te aprann sa a, Satan te itilize libète li te genyen an pou'l te fè rebel. Nou tout resevwa menm chwa sa a. Nou ka swiv chimen Bondye oswa nou chwazi swiv pwop chimen pa nou. Si nou pa swiv chimen Bondye a, pa tann proteksyon li. Sa pral pèmèt nou rekolte sa nou te simen. Sa vle di li pral kite nou soufri konsekans move desizyon nou yo.

Lè ou pa swiv limyè li a, chimen ou pran an ka vin trè nwa e menm fèw blese tèt ou. Se komsi wap antre nan yon gwo twou kap vin pi fè nwa.

San limyè li a, ou ka pa wè gwo twou ki sou chimen an ki ka koz ou bite. San limyè li a, ou kapab pa wè sou chimen an pyèj ki tann pou ou a e ki kapab few blese e menm mourir. Satan pral sèvi ak tout sa ki kapab frappe jew nan mond sa a ak tout plezi lachè. E Satan renmen fè nwa menm.

Men, chimen Bondye a klere. Ou pral kapab wè limyè Bondye a kelkeswa kote ou ye sou tè a. Swiv limyè Bondye a ap few soti nan fènwa tout bon vre, si out e lwen Bondye e ou asepte Jezi kòm sèl mèt

e sovè'w lap mennen'w nan limyè. Paske limyè li a la pou'l sove'w e Jezi vle sove'w tou.

Bondye ba ou libète pou ou ka chwazi obeyi'l si ou vle. Nan plan Bondye, li pat vle kreye nou tankou yon objè ni yon zannimo ki pa gen volonte ni bon konprann pou aji. Li pat vle fòse volonte li sou okenn moun. Selman li vle devlope yon bon relasyon ak nou pandan ke lap toujou envite nou pou'n swiv li e pataje vi etènèl li avek nou. Men, gwo kesyon an se, eskew chwazi pou'w swiv li oubyen pou'w fè pwop chimenw. Yon chimen ki ka mennen'w nan yon teritwa danjere. Ki chimen wap pran oubyen kilès nan de(2) moun sa yo wap chwazi; Bondye oswa Satan?

Nou tout dwe chwazi swiv oswa refize Bondye. Pa pran yon desizyon se komsi'w te pran youn e pa panse ou ka pran yon desizyon lew vle. Alafen, Bondye ap jije nenpòt moun ki rejte pawol li paske Bondye te kreye moun pou li. Nou ka chwazi chimen limyè li oswa chimen fènwa a. Bondye ap tan avek pasyans desizyon ou. Men, pa rete tan two lontan paske kontra late preske fini.

Asirew ke ou li chapit 5 nan liv sa epi pou'w pran yon desizyon. Si ou fin li liv sa ou potko pran yon desizyon ebyen wap pran youn.

Konsyans ak konesans

Bondye ba ou yon lespri ki siperyè ak yon bét, se yon lespri ki fèw kapab konprann. Men, kote konesans Bondye a san limit, ou menm ou limite a konesans ou. Pandan ke bét yo aji ak ensten, ou menm ou kapab gade pi lwen pase bezwenw yo.

Bib la di nou tout gen konesans nan byen ak mal ki anjandre nan kè nou. Petèt kapasite nou genyen pou nou konprann sa ki byen ak sa ki

mal yo montre nou pi plis tankou Bondye. Menm jan gen lwa natirèl ki gouvène linivè a, gen lwa tou ki gouvène konpòtman moral nou yo ak fason nou panse.

Kado entèlektyèl nou yo wè nan kapasite pou nou: konsevwa, bati, ekri, konpoze, chwazi, motive, ri, anbeli ak anpil lòt ankò.

Kreyativite

Ann fon ti gade: tout sa ke Bondye kreye nan syèl la ak tè a se pou li yo ye. E tout sa lòm envante se mèvèy yo ye. Sa déjà montre nou ke lòm genyen yon entelijans kreyatif.

Tout bel pwason ki nan lanmè a montre nou, kijan yok a viv ansanm. E gen pwason ki menm jan ak plant yo, ki bezwen lòt pou yo viv menm lè yo ta diferan.

Si nou ta pran egzanp yon mwèt (yon zwazo ki fèt nan rejyon polè) kapab vole plizyè kilomèt sou lanmè pou'l jwenn yon ti zile nan pasifik sid la, yon zòn li pat janm konnen pou li ka fè nich li. Si li ta fè yon ti erè (de 0,000001%) li patap gen fòs pou'l reyalizel, men li fèl. E pou yon tòti, ki fèt tou prè Ekwatè e ki konnen kijan pou li naje pou'l rive nan lanmè Atlantik nan mache chache epi apre yon pakèt lane li kapab retounen menm kote'l te fèt la pou'l kapab fè nich ze'l. Se menm jan ak nou menm lòm ki soti Los Angeles pou ale New York epi nou retounen koten te soti a.

Kisa nou kapab di pou yon gwo papiyon ki komanse tankou yon cheniy nan Kanada epi apre li transfòme(metamòfoze) pou'l vole e pran plizyè kilomèt pou'l al viv nan 2 mil mèt kare nan Meksik.

Gen plis ke 300 milyon papiyon nan zòn nò a (emisfè) tout rasanble menm kote pou yo viv menm jan an. Yo tout fèt anndan yon ti sak blan

ki gen po swa (kokon). Mesye save yo nan kouran evolisyon yo rele korèk nan sans sa; gwo papiyon yo rele monak la toujou kite anndan ti sak swa a (kokon) yon rès de potrè yo (karakteristik siviv) e lòt enfòmasyon ki kapab pwoteje pitit papiyon sa devan transfòmasyon e lanmò yo.

Wi, nou tout nou kreye pa yon Dye ki se yon kreyatè enkwayab. Sa ke papiyon monak la fè pou pitit li a kapab reziste devan lanmò nan transfòmasyon li pral sibi se menm sa Bondye fè pou nou. Li ban nou yon pati na resanblans li ak imaj li, bagay nou pa ka eksplike, ki se yon mistè.

Sajès

Sajès se yon bagay ke Bondye ak lòm posede. Teyolojen yo itilize mo “omnisyan” lè yo vle pale de konesans enfini Bondye a. Bondye konnen tout bagay sou tout bagay. Li konnen sa nap panse e li konnen tout bagay ki pral rive. Bondye pa ka fè yon move plan paske li konnen repons lan deja. Omnisyans li soutni bon konprann li.

Bondye bannou sajès tou, men sajès Bondye a ak sajès lèzòm pa menm. An reyalite, yo pa sanble youn ak lòt. Vrè sajès la pa soti nan lòm, li soti nan Bondye. Bondye, avek sajès li, ap fè sa li te pwomèt la nan yon fason ke ou menm ak mwen pa menm ka konprann. Men, oud we swiv li pou’w aprann sa li ye. Si ou manke bon konprann, Bondye diw pou’w mande li. Sajès la kapab yon limyè kap gide laviw. Sajès ap delivrew anba men Satan. Avek sajès wap kapab fè bon chwa yo. Kwè nan Bondye ak Jezi kapab komansman sajès ou.

Men, fè atansyon lè nap priye pou sajès, paske se pa tout sajès ki soti nan Bondye, lot sajès sa a se sou late, san espirityèl e li dyabolik. Nou

dwe montre vrè sajès nou yo nan aksyon nou yo. Vrè sajès pa konnen sa ki byen ak sa ki mal. Men se li ki byen nan mal la.

Eskew konn mande tèt ou poukisa ou pa ka konprann sajès Bondye a ak tout bagay sa yo kap pasenan mond nou an jodia. Tankou: lagè, grangou, dezas natirèl, maladi, lanmò ak kè sere? Bondye kite yok om yon mistè paske sajès Bondye a pi wo pase nou. Li gen yon gwo konklizon ke li poko revele. Li pap janm di nou kijan tout bagay pral fini pou nou pa pèdi lafwa nou nan li. Ann mete konfyans nou nan Bondye epi kite sajès li vin yon limyè kap gide chimen nou.

Souveren/otorite

Nou menm tou nou tankou Bondye nan sans ke nou te resevwa otorite souveren an. Bondye gen otorite souveren sou linivè e yo te ban nou otorite souveren sou mond kote nap viv la. Men, otorite souveren sa a pa yon dwa kom premye ptit. Se yon kado Bondye bay. Menm jan Bondye te kreye ak fòme mond nou an jan li te vle, nou kounye a responsab pou dirije li. Li se yon tach ke Bondye ban nou e nou pa ta dwe konsiderel tankou yon bagay ki pou nou. Men se pou nou konnen yon jou nap gen kont pou nou rann bay Bondye.

Etènèl

Bondye etènèl e lespri ki nan nou an etènèl tou. Si nou gad mo “etènèl” nan yon diksyonè, sa vle di “li pa gen komansman li pa gen fen”. Etènèl vle di dire pou toutan. Keson enpòtan an pou nou chak se: aprè kò fizik nou an mouri, eske nou pral viv pou toutan nan syèl la oswa pou toutan nan lanfè?

Potansyèl nou yo ak pwòp orijinalite nou

Pandan ke tout moun posede kalite Bondye yo nou fenk sot di yo, chak nan nou gen potansyèl pou eksprime yo nan fason pa nou. Se paske imaj Bondye a nan nou chak yon fason diferan. Nan fason kreyatif e enfini Bondye fè nou an, pa gen okenn kopi, chak moun fèt ak yon kalite pwop a li menm. Ou gen kapasite pou'w se reflè kapasite espirityèl, emosyonèl, kreyatif ki pap janm fini nan Bondye a, epitou ou gen kapasite pou ou fè bagay sa yo nan mach entim ou ak Bondye.

Apot Pòl di ke nou toujou transfòme nan imaj Bondye avek pawol Bondye a ki sen e ke imaj nou an ap vin nouvo nan tout lajistis ak sentete.

Li te fèw inik e espesyal pou yon rezon

Bondye te kreye ou

Wi ou diferan. Ou diferan de nenpot lòt moun kit e viv. Se te plan Bondye a depi nan komansman an ke tout kreyasyon ki te rete sou latè e ke chak moun ta dwe inik, fò, bel e byen kreye. Ou pat fèt pa chans. Bondye te koud nou nan vant manman nou.

Se poutèt sa ou ka gen kèk aparans fizik yo nan paranw e petèt menm kek nan konpòtman yo, swa'l bon oubyen'l pa bon.

Lè Bondye te fin kreye nou, li kraze moul ki te fè nou an. Pa gen okenn lot moun tankouw. Ou inik. Sa ekri nan labib ke nou te ajil la e Bondye te potye a. Nou te kreye nan men'l pou yon objektif espesyal ke yon lè nap konnen poukisa. Bondye te patisipe nan fomasyon fizik ak sikolojik ou depi nan komansman an, li konnen konbyen jou ou pral viv epi li

konnen tout eksperyans ou pral fè nan laviw. Li gen yon plan pou ou, men ou dwe kwè. Bondye pa ka revele tèt li ba ou ni revele plan li ba ou, sof si ou louvre kè ou epi kite'l antre.

Ou ta dwe kontan paske'w konnen Bondye gen tout eksperyans ou anba kontwol souveren li. Bondye pap janm mete'w nan yon otobis si'l konnen'w pap rive kote'w prale a. Se Bondye kap kondi bis la, li konnen ki kotew prale e li konnen tout bagay kap rive sou wout la. Sa gen ladan tout bon ak move eksperyans ou yo. Nan ekonomi Bondye a, chak eksperyans ou se pou devlopman espirityèl ou.

Ou ka pa santiw tankou yon moun ki byen fèt, men se saw ye a. Gen jou wap santiw boulvèse e menm santiw dezespere, lavi a pa fasil. Men Bondye vle ou konnen konbyen li renmen'w e li te kreye'w janw ye a pou yon rezon.

Bondye konnen tout bagay sou ou

Nou tout kòm lòm konnen nap viv anpil moman difisil: malady, aksidan, lanmò elatriye... Bondye santi doulè ou epi li vle console ou. Ou pa ta dwe santi presyon ki kontrèman ak lot moun paske Bondye kreye'w jan ou ye a e li gen yon misyon espesyal pou ou. Yon misyon ke ou selman ki ka akonpli'l. Kò ou ak lespri'w inik epi ou te fèt pou konplete kado yo te bay lot moun.

Se pa yon kreyati o aza

Pafwa li difisil pou'n konprann poukisa nou diferan de tout lot moun. Lè nou te jèn, li te difisil anpil pou'n konprann e asepte. Nou te vle fè tankou tout lot moun, nou te vle mete menm kalite rad ak zanmi nou

yo, nou te vle soti ansanm, nou te toujou vle yo asepte nou nan antouraj yo, si se pa sa nou tap santi nou pa alèz. Men, santiman sa yo te plante nan tèt nou pa gran twonpè a se pat Bondye. Satan ap travay tout lè pou'l eseye detwi nou nan emosyon nou yo e li konnen ki kote nou gen plis feblès.

Youn nan rezon ki fè orijinalite nou se kreyativite enkwayab Bondye a. Toutotan nap grandi, nou dwe aprann konnen diferans nou yo pa resanblans nou yo. Nou dwe konprann ke lòm fèt inik e differan e ke sa yo se yon benediksyon, se pa yon madichon. Bondye kreye ou jan ou ye a paske li gen yon misyon pou ou e ke se ou menm sèl ki ka akonpli'l. Liv sa a fèt pou edew konprann misyon ou. Misyon ke Bondye sere pou ou a.

Yon bon mezi

Konsidere tèt ou kom yon gran mizisyen kit e gen bon kapasite pou jwe batri. Jwe batri se afè paw. Bondye te wè nan ou yon gwo batè ki tap vin nan mond lan anvan menm out e fèt; e se saw vin ye. Potansyalite inik sa kew genyen few differan de anpil lot moun.

Kounye a, ou wè yon lot moun kap jwe twonpèt e ou panse ak tèt ou. Kotew di ou ta renmen menm jan ak moun sa, ou tap kontan anpil siw te kapab jwe menm jan avel, men se pa mal frèm siw pa ka fè sa. Yon bon twonpetis ta dwe gen lang fen men siw gen gwo lang ou pap janm ka yon bon twonpetis, se pa don sa Bondye ba ou. Ou pa bezwen travay pou'w vin yon gwo twonpetis oubyen yon gwo batè si Bondye pa baw kapasite pou'w fèl. Pèsonn pa kapab fè sa ou fè paske nou differan, men nou tout se yon sèl.

Bondye kreye nou konsa pou yon rezon.

Lè nou konsantre'n sou talan oubyen kado Bondye ba nou, nou devlopel; e blye lot yo, lè sa nou viv san pwoblèm. Nou pa dwe kraze kò nou pou'n viv tankou lòt moun. Nou kapab jwe mizik ki pi bel nan mond lan avek lot yo, paske lap soti nan nanm ou ak lespri nou pou'n chanje e beni. Karaktè inik ou se yon benediksyon ak misyon ke Bondye rezève pou nou. Satan toujou fè nou santi diferans ke nou genyen pa rapò ak lot yo tankou yon feblès oubyen tankou yon grandè. Satan toujou konnen kote nou fèb la pou'l fè nou rayi lot yo. Nou dwe toujou renmen oubyen satisfè don ke Bondye ban nou an. Bondye pa janm ban nou bagay ke nou pa renmen. Bondye se tout sa li ye pou nou. Konte sou Bondye lap ba nou sa kè nou vle a.

Li gen yon plan pou ou

Nou mèt kontan

Lew komanse konprann Bondye te fèw pou yon objektif espesyal e ke volonte li pafè. Ou pral komanse konprann ke kado inik li te ba ou yo vle di ke'w beni. Epi lè'w pwofite de kado Bondye ba ou yo lap fè kè'w kontan. E lèw gen bon dezi yo, lap akonpli yo pou nou. Si nou konsantre nou sou kado Senyè a ban nou yo, nou ka kontante nou epi nou pap anvi sa lot moun genyen. Nou pap bezwen anyen sof Bondye. Se plan Senyè a pou nou chak. Se konsa nou dwe rekonesan pou orijinalite nou. An reyalite, apresye karaktè nou. Pa eseye fè tankou tout moun. Li tap tankou yon mond raz si Bondye te fè tout moun menm jan.

Anyen pa enposib

Eske'w te konnen Bondye te gen yon plan an plas pou ou anvan latè a te fòme? Li te gentan konnen kijan'w ta pral viv. Sa ka rive ke nan plan li gen pou'w konnen anpil moman difisil konnen selman gen yon rezon pou sa e yo fèt pou devlopman espirityèl ou. Gendwa nan moman sa wap viv yon moman difisil.

Mache nan yon wout ki pa bon se tankou yon eksperyans ke Bondye voye'w fè. Li vle ou wè yon bagay, pou'w ka santi yon bagay oswa dekouvri yon bagay, se tankou Bondye ap mete'w a leprèv, li gendwa yon doulè ou santi oubyen yon pèt ou fè. Li fèw santiw bezwen gras li oubyen wap tann yon mirak de li menm. Tout sa yo se pou yon rezon. Bondye te vini e li te viv avek nou pou nou te ka kwè nan li epi mete konfyans nou nan li, lavi nou ak avni nou. Pou'w swiv li fòw gen lafwa e avek yon ti lafwa li pwomèt nou anyen pap enposib pou nou.

Eske'w konnen lew gen relasyon ak moun ki te kreyew la ap few konnen vrè rezon ki few te fèt. Bondye kontan lè nou rekonesan pou sa nou genyen. Lè nou rekonesan pèmèt Bondye itilize nou byen. Lè nou rekonesan de sa nou posede fèn pa gen anvi fè moun wè. Gade yon soulajman, detann ou, jwi epi ou dwe kontan gen yon atitud de rekonesans pou saw genyen. Tout saw bezwen se li.

Sonje, kelkeswa eksperyans ou, ki ta gen ladan soufrans ak dezespwa, Bondye ka sèvi ak li pou byen'w. lè'w gen rekonesans nan Bondye, wap sezi wè tout panse negatif ou (pa egzanp: "poukisa sa rivem?") ap vin yon panse positif (pa egzanp: "Mèsi Senyè, paske ou toujou la pou mwen."). Le ou rekonesan ou atire atansyon ou sou Bondye ak lot moun. Rekonesans ap kalme'w, wap enkyete'w mwens. Ou pral atire lot moun ak sajès ou ki pral fè lavi'w pi konekte e detèmine. Se lè sa a Bondye pral itilize ou epi beni ou poutèt lafwa ou gen nan li.

Moun ki diferan yo

Gen kèk moun ki fèt diferan de lot moun, men Bondye di ke li gen yon objektif nan tout sa li kreye. Koute pasaj sa nan liv Jan sou yon moun ki te fèt avèg :

Jan 9:1-2 : Jezi tap pase yon kote konsa lè'l wè yon nonm kit e avèg depi li te fèt. Disip li yo mande li: Mèt, poukisa nonm sa a te fèt tou avèg en? Se peche pa'l osinon peche papa'l ak manman'l ki lakoz sa?

Bondye anseye ke nonm sa te fèt konsa pou lavi li te ka fè Iwanj Bondye. Se konsa, si gen yon santiman negatif oubyen yon panse negatif sou kijan yon moun te fèt, toujou sonje ke Bondye gen yon rezon ki fèl te kreye yo fason sa a. Rezon Bondye a se pou moun lank a fè Iwanj li.

Nou gen tandans panse a yon moun ki fèt yon sèten fason se yon moun ki pa nòmal. Bondye pa wè sa li menm. Li kreye chak moun yon fason pou yok a itilize orijsinalite li pou sèvi yon lòt moun. Bondye pa vle nou fè kont avèl, oswa nou dezole pou jan yon moun fèt, paske li te kreye chak moun nan yon sèten fason pou yon rezon.

Nou tout se pwopryete presye Bondye

Nan je Bondye , nou tout te kreye jan li vle nou an. Nou tout byen e bel kreye nan chan presye li a. Li gen yon plan pou nou chak. Sa vle di ke gen yon travay espesyal ke Bondye te planifye pou ou e ke ou selman ki ka fèl. Pa gen anyen nan lavi'w ki pral gaspiye. Bondye ap itilize paseo u, kado ou ak tout difikilte out e jwenn pou preparew pou lavni an.

Mande Bondye bon konprann pou'w ka konnen poukisa li kreye ou jan ou ye a e poukisa li metew sou tè sa a. Li gen yon gwo plan pou ou. Ou te kreye pou'w te fè bon zèv.



CHAPIT 3

Mwen te kreye pou'm te viv anpil move eksperyans

Yon nati peche

Eske mwen fèt tou pechè?

Bondye pat kreye moun pou'l te peche. Bondye te kreye lòm san repwòch. Men, Bondye ba nou libète pou nou deside ki se kapasite pou'n pran pwop desizyon nou. Sa vle di nou ka pran desizyon ki jwenn ak prensip Bondye yo oswa nou ka pran desizyon ki pa gen prensip

Bondye yo, ke yo rele tou peche. Apre sa, li ban nou kapasite pou'n chwazi. Sa vle di Bondye ban nou kapasite pou si nou vle konnen li e menm nye li. Men, gwo bagay la , chwa sa a se chwa pa nou.

Ki moun ki pa renmen gen 100% kontwòl sou pwop desizyon li? Se tankou mete yon timoun nan magazen sirèt sanw pa la. Ebyen se sa Bondye te bay chak nan nou, ki se kapasite pou'n pran pwop desizyon nou yo e fè tout sa nou vle. Pou fè bagay yo vin pi mal, li kite mèt magazen sirèt la ki se Satan, anndan magazen an pou konvenk tout timoun ki vini pou yo manje kantite yo vle. Ti inosan ke nou ye epi si nou pa koute avètisman papa nou yo, nou pral kwè nan mèt kay la.

Mèt magazen an kontinye ap tante nou, epitou sirèt la telman bon, kijan li ka fe nou mal la? Manje kantite nou vle, li bon pou ou! Epi pa gen moun ki pral konnen konbyen lajan ou te manje. Se paske nou te chwazi inyore konsèy papa nou an, nou vin malad. Lè sa a, nou reveye nan mitan lannwit la nap plenyen vant fè mal.

Lè Bondye te kreye nou, li te konnen sèl fason li te ka gen yon relasyon avek nou se te ban nou opsyon pou'n tandé'l, sinon li patap yon relasyon. Se konsa Bondye pèmèt nou pran tout desizyon nou yo, menm si sa vle di nou chwazi pa tandé'l.

Peche te antre nan mond lan nan yon sèl moun, kit e Adan e li te pase de jenerasyon an jenerasyon bay chak nan nou. Nou tout eritye nati peche sa a depi nan nesans. Nati peche a se baz la nan panse peche nou yo ak abitid peche nou yo. Peche gen rasin li nan kè nou ki enflianse lespri nou. Chak fwa nou peche, se prensip Bondye yo nou pa respekte pou lavi nou.

Se chwa pa nou

Piske nou tout gen libète pou nou deside , nou ka chwazi viv nan prensip Bondye yo oubyen nou ka chwazi pou nou viv nan prensip pa nou. Peche vle di ofanse yon prensip. Sa vle di lè nou fè peche, nou pa viv nan prensip dwat Bondye te mete pou nou yo.

Kesyon enpòtan nou tout nou bezwen poze tèt nou: eske nou tout se pechè, ki se echèk nan laviw jiska prensip ki dwat Bondye te ofri nou?

Repons lan se wi, e non

Wi nou tout fèt ak nati pechè a, men non, lè nou soti nan vant manman nou potko ka pratike peche. Peche nou yo vin lè nou finn grandi ase pou'n konprann diferans ki genyen ant sa ki byen ak sa ki mal e nou te komanse pran desizyon ak tout konsyans nou ki pa antre nan prensip Bondye.

Nou tout eritye yon nati peche

Li byen fasil pou pwouve ke nou tout eritye nati pechè a. Ann pran egzanp yon timoun. Timoun lan fèt tou egois, e pa't gen pèsonn pou anseye timoun nan egois. Nou tout te egois lè'n te timoun. Li nan ADN nou. Gen yon nati peche se yon kondisyon ke nou tout nou eritye.

Lè timoun nan komanse grandi, lap komanse aprann ke egois la se pa yon bon fason pou'l viv. Timoun nan aprann pafwa nan yon fason difisil ke li ka fwase yon moun si li kontinye ak egois li a. Li aprann ke egois li a lakoz pwoblem. Lap fini pa aprann kontwole desi egois li a e ke pataje se pi bon fason pou'l viv. Sa a se lè karaktè li komanse devlope. Lap komanse pran yon desizyon konsyan sou fason li vle viv.

Toutotan li kontinye ap grandi e kominike ak lot moun lap komanse fè fas ak pi enpòtan chwa li. Kounye a lap gen pou'l pran desizyon ki koresponn ak prensip Bondye yo.

Lè nou komanse granmoun, nou fini pa aprann responsabilite pèsonèl nou yo. Nou aprann pafwa nan yon fason rijid ki ka koz desizyon nou yo konn koute nou yon pri ki trè wo, tankou: yon kontra malady, ale nan prizon, bwè kleren, fè aksidan epi pafwa menm lanmò. Lè nou antre nan laj majè, nou komanse aprann ke desizyon nou yok a gen yon konsekans etènèl.

Se konsa, swa nou pèmèt nati peche nou yo kontwole lavi nou oswa nou kontwole nati peche nou yo pandan nap pran desizyon ki rejwenn prensip Bondye e nou fè konfyans ak plan li gen pou lavi nou. Lè nou swiv Bondye epi nou kwè nan li, karaktè moral nou ap grandi e nap komanse konfòme nou ak prensip dwat Bondye te fikse pou nou yo.

Nou dwe pran responsabilite nou

Kom granmoun, nou ta dwe toujou pran swen chwa nou fè yo. Bòn nouvel la se nou tout ki pou kontwole nati peche ke nou eritye nan Adan an. Nou tout ka chwazi jere desizyon nou yo ak aksyon nou yo nan prensip Bondye.

Eske'w ta renmen soufri si ou pa viv jan prensip Bondye a mande'l la? Ou ka santi ou pap soufri anpil nan desizyon wap pran yo, mpa kwè sa; menm lè repons la kapab wi. Bondye pwomèt nou ke nou pral rekòlte sa nou te simen. Menm si nou pa soufri nan desizyon peche nou yo, nou pral responsab pou soufrans nou te fè lot moun sibi. Lè nou deside pou'n peche nou chwazi pou'n fè sa Bondye pa vle nou fè e se bagay sa ki bay pwoblem, difikilte ak soufrans nan lavi nou e lavi lot moun ki nan antouraj nou.

Bondye ka fè soufrans nou yo tounen yon bon bagay

Wi, Bondye te ka anpeche doulè ak soufrans ou yo. Li se Bondye, sonje sa!!! Men, Bondye pèmèt ou santi doulè ak soufrans ou yo paske li vlew panche sou li. Nou toujou vle pou'n rele Bondye lè nou santi kè sere, chagren oswa dezespwa. Men, pa blyie Bondye ka chanje tout doulè nou yo, soufrans nou yo ak tout santiman defonse kap kraze nou. Se gras ak konfyans nou e kwayans nou ki pral geri nou.

Bondye pat kreye nou avek peche, nou vin eritye peche akoz dezobeyisans. Peche se yon chwa. Bondye rayi peche, e peche nou yo separe nou de pwoteksyon lanmou Bondye a. kelkeswa kalite difikilte nou genyen oswa jan nap soufri sonje Bondye te soufri tou lè li te vin viv nan mitan nou. Soufrans li te telman grav, li te menm rive mouri nan soufrans li yo sou yon moso bwa, sou tèt yon ti mòn avek yon pakèt klou pèse men'l ak pye'l. Li te fè tout eksperyans say o pou'l te kapab detwi min peche a e sove nou.

Jezi te ka sispann soufrans li ak lanmò li, li pat fèl paske'l te dwe mouri pou mwen ak ou. Tout sa yo te fè pati nan plan'l ki te gentan anonse nan Ansyen Testaman an. Li te konnen peche tap dirije mond lan e li te konnen pa gen okenn lot fason pou'l te delivre nou anba peche nou yo. Li te konnen li tap vin sou latè epi mouri pou nou. Si Bondye pat konnen ke Adan te peche e youn nan pi wo zanj li yo Lisifè (sètadi Satan) te yon rebel, se lè sa li tap fè yon erè. Men, Bondye pap fè erè. Li te konnen nou ta pral aji tankou timoun nan yon magazen sirèt e ak mèt kay la nan sirèt la tap fasil twonpe nou nan panse ke anpil nan sirèt yo tap bon pou nou.

Se konsa, Bondye te gentan abitye ak soufrans ou yo, li te soufri tou e li te mouri pou ou. Si ou kwè nan li eben desten etènèl ou ap vin pi mal.

Wi, li te la

Se konsa, ou toujou poze tèt ou kesyon sa a: ki kote Bondye te ye lè move bagay sa tap rive nan lavim? Repons lan se "li te la". Li te santi tout doulè out e santi yo e li te rayi sa ki te pase a. Men, sa pral pèmèt li akonpli yon bagay ki pi serye oswa yon pi gwo kado lap few ki pral yon rekonpans etènèl pou konfyans li. Yon jou tout bagay gen pou fini. Pap gen soufrans ankor.

Menm jan yon paran ki gen lanmou ka bezwen ke pitit li soufri akoz yon move desizyon. Bondye dwe pèmèt nou soufri tou konsekans move desizyon nou yo.

Malerezman, sa gen ladan soufrans nan konsekans yo nan sa lot moun fè tou. Nou patap konprann leson Bondye tap anseye nou nan moman sa a, men konsekans douloure nou genyen yo pral mennen nou nan yon evènman ki pral chanje lavi nou. E nan ekonomi Bondye a, chanjman lavi yo bon espesyalman sa yo ki te kreye nan doulè. Bondye vle nou chanje pou'l ka itilize nou. Li vle nou transfòme an renouvre lespri nou.

Sa vle di ke Bondye pèmèt nou fe eksperyans ak pwoblem e ak difikilte nan lavi nou, pou nou ka pi pre li. Li bezwen nou transfòme nan fason'l panse pou'l ka sèvi ak nou e beni nou. Lè nou komanse konprann volonte li pou lavi nou, se lè sa a nou ka komanse konprann poukisa nou te fèt e ki objektif nou.

Mwen kapab jwenn difikilte paske mwen twonpe

Anndan jaden an

Kreyasyon pafè Bondye a, Adan ak Ev, te vin peche lè yo te chwazi dezobeyi komandman Bondye yo nan jaden edenn lan. Yo te chwazi manje nan pyebwa konesans sa ki byen ak sa ki mal la, malgre Bondye te di yo pa fè sa. Men se pat selman Adan ak Ev ki te nan jaden an,

Satan te la tou. Objektif #1 Satan an se gate nou, fè nou mal, detwi lavi nou epi fè nou refize Bondye. Li vle fè nou mal paske li rayi lòm e paske nou fèt ak imaj Bondye. Desepsyon ak manti se zouti ke Satan itilize. Tout moun ki te twonpe de yon bagay konnen kijan sa ka fèt byen fasil menmsi wap veye'l.

Satan telman gen riz, manti li yo sanble ak verite a. Se konsa, nou koute li epi nou kwè li, menm si nou kontinye fè tèt nou mal. Satan te koz peche sa ki te fèt nan jaden edenn lan epi li kontinye ap fòse nou nan manti ak desepsyon nan mond nou an jodia.

Nan jaden an, Satan konvenk Adan ak Ev ke yo pap mouri si yo manje fwi ki nan pyebwa ki fè moun konnen sa ki byen an ak sa ki mal la. Lè Adan ak Ev te vire do bay verite Bondye a lè yo te manje fwi a, se lè sa inosans pa y oak pa nou te pèdi. E se lè sa soufrans te antre nan mond lan tou. Limanite te chwazi pa obeyi Bondye jou sa a e anpil nan ras imen an kontinye dezobeyi ak rejte Bondye jodia.

Bondye te ka repare tout soufrans nan mond lan nan yon segonn, men li te kite nou ak chwa nou. Li te ban nou libète pou nou deside. Si Bondye ranje tout pwobleman nan mond lan, ke nou menm nou kreye, lè sa a, libète li te ban nou an patap gen sans e patap gen responsabilite pou move chwa nou yo. Se pou nou tout aprann konnen vwa Bondye tankou yon mouton ki konnen vwa mèt li. Se pou nou toujou saj lè'n tande vwa Senyè a pou'n ka swiv li.

Sèl pouvwa Satan genyen

Satan pa gen okenn pouvwa reyèl sou youn nan nou, selman twonpe nou, li pa ka fè nou mal premyèman nan kò fizik nou men lap pale nan zorèy nou pou'l ka pran tout panse nou. Li telman konn sa lap fè a nou

pap menm reyalize ke tantasyon'l yo baze sou feblès imen ak dezi imen. Li konnen ki kote nou pi fèb la.

Lè sa a, nou obeyi li, nou pran nan pyèj li a. Se lè sa a nap vin reyalize ke nou twonpe. Si nou kite move panse ak pasyon dezi lachè nou yo kontwole nou, nap kontinye eritye konsekans pwoblem nou yo; kise: blesi, doulè, soufrans, relasyon kraze ak plis ankò. Anpil pwoblem nou genyen yo se nan pa tande vwa Bondye ak anseyman li yo. Nou inyore limyè avètisman Bondye yo epi mennen tèt nou nan twou Satan mete pou nou yo.

Men, pa blyie se lòm nou ye e nap toujou fè erè. Kelkeswa jan nou konsyan de tout sa Satan ap fè, nap toujou jwenn pèt, solitid, dezespwa, chagren ak anpil lot difikilte toutotan nap viv.

Bòn nouvel la se pandan Bondye di nou ke li ka sèvi ak nenpòt eksperyans ke Satan kreye epi li ka kreye yon bon bagay pou nou tou si nou swiv li. Sa a ta dwe baw yon gwo espwa pou tout saw sibi.

Sa telman enpotan ke nou pral repete li: Bondye ka itilize tout move eksperyans ke Satan kreye met nan laviw e li transfòme li an bon bagay, si ou swiv li.

A la yon bel pwomès sa a.

Soufrans nou se mwayen nou montre lafwa nou

Sa vle di ke gen yon mirak nan soufrans nou yo. Souverènte Bondye a ak plan li gen pou nou yo pral sèvi ak difikilte e soufrans nou yo pou ede nou mete plis lafwa nou nan li. Eprèv ak soufrans nou yo se mwayen ki montre lafwa nou. Se konsa, difikilte nou yo ak soufrans nou yo se mwayen pa Bondye pou'l fè nou gen matirite, pou'l ban nou fòs e prepare nou tankou kreyasyon li ka itilize. Sa ki pral fè nou kapab reziste

kont anpil plan Satan. Menm tantasyon yo ak eprèv ke Satan te mete pou'l te detwi nou yo, Bondye pral itilize yo pou delivrans ou ak devlopman espirityèl ou.

Kek demand tantasyon Satan pase nan men Jezi anvan

Eske'w te konnen Bondye pèmèt Satan ak sèvitè'l yo tante ou? Bondye te ka anpeche Satan tante'w si'l te vle (li se Bondye, ou sonje). Men, pèmèt Satan tante'w la se yon pati nan gwo plan Bondye a pou'l bati konfyans ou nan li. Bondye ap teste'w li pap janm tante'w. Nou tante lè'n kite pwop dezi nou trennen nou. Jezi anseye nou ke peche komanse avek nou. Nou pa dwe janm blyie ke Bondye gen kontwol total sou Satan.

Bib la anseye nou ke tout demand Satan yo pase nan men Jezi anvan e Jezi dwe di "Wi". Li pwomet nou ke li pap janm pèmèt Satan tante ou nan yon fason ki depase kapasite'w. Pandan dènye soupe a, lè Jezi te di disip li yo ki kote li prale (lel ta pral klosure sou kwa a). Jezi te di Pyè ke Satan te mande'l pou'l vannen Pyè tankou ble. Lew antre nan sityasyon sa a vle di ke Satan te mande yon eprèv pou'l teste Pyè. Sa vle di ke kèk e petèt tout nan demand Satan yo pou'l tante'w yo pase nan men Jezi anvan. Se pa sa ki etonan? Rezon ki fè Jezi pèmèt sa rive, se pou'l wè siw ka reziste anba tantasyon pou'w montre lafwa ou nan li.

Kom sa rive, Jezi ap toujou priye pou lafwa ou pa febli, menm jan Jezi te di Pyè ke li te priye pou lafwa'l pat febli a. Se konsa, pandan ke nou pa sèten ke Satan ap mande Jezi pou tante nou, nou ta dwe konnen ke Satan vle atake'n e vannen nou tankou ble. Sa vle di ke nou te ka teste pa anpil eprèv pou detèmine si lafwa nou otantik.

Eske pafwa ou santi ke Satan ap pale avek ou? Petet Jezi te pèmèt Satan frape'w tankou ble. Eske lafwa'w fò ase pou'w siviv yon tès konsa?

Nou ta dwe konsidere pi bon lajwa li lè nap fè fas ak eprèv yo

Nou tout twouve li difisil pou nou fè kè nou kontan lèn gen yon pwoblem, men Bondye di nou pou nou konsidere sa kòm yon kè kontan chak fwa nap fè fas ak eprèv, paske eprèv yo pral teste lafwa nou, eprev lafwa nou an pral devlope peseverans e peseverans sa a dwe fini travay li a pou'n ka pafe epi konple.

Men, fe atansyon, se lew mete konfyans ou nan Jezi ke Satan pral testew e ou pral jwenn pwoblem. Le konsa ou prepare tet ou. Kimoun ou panse Satan vle teste? Eske'w panse Satan vle tante moun ki pa kwè nan Bondye epi ki pa mete konfyans yo nan Jezi? Epavre, li gen moun sa yo deja. Satan vle teste e atake moun ki met konfyans yon nan Jezi; Satan gen kont tan'l pou li jwenn moun ki pa nan Bondye yo.

Aprantisaj enpòtan

Nou ta dwe kontan e rejwi lè nou teste. Jezi kapab pèmèt Satan tape nou pou'l ka teste lafwa nou. Chak fwa nou travèse eprèv sa a avek lafwa, nou gen viktwa. Senp desizyon nou nan lafwa Bondye ap ban nou plis konfyans

Preparew e metew tou pre Bondye pou eprèv pa difisil pou ou. Lèw aprann mete konfyans nan Bondye, Satan pap ka twonpew e wap toujou reziste devan dyab la e lap kouri kite'w.

Satan renmen atake moun ki devan gwoup yo ak enstitisyon yo, tankou: chef fanmi an, pastè legliz yo ak dirijan gwoup yo. Satan konnen si li twonpe chef yo tout lot manm yo ap gaye. Le sa a limenm ki se lou-devoran an lap kapab antre pou'l detwi. Se enpotan pou'n priye pou dirijan yo.

Riz Satan an-Fyète

Ou ta dwe toujou ap veye lè bagay yo ap mache byen pou ou. Le bagay yo ap mache byen pou ou Satan pral eseye konvenk ou kew pa bezwen Bondye. Ou ka reyisi ak fanmi ou, nan travay ou, finans ou, zanmiw yo e pandan moman sa yo Satan ap fè tout sa li kapab pou'l few santiw fyè. Li pral eseye konvenk ou kew pa bezwen Bondye.

Kounye a, lè bagay yo pap mache byen. Satan pral few konprann ke Bondye abandonew nan moman difisil yo. Li pral eseye konvenk ou ke Bondye pa ka geriw paske moun kap sèvi Bondye pa ta dwe ap soufri. Satan se yon mèt nan jwe ak lespri moun e nan enfliyanse fason nou panse. Li konnen kijan pou'l itilize emosyon imen nou yo kont nou. Satan ap sèvi ak nenpòt soufrans e dout nou genyen pou'l elwanye nou de Bondye, men sa a se tout yon desepsyon. Nou dwe toujou teste panse nou y oak lespri nou. Nou dwe vin saj pou anpil trik Satan yo.

Liks ak anvi sa lot moun genyen

Youn nan pi gwo feblès nou yo e youn nan pi gwo siksè Satan an se lè Satan konvenk nou ke ta dwe gen plis bagay pou'n kontan. Lap diw nan zorèy ou ke lot moun gen anpil bagay e ke ou menm ou pa gen anyen. Satan ap toujou eseye fè'n santi nou mizerab ak sa'n genyen yo. E akoz de feblès imen nou, nou koute'l nou kapab vin kwè nan manti a. Men, pa twonpe nou. Gen plis bagay pa ka fe bonè nou. Eseye mande moun ki te genyen lotri a, anpil te vin mizerab. Le nap peche nou plis gen tandans konble kè nou ak plis bagay. Sa nou bezwen fè se ranpli kè nou ak Bondye, paske lè nou ranpli kè nou ak Bondye, li pral ranpli kè nou ak bone.

Kado Bondye a ap tann ou, tout saw gen pouw fe se aksepte'l. lap frape pot kew. Ou selman bezwen louvre kew epi kitel antre. Le ou fe sa, li pral komanse revele plan enkwayab li genyen pou ou a.

Renouve lespri nou

Bondye di nou lap ede nou transfòme, sa vle di lap ede nou konprann volonte li pou lavi nou. Transfòme lespri nou se plan li gen pou nou an. Lè nou chwazi transfòmasyon sa a nou vle dil nou asepte pou'n swiv li kote nou pap bite. Apre anpil pwoblem nap kwaze nan vye wout yo, nap fini pa konprann ke vrè bone a ak vrè jwa a se sèl Bondye ki ka ba ou li. Bondye ap beniw siw swiv li.

Map jwenn anpil anpil difikilte paske mwen ap viv nan yon mond tet anba

Sa pa ta dwe janm konsa

Nan mond nap viv la finn kraze, li pat janm dwe konsa. Mond lan chaje ak: enjistis, malady, kè sere, mizè, vvolans, soufrans, lanmò, relasyon ki kraze, mesaj latroublay ki few konnen Bondye pa egziste e ou vin ap viv soup wop tet ou. Ann gade, slogan viv pou tet nou an li toupatou: nan jounal, nan piblise, nan televizyon, sou entènèt la ak anpil lot kote. Tout pawol sa yo ke nap tande a chita sou yon sel ide, nou bezwen viv byen, se sa ki bon pou nou, nou dwe chache anpil popilarite, tout moun renmen sa, plis anko, viv byen epi mouri, se sa ki lavi a.

Lakoz dezobeyisans Adan ak Ev te komèt, fenwa te antre nan ras imen an. Peche ke nou tout nou eritye nan fenwa sa a anvayi lavi nou e li afekte relasyon nou yo. Fenwa sa a ki te komanse nan jaden an ap eseye trennen nou nan yon lavi mizè. Fènwa sa a, maladi sa a, sepan mechan sa a, peche sa a gen pou objektif detwi lom.

Nap viv nan yon mond kote tout moun se tet yo yo we, tout moun viv jan yo vle, nan fason ki bon pou yo. Ann gade teyori Maslow a sou prensip otorite oubyen komandman. Degre komandman an li rele oto-aktyalizasyon, sa vle di: rejte tout otorite e we tet ou selman. Chak fwa wap aplike teyori sa eskew we yon bagay sou Bondye oubyen sou yon bi? Non. Sa se ranpli pwop bezwenw pouw reyalizel touswit. Oto-reyalizasyon (lew se met tet ou) wap toujou opoze ak plan ke Bondye gen pou ou se poutet sa mond lan divize. Anpil moun santi yo bouke avek teyori Maslow a kote ke yo ta renmen soti anba esklavaj oto-aktyalizasyon an ki se we tet ou selman ak viv selman pou tet ou. Se pa yon kesyon de mwen ni de ou menmm, se yon kesyon de Bondye ki kreye nou ak imaj li e resanblans li ki gen dwa sou nou e ki kreye tout bagay pou nou viv ansanm e kote nou dwe adore li sel kom met nou. Nou dwe asepte don li.

Li kite nou nan erè nou

Adan ak Ev te pran desizyon pou yo te koute Satan ke vwa Bondye nan jaden an. Bondye te di: "kom ou pansew konnen pi byen pasem, ou oze tante. Ann we si wout ou pran an pi bon ke pam lan."

Lap rete konsa jiskaske Bondye chase Satan epi retabli te a jan li ted we ye a. inosan e Sen.

Men, Bondye te konnen tout sak pral rive. Kom yon pati nan gwo plan li yo, li fè nou konnen tet nou pou anpil, anpil ane ke nou pat ka fe san li. Tankou yon bon paran, Bondye te kite nou fe pwop ere pa nou. Li kite nou nan ere pou jis le Satan pedi tout pouvwal, nap gen pou nou viv nan yon mond ki plen difikilte ak enjistis, krim ak vyolans, lanmo ak

soufrans, lage san sans ak asasina, moun kap mouri tou jèn ak tout lot bagay terib ou ka panse.

Men, gen bon nouvel nan tout bagay sa yo. Nou gen kapasite pou soulaje doule sa, soufrans ki nan lavi nou, si nou viv jan Bondye te anseye nou pou nou viv la. Anpil moun panse ke viv dapre prensip Bondye yo difisil oswa lou. Swiv chimen li an se yon devouman ak yon angajman kap mete nan kè nou yon novo lespri Bondye. Yon fwa ou dedye tet ou nan viv chimen Bondye a. Sentespri Bondye a ap gidew nan desizyon ou yo e lespri ap sipote'w nan febles ou y oak soufrans ou yo. Sa a vreman enpotan paske mond lan nap viv la pap janm chanje toutotan Satan gen kontwol li.

Nou dwe toujou raple nou ke mond lan genyen yon pakèt twou ak manti ki vle plonje nou nan peche. Nou bezwen yon lespri espesyal ki pral ede nou idantifye e reziste ak atak sa yo, menm jan lenmi an toujou ap chache mwayen pou detwi nou. Satan reyèl, pa panse paskew pa ka wel la se egziste li pa egziste.

Poukisa Bondye pèmèt doulè ak soufrans nan mond lan?

Moun ki pa kwe ke Bondye egziste yo ta sipoze pa kwe ke Satan egziste tou. Ou pa ka gen youn san lot. Gade sa ki mal nan mond nou an. Li tout kote. Ki kote ou panse sa ki mal soti? Ou selman bezwen louvre jew pou'w we kimoun kap kontwole mond lan ak kimoun ki lakoz tout soufrans sa yo nan mond lan.

Men, sa soulve yon kesyon enpotan ki se: poukisa Bondye pèmèt tout soufrans sa yo sil gen kontwol sou Satan? Poukisa Bondye pa kite Satan? Eske li posib pou Bondye pa gen fos pou'l konbat fos kap detwi moun Satan genyen an?

Repons lan senp, men se yon repons kap difisil pou'w fe fas. Men repons lan: se paske gwo soufrans nou yo ki nan mond lan plen ak peche ki few ka konsidere pouvwa Bondye a pi kle. Se a koz echeck nou y oak anpil lot difikilte e nou pa gen kapasite pou'n rezoud pwoblem ki nan mond lan ki pwouve'w ke gen yon Bondye e nou gen bezwen'l. Bondye konnen e li ap tan. Lap tan pou tout moun tande istwa li y oak bon nouvel li yo. Li te di nou ke bon nouvel li a dwe preche nan tout kwen byen lwen nan mond lan anvan li jije Satan. Men, pandan nap tann, nou pa dwe dekouraje oubyen pran tan. Nan lannwit lan, anvan Jezi te mouri, li te di disip li yo:" Nou pral jwenn anpil pwoblem nan mond lan, men pa dekouraje! Mwen te jije mond lan."

Ann wè soufrans lan yon lòt jan

Pandan wap tan, akoz sa Bondye te di nou nan bib la e sa ou fek aprann nan liv sa a, ou dwe konprann kounye a soufrans ou yo yon lot fason diferan:

- Li pral pasew nan moulen li e lap few pi fo
- Li pral pèmèt ou konsole e ede lot moun kap soufri
- Li pral pèmèt ou fe yon pi gwo eksperyans ak Bondye
- Soufrans ou yo pral seviw pou'w gen plis matirite ak lafwa nan Bondye.

Mwen kapab jwenn anpil difikilte nan disiplin Bondye a

Eske Bondye chatye moun pou sa yo fè?

Le nou tande mo disiplin lan, premye bagay ki vin nan tet nou se pinisyon. Men gen gwo diferans ant disiplin e pinisyon. Ann gade koman diksyonè Webster defini yo :

1) Pinisyon

- Se yon sanksyon oswa sanksyon pou yon krim ou te fet
- Pwosesis enfomel anvan koreksyon

2) Disiplin

- Fomasyon oswa kondisyon yo enpozew pou'w amelyore pouvwa fizik ou
- Ako avek regleman e otorite
- Yon sistem reg pou konpotman
- Yon branch nan aprantisaj oswa enstriksyon

Kounye a, kisa yon paran ki renmen ptit li tap chwazi, pinisyon oswa disiplin? Yon paran ki renmen ptit li ap toujou chwazi disiplin, paske disiplin gen fomasyon kap asosye avel. Disiplin gen lanmou ki asosye avel tou. Si nou pa renmen yon moun, poukisa nou tap chwazi discipline'l? Nou patap janm fe bagay konsa. Nou chwazi bay ptit nou disiplin paske sousye de yo, nou vle yo grandi nan renmen, pou yo pran swen moun. Nou vle yo aprann vin endepandan pandan yap obeyi otorite yo. Nou vle yo konnen ke nou disipline yo paske nou renmen yo. Eske yo te konprann yo? Non, poukisaw panse sa a?

Malerezman pandan timoun nou yo ap grandi, rebelyon pran fos. Yon moun ki rebel, se yon moun ki pa koute otorite Bondye a. E sa se yon peche. Se konsa, le ptit nou yo pa tande nou se yon peche tou.

Li pa diferan le nou pa tande Bondye. Le nou pa koute Bondye, nou pa viv nan prensip li yo se yon peche li ye.

Lew ap discipline timoun yo, li pi bon lè nou fome yo sous a yo fe ki mal, ou di yo poukisa li mal ak sa ki ka rive si yo kontinye ak konpotman sa a. Pinisyon an trè diferan de disiplin lan, paske pinisyon an reyèl, pa gen okenn fomasyon oswa lanmou ki asosye

avel. Ou te komèt yon krim, ou pral nan prizon. Pa gen lanmou la. Men si pafwa nou di nou pini timoun yo sa vle di nou bay yo disiplin paske nou renmen yo.

Nou ta dwe santi nou beni lè nou fòme anba disiplin Bondye a

Eske Bondye pa vle disipline ptit li yo, ou menm ak mwen? Repons lan se WI. Pou menm rezon nou sot pale a, Bondye te ka disipline nou si nou pa viv nan prensip li yo. Le nou pa tande Bondye, nou revolte kont otorite li. Nou peche.

Bondye pa konn pini moun. Bondye pa janm pini ni mwen ni ou pou sa nou fe, paske Bondye ban nou libete pou'n deside. Bondye selman kite nou soufri konsekans move desizyon nou yo, se yon lesion ki mal pou aprann men le nou pa viv nan prensip li yo, li pap ka la pou pwoteje nou. Li pèmèt nou rekolte sa nou te simen. Men le nou chwazi viv nan prensip li yo nap rekolte yon rekompans ki byen asire.

Nan Ansyen ak Nouvo Testaman an, Bondye revele tet likom sila a kap bay ptit li yo disiplin. Bondye fe nou konnen disiplin li an sanble ak fason nou disipline pwop ptit nou yo. Ebyen men lesion nou dwe aprann lan: nou ta dwe santi nou beni le Bondye ban nou disiplin, sa vle di ke li renmen nou. Si'l pat renmen nou, li patap disipline nou. Reflechi sou sa pou yon moman: si Bondye pat rele'w ptit li, li patap menm vle disipline'w.

Si wap viv yon moman difisil kounye a, se paske Bondye ap met disiplin nan laviw, pa fe tankou'w pa tande. Nenpot bon paran tap fel. Yon bon paran ap vle gide e dirije ptit li. Bondye vle gide e dirije ptit li yo tou. Li konnen ke renmen ptit li yo vle di disipline yo. Li vle

jwenn atansyon nou yo. Se konsa, si ou fe fas ak kek nan disiplin Bondye yo wap konprann li pi byen.

Li pa fasil pou'w discipline yon moun. Li pa toujou sanble lanmou le nou discipline ptit nou yo. Men nan lespri Bondye, discipline nou se yon ekspresyon lanmou li ye. Bondye discipline tout moun, menm siw pa kwe kew dwe discipline. Bondye we li yon lot jan.

Men nou dwe konnen gen yon gwo diferans ant fason nou discipline ptit nou y oak fason Bondye discipline nou. Nou toujou di timoun yo poukisa nou discipline yo. Disiplin Bondye a pa kle konsa, nou pa janm konnen poukisa nap travese moman difisil yo e si se Bondye ki rezon an. Li te ka jis yon lot evenman kew pa ka eksplike ki rive paske nou ap viv nan yon mond tet anba, konsa pingaw panse tout bagay ki rive'w se Bondye kap met disiplin. Gendwa se Satan kap kreye dezod nan viw.

Pa konsidere eprev ou yo tankou yon chay ki lou men pito tankou yon egzesis espirityel

Pigaw dekoraje le lap baw disiplin, depiw gen espwa nan Senye a li ap renouve fos ou. Pa fe bak le wap mache ak Bondye. Disiplin li an pap janm depase sa ki nesese, li pap janm two di ni two feb. disiplin li pap janm yon chay pou ou men yon lesson pou pwoblem ou yo. Li la pou'l ran ou pi fo e lap pemet ou reziste anba tantasyon yo ke Satan voye sou ou.

Pou nou ka fe fas ak soufrans ki nan lajwa ki anndan nou an, nou dwe kontinye chache konprann objektif Bondye pou soufrans nou yo. Ou te kreye pou y on objektif e se yon benediksyon. Pa gade pwoblem ou yo ak soufrans ou yo tankou yon chay men pito tankou yon

egzesis espirityel. Fe egzesis ak lafwa nou pou'n ka vin pi pre Bondye. Lew komanse fe egzesis ak lafwa ou, ou pral komanse bati yon ko espirityel ou vin pi fo, se plis wap ka apresye sa Bondye fe nan lavi'w menm siw ap soufri nan disiplin li yo.

Ki prensip Bondye?

Pa kite opinyon zanmi'w yo enfliyanse desizyon ou yo

Lew gen dout, toujou swiv gid la ke yo rele bib la. Paske nan manyel enstriksyon Bondye a, li di: Gen yon wout ki laj ak yon wout ki jis, sa ki laj la li mennen nou nan pedisyon, sa ki jis la, li ban nou lavi e se kek moun ki jwenn li.

Se konsa, men yon kesyon enpotan: "nan ki pot ou vle antre menm? Repons ou a kesyon enpotan sa a gen yon konsekans etènèl. Si ou fe yon ere sou kesyon sa wap ka gen yon doule pou tout letenite. Lap pi bon siw pran yon ti tan pou'w chache konnen ki desizyon wap pran. Epi pa panse ke siw pa pran yon desizyon se ap yon chwa ki bon. Se pa vre. Pa pran yon desizyon se yon desizyon. Mwen swetew li chapit 5 lan pou'w we sa sa vle di.

Kom ou konsidere desizyon ou yo, li enpotan pou'w pa kite opinyon zanmi'w yo enfliyanse desizyon'w yo. Kisa'w pral bezwen konprann, seke Satan pa vle pou'w kwe gen yon prensip diven pou'w mennen yon vi ki pwop. Paske objektif Satan se pou'l kenbew nan inyorans Bondye a ak pouvwa li.

Gen yon lot mo "inyoran". Si ou blyie sa sa vle di inyore(oswa inyorans) tounen nan chapit 1 an epi li definisyon an anko. Li se yon definisyon katastwof; definisyon an kondane nou. Nou pa konnen si nou manke konesans ak fomasyon nan bib la oswa si nou rete san

konsekans ak san konsyans ak tout sa bib la di. Nan ka sa a, pa gen moun sou tè a ki gen eskiz. Ou ka chwazi kew pa konprann kijan yon fle grandi oswa kijan yo kwit manje. Men, ou pa ta dwe ret endiferan e san konprann nan sa Bondye kreye sou tè a. Bib la se pawol li.

Sonje byen, Satan renmen lew ap viv nan inyorans Bondye ak pouvwa li. Satan ap travay san kanpe sou tout moun, ni zanmiw yo. Pa koute zanmi ki renmen baw konsey sou zafew, eksepte si konsey sa yo a soti nan labib. Bib la se laverite. Prensip Bondye yo fet pou sove'w pandan ke pa Satan yo ap pouse'w lwen Bondye. Satan ka itilize zanmiw yo pou baw konsey, se ou ki pou veye tet ou.

Satan ap toujou plen'w ak dout sou sa kap rivew nan moman sa a, egzanp: poukisa mwen oblige pran yon desizyon kounye a? map gentan. Mwen ka santim diferan demen. "sa a se youn nan pi gwo riz Satan yo". Fe nou gen dout. Pa kite Satan genyen. Pa gen okenn dout ke ou se yon kreyasyon espesyal, ki te kreye pa yon Bondye souverene ke Bondye gen yon plan meveye pou ou. Men, ou gen pou'w louvri kew epiw kitel antre. Pa kite ògèy femen pot ke'w. pa kite Satan genyen jwet la nan dout.

Pawol Bondye yo baze sou verite'l. Nou dwe jwenn repons a kesyon ki pi enpotan nan lavi a nan manyel enstriksyon li yo, ki se bib la. Tout moun ki tande pawol li e ki mete'l an pratik se tankou yon saj ki bati kay li sou yon woch.

Eske wap viv viw avek yon gid?

Men yon lot kesyon enpotan ou bezwen poze tet ou epi reponn li:
"Eske'w kwe bib la se pawol Bondye a? repons ou pou kesyon
enpotan sa a pral determine kijan ou pral we bib la e lap detemine

tou si ou fe konfyans ak bib la, ki se pawol Bondye ak otorite nan domen lafwa, bousol pou laviw ak manyel enstriksyon an.

Si ou kwe bib la se pawol Bondye a, ou pral vle etidye li e mete konfyans ou nan li epi obeyi li. Si ou chwazi kwe ke bib la pa pawol Bondye a tou, lavi ou ka pase anba pye pandan yap kritikew e ke se sa Satan vle. Le ou pa kw eke bib la se verite a sa pemet Satan pousew lwen beje a ki se Bondye. Sak pi mal la, ou pral viv yon vi san rezon. Pawol Bondye a ak volonte'l pou lavi ou ka yon rezon pou ou vin pi pre Bondye.

Pitit Bondye a, Jezi pat di bib la gen pawol Bondye. Jezi te di bib la se pawol Bondye. Epi apot Pol te aveti nou pou nou pat ale pi lwen ke sa ki ekri a. si ou kwe nan sa a, bib la dwe prensip kote wap viv lavi ou e ou pa dwe janm mete oswa depase sa ki ekri a.

Sa vle di si yon zanmi ap tante'w pou'l few konnen, ke li kapab fe yon bagay nan bib la avek: si, pafwa, oubyen sa posib sou kek peche oubyen sa Bondye pa vle; li tap pi bon pou'w separe'w ak zanmi sa a.

Bib la jan li ekri jodia, se yon otoritr final sou tout kwayans moral nou yo sou sa ki sa, ni sak pa sa, peche a se fason nou ta dwe mennen yon vi ki pwop.

Mete tout bagay nan sikonstans yo

Gen anpil prèv ki montre ke bib la se pawol Bondye a. Youn nan prèv yo se inite li. Menm si li te konpoze de swasant-sis(66) liv apa ki ekri sou yon peryod plis pase 1500 zan nan twa(3) lang diferan e ekri pa plis ke 40 ote ki soti nan yon zon diferan. Bib la rete sel liv ki fe yon sel depi nan komansman an rive nan fen an. Men, nan nenpot liv, oud we mete premye chapit la e denye chapit la a chak chapit nan

mitan yo de(2) a nan konteks li. Ou pa ka pran yon vese oswa yon sel pasaj nan swasant-sis(66) liv sa yo epi pou'w dil se repons lan. Verite a ap soti nan konteks ekriti a ak tout sa ki ekri nan bib la.

Youn nan fason ki fasil pou yon moun kontredi verite ki nan bib la oswa kontredi sa bib la di sou yon sije se chwazi yon vese oubyen yon pasaj ki nan bib la epi di:"Men sa bib la di sou sije sa a." Mete yon vese oswa yon pasaj nan bib la nan konteks res bib la se esansyel pou konprann sa Bondye di sou sije sa a. Bib la se yon liv konplike kew paka konprann konsa konsa.

Anplis de sa, anpil moun di ke gen kontradiksyon ant Ansyen Testaman an ak Nouvo Testaman an. Bagay la se paske li fasil pou'w louvri bib la pou'w li yon pasaj epi pou'w di: "Sa pa dwe aplike", oswa pou'w di: vese sa kontredi sa ki di nan Ansyen Testaman an. Se poutet sa nou dwe li tout bib la pou'w byen konprann konteks Bondye vle anseye'w la. Pafwa yon pasaj gendwa paret ansyen nan Ansyen Testaman an e li vin paret kle nan Nouvo Testaman an. Ou dwe li bib la net pou konnen mesaj konple ak sans sa yap anseye'w la.

Li enpotan pou'n konprann ke Nouvo Testaman an pa koz Ansyen Testaman an vin pa ka sevi. Nouvo Testaman an ranpli sa kite di nan Ansyen Testaman an. Ou dwe li Ansyen Testaman an ak tout sa yo di anndan'l yo,apre wap li Nouvo Testaman an ak tout sa yo di anndan'l yo, pou'w ka jwenn tout verite ki egzak sou tout sije. Pa fe ere pou'w pran anseyman Bondye a ki nan Ansyen Testaman an e pou'w kwe ke se verite konple a. li kapab pa fin sa. Li Nouvo Testaman an pou'w we si Bondye pa fin pale, anseyman li ak verite li sou sije a.

Mesaj pwofet yo vin reyel

Lot fason ou ka we verite ki nan bib la se gade pwofesi ki ladan'l yo, espesyalman nan Ansyen Testaman an. Gen anpil pwofesi detaye konsenan avni nasyon yo, avni vil yo, sa nou ta dwe tan kom kalamite ak katastwof e avni limanite. Genyen yon paket lot pwofesi nan Ansyen Testaman an ki te akonpli nan Nouvo Testaman an tankou sila(Jezi/Mesi) ki tap vin viv nan mitan nou epi ki tap vin sove nou an. Tout pwofesi sa yo te rive jan Bondye te di'l pa pwofet li yo e gen plis anko.

Si ou konte yo tout, gen plis pase 300 pwofesi nan Ansyen Testaman an sou Jezi. Anpil moun panse se nan Nouvo Testaman an selman yo pale de Jezi. Men, Ansyen Testaman an souvan pale de li. Ansyen Testaman an te prevwa vil kote Jezi tap fet la, li te prevwa nan ki fanmi lap ye. Ansyen Testaman an te anonse kijan Jezi tap antre nan vil Jerizalem nan denye jou li yo. (pa egzanp: sou yon bourik). Ansyen Testaman an prevwa kijan li tap mouri e li sevi ak jan yo te bat li a ki pat menm ko envante(sa vle di: klosure sou kwa). E Ansyen Testaman an te anonse lap resisite apre 3 jou. Tout sa yo te anonse nou anpil detay, yon paket ane anvan'l te fet toutbon.

Ansyen Testaman an presize tou ke lanmo Jezi sou kwa a ta dwe yon novo kontra ki ta pral sove nou anba peche nou yo. Pa pwofet li yo, li te di yon paket moun ke li ap vin sou late, lap vin viv nan mitan nou, lap mouri pou nou e lap genyen batay la sou lanmo. Epi se egzakteman sa a ki te pase.

Pa gen okenn fason yo ka eksplike tout pwofesi ki nan Ansyen Testaman an ki te rive vre ak yon presizyon enkwayab te soti nan yon orijin diven. Pa gen okenn lot liv ki gen ladan limit ak presizyon ki gen nan prediksyon pwofesi ki nan Ansyen Testaman an.

Genyen anpil prèv fizik ki endike ke bib la se pawol Bondye a. prèv akeyologik yo te pwouve ked at yo nan bib la korek kote yo te jwenn

woulo yo tou pre lanme mot la(tou pre Qumran,Izrayel) ak anpil lot evenman ki te fet nan peryod sa. Se pa selman sa, men tout prèv akeyolojik e sak te ekri alamen ki sipote sa ki ekri nan bib la fe li pi bon liv dokimantè. Kom bib la anrejistre avek presizyon yon paket evenman istorik ki verifye vin fe endikasyon yon vre.

Senserite otè bib la montre nou ke bib la ekri san fot. Tout disip Jezi yo te kite fanmi yo ak okipasyon yo pou swiv li. Genyen nan yok e yo bat, mete nan prizon ak anpil nan yo ke yo ta touye paske yo te kwe Jezi se te Bondye. Konbyen moun ou konnen ki ta pral swiv yon moun pandan twa zan epi chwazi mouri pou li si yo pat kwe kiyes li ye? Lefet ke disip Jezi yo pare pou mouri pou sa yo te kwe a, se yon prèv ke mesye sa yo te kwè ke yo te dirije pa Bondye.

Definisyon peche Bondye a pa janm chanje

Le Jezi te mouri sou lakwa a, li te peye pou tout peche nou yo. Men, sa pa vle di ke moun ki swiv Jezi ap toujou pafè e pap janm peche tou. Si ou admèt peche ou yo epi ou mande Jezi padon nan kèw, ou pral sove e pa gen okenn peche nan lavni ou ki pral detounen'w nan paradi a. le Jezi te mouri pou ou, li te mouri pou tout peche ou yo: ni sak pase, ni sak prezan e menm pou peche kap vini yo. Men, nou dwe reyalize kondisyon peche nou yo e konfese yo bay Bondye. Le nou santi nou kondane, se paske nou wont pou fason nou te aji e nou konnen, yon jou nou pral responsab pou peche nou yo.

Yon peche pa peche jis paske'w tante. Peche se peche le nou tonbe anba tantasyon epi nou aji sou li. Jezi te tante, men li pat peche. Li pat reveye lot dezi ke dezi li yo nan Bondye. Lanmo Jezi sou kwa a reprezante yon sakrifis konple, pafe e ase pou chak peche nou pat janm fe ki gen ladan sa nou pokon komet.

Eske nou oblige abandone peche nou yo pou'n sove? Repons lan se non, men nou dwe konnen yo pou sa yo ye, yo se peche. Peche se yon vyolasyon prensip Bondye yo. Fe atansyon pou'n pa planifye peche nou yo epi pou nap di sa nou fe a pa two grav oubyen tout moun fel oswa prensip Bondye yo two ansyen e ekspire. Prensip Bondye yo pa janm chanje. Yon peche se yon peche. Yon peche te met gen mil an lap toujou ret yon peche jodia.

Anpil moun kwe ke prensip Bondye yo ta dwe chanje menm jan ak tan an. Men prensip moral Bondye yo pap janm chanje. Si yon bagay te konsidere kom peche nan Ansyen Testaman an eben se sa li ye tou nan Nouvo Testaman an. Menm si peche a gen 2000 lan, li se peche jodia tou. Kontreman ak lejislate yo jodia, Bondye pa janm chanje lide'l oswa chanje lwa li yo.

Li te ka lè pou'w louvre bib la epi aprann sa li di a. Sa a se pa yon liv ki plen nan: "fe ak pa fe sa a". Bib la se yon liv sajes enkwayab. Li la pou'l fe lavi ou pi fasil. Bib la bay yon deskripsyon sou pwoblem pesonel, fanmi ak sosyete a e li bay yon solisyon pou chak. Li manyel la, repons yo tout la.

Kijan nou ap viv nan prensip Bondye yo

Pou nou viv nan prensip Bondye yo, nou dwe viv nan lespri Bondye e non pa dapre egzijans ko a. Nou dwe koute lespri Bondye ki nan ou an e fe atansyon ak sal di yo. Se selman ak lespri Bondye a ki nan nou an nap kapab goumen ak nati peche nou yo; nou pa janm ka satisfe prensip Bondye yo poukont nou. Nou ka eseye , men nou pral echwe. Nou dwe konprann komandman Bondye yo te kreye pou konvenk nou e fe nou konnen nou se pechè. Nou dwe asepte nap

toujou gen panse peche, fe bagay peche epi nou ka selman sove paske nou kwe ke Bondye te vin sou te a pou delivre nou.

Jezi vle nou tout konnen ke lew obeyi ak komandman li yo ki nan Ansyen Testaman an gen anpil enpotans pou li paske nan Nouvo Testaman an, li anseye nou: se poutet sa, nenpot moun ki mete sou kote nenpot nan komandman ki piti yo epi anseye lot moun.

Nan denye jou yo la, anpil moun pa kwe kidonk pa respekte moun say o.

Apot Pol aveti nou nan 2 Timote 4:3

Yon le, ou gen pou ou we moun pap vle kite yo moutre yo verite a anko, yap vle pou yo swiv lide pa yo. Le sa a, ya reyini yon bann direkte met bo kote yo ki va di yo ta renmen tande.



CHAPIT 4

Mwen te kreye pou'm te konnen gran plan Bondye

a

Dekouvri plan Satan an

Lè Bondye te mete Adan ak Ev nan jaden Edenn nan epi li te di yo pou yo pa manje pyebwa ki rele: Sa ki byen ak sa ki mal la. Satan sedwi Ev ke li ta bon pou manje fwi pyebwa sa a. Se te premye viktwa Satan te reyisi sou ras imen an. Se lè sa a Bondye te tou bay otorite sou tè a bay Satan e Satan twonpe nou depi lè sa a.

Men, Bondye te konnen sa ta pral rive.

Bondye fidel nan pawol li. Lè Bondye te delege Wayòs terès la bay Satan, li te pèmèt Satan te pouswiv lòm. Se poutèt sa gen anpil doulè ak soufrans nan mond nou an jodia. Sa a se paske Satan ak move lespri'l yo gen kontwòl sou mond nap viv la pou twonpe nou, blese nou e menm detwi nou. Satan konnen li te gentan pèdi batay la paske li te wè viktwa Jezi sou kwa a, men li gen kèk tan toujou pou'l pouswiv lòm e mennen ladan yo nan lanfè avè'l.

Bondye konnen tout bagay sou Satan paske se Bondye ki kreye Satan. Satan se youn nan pi gwo zanj Bondye ki vin mechan. Bondye te bay Satan anpil pouvwa e ke Satan te vle tankou'l men li pat kapab. Satan te vin revolte. Li te revolte pou'l te eseye konvenk lòt zanj yo swiv li. Li te rive konvenk kek nan zanj Bondye yo pou swiv li. Kòm Satan pa ka detwi Bondye. Lap chache pou'l detwi lòm paske nou te kreye ak imaj Bondye.

Konsa, Satan gen yon kapasite pou'l twonpe lòm e pou li atire nou lwen Bondye, avèk lib volonte ke lòm te kreye: lòm kapab fè sa li vle e fè wout ki nan lide'l.

Satan gen pisans e li se espri, sa vle di ke li kapab twonpe lòm jis rive nan pòt syèl la.

Wow, sa vrèman mechan!!!

Menm jan yon jwè ki pwofesyonel nan bizbòl toujou genyen yon jwè ki manke eksperyans se konsa tou Satan li menm kapab twonpe tout ras imen an.

Se bagay fasil pou lòm twonpe nan desi lachè e fèl konnen se yon bagay ki nomal pou'l viv nan plezi paske li fèt ak kò li e pèsonn pa gen dwa dil anyen. Mete moun bò kote nou ki kapab fè bèl lojik ak pawòl dous pou konvenk nou e di nou: si nou pa renmen yon bagay ke nou genyen jete'l e fè pran yon lot, pa egzanp: maryaj, relasyon, e lot bagay anko. Chache mwayen pou'n genyen sa yon lot moun posede, bay manti pou'n ka posede e aksepte tout mansonj kòm valè pou'w vin rich.

Viv nan egareman (inyorans)

Satan toujou renmen ke lòm viv nan egareman, tankou moun ki pèdi tèt yo e ki ap mache Iwen Bondye e pouvwa'l. Sa se teyat Satan pou'l ka jwe sèn li byen avèk lòm. Nou tankou mouton ki atire pa bèje li men ki manke bon konprann pou'n konnen bèje a se li ki vrè pwotektè nou. Nou pito lage nou nan kan lou-ravisè a pou'n kapab fè sa ki mal.

Sa montre nou, nou pa ta dwe abandone Bondye ak pouvwa li e se sa ke Satan renmen.

Zanj ke Satan te konvenk yo, yo rele demon, zanj mechan, objektif yo se detwi, se fè sa ki mal. Satan jalou lòm paske nou fèt ak imaj Bondye. Lap difisil pou nou konprann atak Satan nan mond lan paske li se espri, yon espri pa gen ni chè, ni zo men lap frape anpil a travè lòm. Egzanp, lè nap tandé nouvel nan radyo nou wè mond la nap boulvèse e trakase, tout se travay Satan ak ekip li yo.

Lè gen anpil katastwòf ak boulvès nan mond lan, tankou lagè ak anpil lòt anko Satan kontan paske lòm ki se kreyati Bondye, you nap touye lòt...

Men, Bondye konnen tout bagay sa yo tap rive sepoutèt sa li gen yon plan ki pa yon move plan men ki se yon plan pafè.

Gran plan Bondye a

Kiyès ki te nan jaden an?

Nou konnen Bondye se lespri sa vle di li gen yon nati espirityèl, espri yo pa gen ni zo ni chè, yo envizib. Kiyes ki te vizib ki tap mache e pale avek Adan ak Ev nan jaden Edenn lan aprè Adan te fin peche a?

Sonje nan Jenèz 1, kote li di: "Ann kreye lòm ak imaj nou." Nou te aprann li nan chapit 1 an, lè li di "Nou" an sa vle di se yon sel Dye ki

egziste nan twa(3) pèsonn: Bondye papa a, ptit Bondye a ki se Jezi ak lespri sen Bondye a. Lè Bondye te di: "Ann kreye lòm ak imaj nou". Yo tout te la lè limanite tap kreye.

Sa vle di ke si Jezi te la lè limanite tap kreye, gendwa se Jezi ki tap mache e pale ak Adan nan jaden Edenn lan (ki kapab yon idantifikasyon de Jezi nan Jaden an ke teyologyen rele teyofani ki kapab yon manifestasyon fizik de Jezi). Se pat Bondye papa ki te nan jaden an si nap byen li sa disip Jezi te di nou an: Timote te di nou pèsonn pa ka wè Bondye e Jan menm di nou pèsonn pat janm wè Bondye papa a menm yon moman.

Jezi te toujou reprezante Bondye sou tè a ki te parèt pou li e tankou li. Li byen klè nan Ekriti a ke Jezi ak Bondye se yon sèl.

Si Timote ak Jan gen rezon pou yo di ke pa gen moun ki wè Bondye papa a sa vle di se te toujou Jezi kit e konn vin nan jaden an sou fòm kòporèl.

Plan mèveye a

Si se vre, eske se pa yon blag ke Adan ak Jezi te nan Jaden Edenn lan lè Adan te koz ras imen an pèdi ak peche li yo, e Jezi te la nan menm moman pou'l te vin sove ras imen an ak plan li?

De (2) bagay sa yo te dwe rive an menm tan nan jaden an. Bondye konnen ke Satan ta pral twonpe Adan nan jaden an. E li te konnen fòk li te gentan gen yon lòt plan nan menm moman lè Adan te peche a pou'l te ka sove anba peche nou yo.

Sa vle di se te Jezi, nan jaden an, ki te konnen nan moman menm ke Adan ta pral peche, li tap bezwen mouri pou nou. Nan moman menm te gen peche, te gen yon solisyon. Nan moman menm ke Adan te peche,

Jezi te gentan prezante kom sovè nou. Tout sa te nan gran plan Bondye a.

Yon bebe pa bezwen fè anyen pou'l ale nan syèl

Plan mèveye sa nan jaden an vle di tou ke chak bebe ki fèt nan mond lan deja sove. Yon bebe pa vin nan mond lan avek kondanasyon peche a, men pa lanmou Bondye ak gras li e pa lanmò Jezi sou kwa a, bebe a sove. Yon bebe pa bezwen fè anyen pou'l al nan paradi. Se lè bebe a komanse grandi e lap konnen lè'l fè sa ki pa bon pou'l mande Bondye padon avek lafwa li nan Jezi pou'l ka sove.

Jezi pat vle bat Satan e detwi peche san li pa potko rive sou kwa a, men tout rezulta final la te gentan mete nan yon bwat. Plan pou'l sove mond lan te gentan prè. Jezi te konnen li patap kapab vini touswit pou'l mourir pou peche nou yo san li pa ban nou 10 komandman li yo. Sa te pran anpil ane pou'l te ban nou 10 komandman li yo ki te fèt pou yon rezon. Menm lè ke nou pat kapab obsève tout sa ki te nan liv lalwa a. Men li te ban nou li pou nou te kapab pran konsyans kondisyon peche nou yo e fè nou konnen lè nou koupab. Nou dwe aprann ke nou bezwen yon sovè.

Gwo danje ke nou ta dwe evite

Plan Bondye nan jaden an vle di ke Adan ak sa yo ki te viv apre Adan pat rete menm yon segonn anba pinisyon peche ak kondanasyon. Nan moman menm ke Adan peche, Jezi te gentan la pou sove'n anba peche. Men gen yon sèl kondisyon: kwè nan Jezi. Se sa ki plan pafè, byen devlope pa yon Dye ki pafè, ki bèl e byen fèt pa Jezi. Selman kwè nan li.

Plan pafè sa te rezoud tout pwoblem ki tap mennen nou anba kondanasyon e yon grav destriksyon total. Plan Jezi nan jaden an te chanje pou toutan kondanasyon Adan te bay ak tout moun sou late pa mwayen peche li.

Bondye te konnen ke Satan te nan rebelyon e Adan te peche. Menm lè nou konnen se Bondye kit e kreye yo, echèk limanite ak revolt Satan fè pati gran plan Bondye pou glwa li manifeste. Sa vle di ke lib volonte ak peche nou yo se mwayen ke Bondye itilize pou glwa li ak volonte li manifeste. E projè Jezi pou'l mouri pou nouan se te plan santral gran plan Bondye a.

Antre Jezi nan mond lan te toujou nan plan A Bondye

Relasyon ant Bondye a limanite a travè Jezi pat janm plan B Bondye. Jezi pat fèt paske peche Adan yo te koz yon pwoblèm ke nou pat prevwa ki te dwe rezoud. Jan li deklare nan Efezyen Bondye te toujou gen entansyon pou'l vin viv tankou moun.

Efezyen 1:4-6 : Byen lontan anvan Bondye te kreye lemon, li te chwazi nou nan Kris la pou nou te kapab viv apa pou li, pou'n te san repwòch devan li. Nan renmen li renmen nou an, Bondye te deside depi davans pou'l te adopte nou pou ptit li nan Jezikri, paske sa te fèl plezi. Se poutèt sa, ann toujou fè Iwanj Bondye pou bèl favè sa a li fè nou kado, gremesi ptit li renmen anpil la!

Anpil moun pa bay Jezi twòp enpòtans nan gran plan Bondye a. Plan Bondye pou te viv nan mitan nou te ekri depi anvan mond lan te fèt, anvan Adan e Ev. Bondye pat transfome nan twa (3) pèsonn nan Nouvo

Testaaman an, ni papa, ni ptit la ak sentespri a tankou yon nouvo fòm (Trinite) pou repare echèk mond lan. Prezans Bondye sou tè a, se te toujou plan A, pat janm gen yon plan B: Jezi se komansman e lafen. Jezi te toujou sou wout pou'l vin abite nan mitan nou tandiske Bondye te gentan gen plan restorasyon pou Adan.

Bondye te vin moun pou li te ka akonpli bi etènèl li

Koman nou kapab jwenn echèk limanite: eske tout moun merite al nan lanfè paske yo peche e ke tout moun ap rive nan syèl la avek Bondye? Sèl fason an, se nan lanmò; Bondye egzije yon sakrifis pou peche nou yo. Jezi pat vin sou tè a pou'l te chanje Bondye. Li te vini sou tè a pou'l te mouri pou nou, pou nou te ka chanje. Li pat klosure sou kwa a pou'l te bese selman kòlè papa'l. li te ale sou kwa a pou'l te bloke echèk ras imen an e rekonsilye nou ak papa'l. Li te ale sou kwa a pou'l te sakrifye tèt li pou peche nou yo.

Sa a, se te plan Bondye depi nan komansman.

Destriksyon ras imen an te gentan prevwa pa Bondye. Bondye te vin moun pou'l te ka akonpli bi etènèl li pou'l te ka adopte nou nan fanmi li pa ptit li a, Jezi. Nou ta dwe kwè ke Jezi te vin sou latè pou'l te viv pou nou e mouri pou nou, pou'n te kapab vin ptit Bondye.

Satan ap sèvi bi Bondye

Kòm tout sa yo te gentan prevwa, eske sa vle di Satan ap sèvi sou yon jan oubyen pou yon lòt: bi Bondye a?

Repons lan se wi, Satan rizye, men li pa saj paske li pa ka konprann koman pou'l opoze ak plan pafè Bondye a. Efò Satan ap fè pou'l detwi mwen menm avew la bal yon efè a lanvè. Bondye konnen moun yo ta pral vin pi pre'l lè soufrans yo ta pral antre nan lavi yo. Soufrans nou yo ke Satan ap enflije nou yo, se Bondye ki bal pèmisyon an. E nan efò Satan ap fè pou'l detwi mwen menm avew la, Bondye ap genyen yon relasyon pi entim ak nou e se sa li vle.

Sa montre nou wòl enpòtan Satan jwe nan gran plan Bondye a. Bondye sèvi ak Satan e peche pou reyalize objektif final li. Pouvwa Satan an se Bondye kit e balil e se volonte Bondye ki pèmèt Satan fè sa li fè yo. Satan gen pouvwa pou'l afekte nou men se lè Bondye pèmèt lil.

Men menm si Adan ak Ev te peche nan jaden an, sa pa vle di ke Bondye se otè peche a. Sa pa vle di tou ke Bondye te tante Adan ak Ev pou peche. Bondye pa tandé pèsonn. Li sèvi ak Satan pou li reyalize plan original li.

Bondye sèvi ak Satan tou pou'l kapab aplike lòd li ak disiplin li. Satan gen dwa pou'l fè selman sa Bondye te planifye pou glwa li ak byen nou. Nan manyèl enstriksyon Bondye a, Satan pap janm kapab opoze avek plan original Bondye a. Apre nou fin soufri anba peche nou yo ak dezobeyisans nou yo, Bondye ap fè nou byen e lap fè nou fò e fèm. Soufrans nou yo vin pwodwi yon respè ak depandans nan Bondye.

Tout bagay sa yo vle di ke plis Satan ap opoze levanjil la, se plis lap ankouraje'l. Bondye te pwopoze egzistans Satan ak pozisyon li kont prensip Bondye yo pou akonpli gwo plan li yo. Nan tout bagay Satan fè, li otorize pou'l fèl, li ap sèvi Bondye.

Kijan yon Bondye sen kapab peche nan plan li?

Ann reflechi, nou pa konnen glwa Bondye a manifeste lè peche antre nan mond lan:

- Peche nan mond lan pèmèt mizèrikòd Bondye ak konpasyon li.
- Li pèmèt Bondye montre lanmou li ak padon peche nou yo.
- Li pèmèt Bondye montre senserite li ak kòlè li ak sa ki nye'l yo
- Avek Satan, sa montre ke Bondye pa kite koupab la san pinisyon tankou tout bon sistèm jidisyè.

Bondye vrèman glorifye lè li kondane koupab yo nan lanfè. Tribunal nou yo pa tap lejitim si yo pa ta kondane yon asasen pou yon pil tan prizon. Se konsa tribunal nou yo respekte e onore. An reyalite, tribunal nou yo lejitim lè yo aplike bon lwa sou moun ki koupab yo. Sa vle di kòlè Bondye jis e san tach e li merite glwa lè li padone lòm menm lè yo rejte li.

Sa vle di ke dèyè Satan ak tout zak enjis Satan yo gen yon Bondye ki sen, ki jis e ki gen konpasyon e ki ap travay chak jou pou byen moun sa yo ke li renmen, chwazi e li rele selon bi li.

Bondye egzekite yon plan gloriye ki gen ladan yon solisyon kap akonpli bi etènèl li. Bi etènèl sa a se adopte nou nan fanmi li pa Jezi. Se pa tout moun kap ka rantre; se selman moun ki kwè.

Sa vle di ke kòlè li ak mizèrikòd li mete aksan sou glwa li ak onè li epitou ou pa ka jwi yo san echèk ras imen an.

Soufrans nou yo se mwayen pou Bondye mete nou apa pou li

Se te plan Bondye depi nan komansman. Bondye chwazi kite peche ak soufrans nan mond lan paske li vle gen yon relasyon avèk nou. Li vle

nou konnen volonte li. Li vle nou renmen li. Li vle pou nou apiye sou li. Li vle nou gen konfyans nan li. Li vle pou nou swiv prensip li yo. Si nou fè tout bagay sa yo. Lap beni nou.

Lè nou pèmèt Satan vin tante nou, epi pèmèt nou fè eksperyans sa ki mal ki swiv dezi peche nou yo, sa fè nou vin pi pwòch Bondye. Bondye ka menm pèmèt ou santi'w mal, paske li renmen ou anpil. Li pral pèmèt ou rekòlte sa ou simen pou'w ka vin pre li.

Jan nou te aprann li nan chapit avan yo, nou ta dwe santi nou beni lè Bondye discipline nou paske sa vle di li renmen nou. Sil pat renmen nou, li patap discipline nou. Eprèv nou yo ak soufrans nou yo se mwayen nou montre lafwa nou. Ebyen soufrans nou yo se mwayen pou Bondye mete nou apa, ranfòse nou, fèn tounen kreyasyon li kapab itilize, sa kap fè nou fèm. Menm eprèv ke Satan ap pase nou yo pou'l detwi nou an se yo menm Bondye itilize pou'l transfome nou.

Eske'w sonje nan yon chapit avan yo ke Satan dwe mande Jezi anvan li tante nou? Sa se yon pati nan gwo plan Bondye a pou'l bati konfyans nou nan li e pou'l fè Iwanj Bondye papa a.

Eske mwen kapab konnen Bondye, toutbon vre?

Wi, ou kapab konnen Bondye ak volonte li. Epitou, Bondye vle pou ou konnen volonte li.

Konnen Bondye, se pou sa nou fèt. Se nati egzistans nou. Pa gen yon grenn nan nou ki vin sou tè sa a san yon plan ak yon objektif. Bondye chwazi nou anvan kreyasyon mond lan pou'n te ka mennen yon vi ki

apa devan je'l. Nan li yo te chwazi nou paske yo te predestine nou dapre plan moun ki fè tout sa ki an akò ak objektif volonte li, pou nou menm, ki se premye moun ki mete espwa nou nan Kris, kapab fè Iwanj pou glwa li.

Men, pou konnen Bondye toutbon ak aprann plan li pou ou, ou dwe repanti pou peche ou yo epi kwè ke Bondye te voye ptit li a, Jezi, pou mouri pou nou. Lè ou angaje'w epi kwè nan Jezi, ou mete sou ou yon so li epi sentespri Bondye a ap viv nan ou. Se Sentespri a ki pral defansè ou, ki pral edew temwanye Bondye. Sentespri a ap anseye'w tout bagay e lap raple'w tout sa Jezi te pwomèt ou.

Poukisa ou te fèt?

Anpil moun ap viv depi lontan, men yo pa konprann poukisa yo te fèt? Men repons lan se: konnen Bondye. Bondye te kreye'w pou'w konnen'l. Lè'w konprann sa, ou kapab komanse vi'w, wap nan lapè, wap kapab gen lajwa, ou pap bezwen chache sans pou bay lavi'w ankò. Wap lib epi li pral pèmèt ou jwi kimoun ou ye ak ki pwosesis wap travèse.

Bondye ap libere ou selman anba gras li. Pap gen dèt pou'w peye, ni obligasyon, pap gen okenn òf ki nesesè, okenn travay pap bezwen fèt, anyen lòt ke ou bezwen fè pou'w al nan paradi, tout bagay te fèt pou ou. Ou jis bezwen aksepte kado a gratis nan Jezi, apresa ou ka komanse apresye rezon ki fè ou te fèt ki se konnen Bondye. E lew mete konfyans ou nan Bondye, li pwomèt ou ke lap pran swen'w e lap rann kew gen bon dezi nan kèw.

Kounye a ou gen relasyon dirèk ak Bondye

Gwo bagay sou konnen Bondye a sè ke ou pa bezwen fè efò, ou pa gen anyen wap bezwen fè. Jezi te fè tout bagay pou ou sou kwa a. Lè Jezi te mouri sou kwa a, defèt Satan an te konplete e Satan te konn sa. Sa a se te plan an ki te mete an plas depi nan komansman tan an, komanse nan jaden an rive nan lè Jezi te mouri sou kwa a e leve soti vivan nan lanmò. Jezi te konkeri Satan e li te konkeri peche. E se nan de(2) sa yo Bondye fè Iwanj.

Menm moman lè Jezi te mouri sou kwa a, yon gwo rido ki te separe moun ki te nan tanp enteryè kit e nan tanp jwif la te chire depi anwo jouk anba. Bondye te chire'l. Avek lanmò Jezi sou kwa a, plan Bondye a te konplè e gwo rido sa a ki te chire a se te yon mesaj ke Jezi tap fè pase a tout moun. Lanmò Jezi sou kwa a retire baryè imen an ki se rido atifisyèl la ki te egziste ant Bondye ak lòm. Lè Bondye chire gwo rido a, Bondye te di nou: "Ou pa soti andeyo anko. Pitit mwen an, Jezi, te fe yon fason pou ou gen yon relasyon direk nan li. Vini non. Mwen ap tann ou."

Avek rido sa a, ou pa bezwen pase pa moun pou'w rive jwenn Bondye. Pyes moun, pa gen rityèl, pa gen baryè, pa gen anyen nan chimen an. Ou ka pale ak Bondye kounye a, jis minit sa a, kelkeswa kotew ye. Sonje byen, kè ou se pòt kote Bondye pral antre, men li pap janm fòse'w wout li. Lap rete tann jiskaske'w kite'l antre. Lap frape (santi kè ou, li ka ap frape kounye a) apre lap tan ou reponn. Mande li. Lap antre siw envite'l. Chapit 5 lan ap anseye'w kijan pou'w envite'l. Asire'w ke ou li'l.

Se te plan Bondye depi nan komansman an lè li te voye pitit li a, Jezi, sou tè a pou viv ak mouri pou nou. Gras ak kwayans ou e lafwa ou nan sa Bondye di ki ta pral rive nan Ansyen Testaman an, sa ki te pase egzakteman jan li te di nan Nouvo Testaman an. Bondye ka avew kounye a. Bondye kreyatè a kapab avè ou nan moman sa a. Men, ou dwe kwè.

Jezi te vin sou tè a pou'l te revele kiyès li ye e pou'l te di nou kijan nou ka gen relasyon ak li. Bondye se yon Bondye inik e etènèl, men li egziste nan relasyon twa (3) moun: Bondye papa a, Pitit Bondye a (Jezi) ak Sentespri Bondye a. Lè tè a te kreye, yo twa (3) te la. Lè limanite te kreye, tout twa te la. Lè Jezi te monte nan syèl la aprè li te leve soti vivan nan lanmò, li te kite lespri'l dèyè viv nan mitan moun ki kwèl yo. Lespri li ka gide nou e gide nou nan tout sa nap fè.

Bondye sove chak nan nou pa poutèt sa ou te fè ni sa ou vle oswa sa nou ka fè, men paske li te gen pitye pou nou. Bondye egziste nan tou lè twa(3) moun yo. Se pa lafwa nou ke nap sove.

Kreyativite enkwayab Bondye

Ke ou admèt li ou pa, tout moun te kreye ak dezi pou chache moun kit e kreye yo a. Nou tout te kreye pou dekouvri kiyès ki Bondye e jwenn satisfaksyon ak jwa nan li. Se pou rezon sa nou te fèt. Li te fè nou tout trè diferan, nan diferan kilti, nan diferan nasyonnppou nou te ka chache konnen ki moun li ye.

Tout sa Bondye kreye se mèvèy e yo vizib nan tout bagay nou wè isit la sou latè ak nan syèl la. Tout sa li revele nou nan lanati yo bèl e nou wè a klè. Sa vle di pa gen moun kap gen eskiz devan li.

Si ou ta kapab gade anndan yon kò imen avek yon mikroskòp elektwonik wap wè anpil machin ak mote tou pití ki gen angrenaj ak aks epi rasin ak plis anko ki selman te fèt pa yon kreyatè mèveye.

Remak: Ann nou gade vidéyo sa ki rele “Michael Behe – Lee Strobel, Molecular Machines Disprove Evolution

UR: <http://www.youtube.com./watch?v=Y7Ww01iETuw>

Tout èt imen te kreye pou konnen Bondye e pou yo gen kapasite pou disèn ke li egziste. Tout moun ka rive jwenn yon konpreyansyon fondamantal sou revelasyon natirèl sa a ki se linivè e ak tout sa ki ladan: matematik, syans, analiz, elatriye....

Bondye ap few konnen chimen lavi a

Bondye te mete etènite nan kè nou, sa vle di anvi ki fè nou konnen kimoun Bondye ye a anyen pa ka ranplase. Pou tout bon bagay Bondye kite pou nou, nou pa ta renmen se avek yon santiman vid ke nou konble'l. Sepoutèt sa anpil moun ap di ke grandi, lavi yo fini.

Pou anpil moun, se paske yo pa envite Bondye nan kè yo. Bondye ap frape, ouvè selman kèw epi kitel antre. Li vle pataje tout sa li genyen avèw. Men ou dwe kite'l antre, li kapab revele'l ave'w si ou ouvè kè'w. Sispann eseye konprann tout bagay sa yo pa ou menm. Fè Bondye konfyans selman lap few konnen chemen lavi a. Paske Bondye te di nou nan pwofèt Ezayi 8:

Men pa janm blyie gen yon pisans nan mond lan sou non Satan ki pap vlew aprann kiyes Bondye ye. Satan telman rayi Bondye ke li swete detwi tout sa ki kreye ak imaj Bondye ni ou menm tou. Objektif Satan se twonpe ou, twouble ou, kache konpreyansyonw, detounen afeksyon'w, bese priyorite'w e si ou tandem, lap rann ou pa itil e ke Bondye ka chwazi elwanye'w. Pa kite sa rive. Sonje byen, Satan renmen lè lèzòm ap viv nan inyorans Bondye. Lè nap viv nan inyorans Bondye, se lè lavi nou pa pou nou e ke se Satan kap kontwole li.

Si nou pran pòz gen bon konprann lè nou refize egzistans Bondye, nou vin san konprann e pi mal, nou vin yon lenmi Bondye ke nou konnen ki egziste nan kè nou. Sonje byen, Iwa Bondye yo te ekri nan kè'w. Pandan se tan avek lib volonte ou a, wap toujou gen posiblite pou'w nye

Bondye. Se yon opsyon papa ou Bondye ki renmen ou ba ou. Si Bondye fòse'w pou'w renmen'l, li patap gen yon bon relasyon.

Wi, ou kapab dékouvri konesans Bondye a

Lè ou aksepte Jezi nan kèw, ou pa bezwen rapwoche'l anko paske li nan ou. Gras avek kwayans ou nan Jezi, wap gen bon relasyon ak Bondye. Si ou aksepte Jezi epi obsève komandman li yo nan ou, si ou mande pou entelijans e kriye byen fò pou konpreyansyon, epi si ou chache'l jan wap chache lajan. Ou pral konprann krent pou Senyè a e ou pral dékouvri konesans Bondye a.

Efezyen 1: 18-23 : Mwen mande'l pou'l louvri lespri nou, pou nou ka konnen kisa nap tan nan men Bondye ki rele nou an, ki vle di eritaj Bondye pwomèt lap bay moun ki pou li yo, yon eritaj ki rich anpil, ki bel anpil. Mwen mande'l pou nou ka konnen tou ki jan pouvwa li ka travay nan nou menm ki kwè nan li a, se yon gwo pouvwa ki san limit. Se menm gwo pouvwa sa a Bondye te fè moun wè, lè li te fè Kris la soti vivan nan mitan mò yo, li fèl chita sou bò dwat li nan syèl la. Li mete Kris la anwo tou chef, anwo tout otorite, tout pouvwa ak tout dominasyon. Kris la pi wo pase tout gwo non yo kapab bay moun non selman kounye a sou latè, men nan tan ki gen pou vini an tou. Bondye mete tout bagay anba pye Kris la, li mete'l pou'l sel chef legliz la. Legliz la se ko Kris la, li konplete Kris la. Kris la menm, avek pouvwa li, li konplete tout bagay ki toupatou.

Kwè san'w pa wè

Twal ant syèl la ak tè a

Anpil moun konn wè yon bèle tapisri. Anpil tisye lè yo sou tapisri yo ranpli ak bèle motivasyon, bèle koulè, bèle fòm. Genyen ki gen siyifikasyon yo ak relasyon nan desen an e lè wap gad bèle tablo sa yo sel sa ou ka di se "wow".

Men, eske'w déjà gade dèyè tapisri a? Se yon gwo dezòd. Pa gen okenn nan kalite ki devan an dèyè do tapisri a. kòd yo ak fil yo makonnen, melanje, coupe, pandye e menm chire. Pa gen anyen ki sanble ak yon desen nan do a. Gade yon bel diferans ant devan an ak dèyè a. Si ou pa kapab wè tou de (2) kote yo an menm tan, ou pap menm kwè ke se menm tapisri a.

Kounye a pou yon moman, imagine'w youn nan bel tapisri yo se tè a ak syèl la (paradi). Devine ki kote nou wè? Wi, nou wè move kote a. Nou wè dezod, lanmo, malady, chagren, enjistis, relasyon ki kraze emenm plis. Lè Bondye te transfere otorite ki sou tè a bay Satan aprè Adan te fin peche, se lè sa a bò kote pa nou nan tapisri a te vin an dezod. Men, Bondye te konnen Satan ta pral fè rebel e Adan ta pral peche, Bondye te konnen ta pral gen gaspiyaj sou tè a jiskaske plan Bondye a konplè.

Bondye tap fè yon gwo erè si li pat konnen tout sa ta pral rive. Men Bondye pa janm fè fot.

Se konsa, plan Bondye a anvan Adan te peche gen ladan kreyasyon tapisri a avek tou de (2) bò yo ki pote glwa. Dèyè tapisri a ki se mond kote Satan ap kontwole a se youn nan pati ki enpòtan nan plan souveren Bondye a pou manifeste glwa e akonpli objektif etènèl la pou adopte nou nan fanmi li pa Jezi. Sa vle di dèyè tapisri a se tè a e devan tapisri a se syèl la (paradi). Tou lè de(2) se eleman enpòtan nan gran plan Bondye a.

E lanmò Jezi sou kwa a se fil ki brode devan an ak dèyè a ansanm. Tout bon, Jezi se twal gran plan Bondye a.

Si se pat Jezi, nou tap bloke deye twal la, kote ki lèd la. Si se pat Jezi, nou patap janm wè devan twal la. Jezi ban nou yon pasaj gratis pou devan twal la e ou pa bezwen fè anyen pou ou rive. Ou selman bezwen kwè. Nou selman bezwen kwè ke fil gran plan Bondye a se ptit li a Jezi, e gras ak fil sa a, Jezi se fil kap mennen nou devan kote nou pral wè bél desen Bondye a ki se syèl la (paradi a).

Menm lew we dezod ki nan do tapisri a, ki se mond nou an ke Satan ap kontwole a, Bondye kite yon mirak pou chak nan nou menm lè nap nan eprev ak moman difisil yo. Lap itilize difikilte nou yo ak soufrans nou yo pou ranfose lafwa nou nan li. Eprev nou yo ak soufrans nou yo se mwayen pou'n pwouve lafwa nou. Menm eprev ke Satan mete sou wout nou pou detwi nou (sa vle di deye tapisri a) Bondye ap itilize yo pou'l libere nou nan preparasyon nou pou Wayòm li an (sa vle di devan tapisri a). Nap rive nan devan tapisri a avek lafwa nou nan Jezi e selman Jezi.

Jezi se twal gran plan Bondye a

Malerezman, nou pap kapab wè kote Bondye a nan tapisri a. Nou dwe kwè ke desen ki devan telman bel jan yo di'l la. Men, menm si nou pa kapab we bel desen Bondye a ki devan an, li ban nou anpil nan nòt pou konpreyansyon. Nòt sa yo ki dispèse nan tout bib la, ban nou yon jòf de jan resanblans de jan devan tapisri a.

Nòt sa yo di li pral efase tout dlo ki nan je nou e pap janm gen lanmò, ni dèy, ni kriye, ni doulè epi jistis ap blayi. Atravè pawòl li, nou te te gen yon bél apèsi sou syèl la. Nou pap janm wè bél desen li a jiskaske nou rankontre li. Men lè nou rankontre avel, wap wè yon bel bagay. Se lè sa nap konprann sa Bondye akonpli pandan tout ane sa yo. Se nan moman

sa nou pral wè koman lavi nou, ak tout eprèv e moman difisil ke nou te viv te tise nan bél desen li an ki devan an avek lafwa nou nan Jezi. Jezi se fil bel desen Bondye a e twal gran plan Bondye a.

Men, jiskaske nou wè bel desen Bondye a ki devan twal la, nou dwe fèl konfyans e gen lafwa nan plan li a avek Jezi. Li te destine pou'l sove nou e adopte nou nan fanmi li, kote lap pataje eritaj li avek nou.

Jiskaske nou rive lòtbò a, nou dwe aksepte ke nou nan move kote tapisri a, ap genyen lanmò, maladi, enjistis, chagren e menm plis toujou. Nou dwe konprann ke yap atake nou, pandan ke nap gen yon kote mal ki vle anpeche nou wè devan tapi a. Satan vle nou rete avel nan do tapisri a kote li kondane pou letènité an. Satan pa vle ou konnen fil la, fil kap mennenw devan tapisri a.

Pandan nap viv lavi nou deye tapisri a, sa pap toujou bel e kew pap toujou kontan. Nou pap konprann poukisa Bondye pèmèt eprèv ak kalamite sa yo nan lavi nou, men fòk nou kwè ke difikilte sa yo nap viv la pral brode nan bel desen li an. Nou dwe gen lafwa ke nap avek li nan paradi a. kelkeswa saw ta fè, si nou kwe nan li. Se sa Jezi te di youn nan kriminel ki te bo kote'l sou kwa a kek tan anvan li mouri.

Se nan separasyon nou an ke nap vin pi pre Bondye. Se gras ak separasyon nou an ke nap aprann ke nou pa dwe reyisi lavi nou san yon sovè. Se nan separasyon nou ke nap aprann gen mal nan mond lan ki se yon fos nou pa ka inyore. Se selman pa Jezi ke nap kapab bat peche. E se selman pa Jezi ke nap kapab goumen ak enflyians Satan yo nan lavi nou. Nou dwe toujou sonje, nan tout sa kap pase nan lavi nou, Bondye gen yon rezon pou sa. Tout eksperyans nou yo se pou devlopman espirityel nou. Nou konprann kounye a, nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen tout sa ki renmen'l ak sa ki te rele selon misyon li.

Kwè nan plan Bondye a mande lafwa

Anpil nan sa yo sot pale la mande pou nou kwè ke Bondye gen yon plan. Ou kwè Bondye gen yon plan oubyen ou kwè ke tout sa yo se yon bél istwa?? Eske ou mete lafwa ou? Ou mete lafwa ou nan Bondye ak pawol li, oubyen ou mete lafwa ou nan bagay ou wè ak tande nan mond lan??? Oubyen, gendwa ou mete lafwa ou nan tèt ou? Gendwa ou se tout saw gen bezwen. Gendwa bagay yo prale byen pou ou kew pa bezwen anyen, ni pèsonn, paske'w gen kontwol sou tout bagay.

Ou kapab pa kwè gen Bondye, ebyen poukisaw pral bezwen gen lafwa? Tout bagay sanble tap byen mache jiskaske ou vin gen yon moun ki mouri, oubyen'w tonbe sou yon echel ou vin kokobe, oubyen ou gen kansè e'w rete de (2) mwa pou'w viv, oubyen yon moun rantre nan lekol ou epi'l tire yon ptit ou. Lè bagay sa yo rive, nou tout te gentan ap rele Bondye. Sa se nati egzistans nou, konnen gen yon Bondye ki anndan nou.

Men yon lòt kesyon ki enpotan pou nou: kisa'w pral fè ak tout enfomasyon sa yo? Ou vle inyore Bondye oubyen blyie si li egziste? Oubyen, ou vle pran yon ti tan pou'w eseye konprann plis sou li? Ou kapab inyore oubyen blyie Bondye, men li menm li pap janm inyore'w ni refize'w. Bondye ap kontinye rete deyo kè'w e lap tan ou envite'l. Li la nan moman an. Ou kapab tande, li telman gen pou'l ba ou, men oud we envite'l. Lap rantre si ou mande. Ou jis bezwen mande. Ou kapab pase etènite nan lanfè si ou kite ògèy ou mennen'w.

Gran plan Bondye ki fè syèl la ak tè a parèt klè devan tout moun, pap gen moun kap gen eskiz nan jan ke li kreye la nati. Tout lanati: syèl la, etwal yo, tè a, zwazo yo elatriye fè Iwanj li.

Remak: Gade atik entitile: "Evidence for God from Probability" sou www.PleaseConvinceMe.com .

Wap wè'l lè ou kwè

Paske nou se lòm, nou gen tandans mete konfyans nou ak lafwa nou nan bagay ke nou wè. Li telman difisil pou'n kwè nan bagay ke nou pa ka wè. Nou konn rete nou di:"Map kwè'l lè mwen wè'l".

Malerezman, se pa konsa Bondye sèvi. Avèk Bondye se pa menm bagay la. Avek Bondye, se:"Wap wè li lè ou kwè'l."

Avek Bondye se yon kesyon de lafwa ak konfyans. Lè nou gen yon bon zanmi nou ke nou konnen byen, nou vin fè'l konfyans. Sa fè nou kwè ke lap fè sa li di lap fè a. Se menm bagay la avek Bondye. Pou fè Bondye konfyans, nou dwe konnen li e pou'w konnen li nou dwe li e konprann manyèl enstriksyon li an, ki se Bib la. Bib la di lap pran swen sa ki fè'l konfyans yo.

Ben, ou gen chans! Bondye te vle pase titan ave'w tou. Bondye di nan Jeremi 29: 13-14: *Na chache'm na jwenn mwen, paske na chache'm ak tout kè nou. Wi, map kite nou jwenn mwen. Se mwen menm ki di sa. Map fè peyi nou an kanpe anko. Map pase men ranmase nou nan tout peyi toupatou kote'm te gaye nou yo. Map mennen nou tounen kote'm te pran nou pou'm te depote nou an. Se mwen menm Senyè a ki di sa.*

San lafwa bagay yo ap enposib

Lè ou mete konfyans ou nan Bondye, fado mond lan ap soti sou zepol ou. Gen konfyans nan Bondye mande lafwa, e gen lafwa nan Bondye se yon risk paske san lafwa'w li enposib pou'w fè kè Bondye kontan. Bondye ap bay rekonpans a moun kap chache'l tout bon. Nou dwe etidye pawol li a pou'w gen konfyans nan li e pou'l tandemou kap pale. Lè ou pase tan'w nan li pawol li yo sa ede'w ranfose lafwa ou nan li. E

lè'w kwè nan li, se le li pral komanse reponn ak priyè ou yo. Nan moman sa, lap ede'w pran desizyon ki gen rapò ak sa lap mennen'w fè.

Lè nou panse ak nivo konfyans sa, nou di tèt nou: "Mwen pa ka fè'l, li two difisil. Koman mwen ka fè konfyans a yon bagay kem pa wè?"

Anpil moun gen menm santiman sa a e se yon baraj pou yo konprann kiyes ki Bondye. Men, eske'w pa konnen, Bondye gen yon solisyon pou ou. Lè'w aksepte Jezi nan kè'w. Lespri Bondye a, Sentespri a ap viv nan kè'w. Paske Sentespri an konnen'w pi byen ke ou, lap baw tout sa'w bezwen ak tout konpreyansyon, pasyans ak jantiyès. Lesprisen an ap ede'w fè Bondye konfyans, lap ede'w kanpe lè'w kilbite e lap ede'w reyisi kote ou echwe.

Ou kapab di tèt ou: "Sa ap mande anpil lafwa nan Bondye" oubyen "sa pral yon mirak". Bòn nouvel la se: "Mirak lan la pou ou, oud we selman aksepte li nan kè'w. ouvè pòt kè'w epi kite'l antre. Se lè'w kite'l antre, lap ka revele'l ave'w.

Bon lafwa a

Kèk nan nou toujou prè pou fè konfyans ak preske tout bagay sof Bondye. Nou gen konfyans nan mennaj, zanmi, patwon, medsen, oubyen yon paran, men Bondye? M'pa we kijan? Gen twop risk. Koman mwen kapab gen konfyans nan yon bagay ke mwen pa wè?

Pwovèb 3:5-6 : Mete tout konfyans ou nan Senyè a. pa gade sou sa ou konnen. Toujou sonje Senyè a nan tout sa wap fè. Li menm, la moutre'w chemen pou ou pran.

Se lè nou apiye sou selman konpreyansyon pa nou ke nou mete tèt nou an difikilte.

Eske'w konn santi ou nan yon pwoblem ki pa janm vle fini nan vi'w? Gendwa ou santi wap reviv menm move sikontans yo anko e anko. Eben, Satan renmen le nou bloke nan jan de pwoblem sa yo. Sa vle di nou lwen Bondye. Pou'w jwenn sa Bondye vle ou genyen fòk ou konekte avè'l. si ou obeyi li e ou gen lafwa nan li, li pwomèt ou lap ran chimen'w dwat. Chemen dwat la ki pral fè'w soti nan pwoblèm ou gen nan lavi'w la.

Pou chanje, sa pap fasil. Gen yon bon lafwa nan Bondye mande pou'w vire do bay preske tout sa'w te konn wè, santi, tande e menm sa ki gen pou'w wè ak panse'w "si'l jis" e sa wap panse a ap pote bone. Eske'w prè pou yon chanjman konsa? Anpil nan sa'w te konn panse lontan yo se te mansonj.

Men sekrè a

Sekrè a se mete konfyans nan Bondye nan tout sa wap fè, avek tout desizyon majè ke nap pran, lè'w pa fè konfyans pwop konpreyansyon'w, rete trankil epi tande vwa li, ou pa gen bezwen pè, pa bezwen toumante, mete lòt yo pi wo pase'n, veye komand li yo, apiye sou li lè ou an difikilte, renmen'l ak tout kè'w, nanm ou, fòs ou e lespri'w. Pou lespri a kapab anseye'w tout bagay e lap baw sa kè'w desire.

Si ou fè tout sa yo, Bondye ap ranpli'w ak lajwa e lapè paske'w gen konfyans nan li, pou'w ka jayi ak lespwa pa pisans Sentespri a.

Eske'w prè pou chanjman sa? Si repons ou a se wi, men kijan.....



Chapit 5

**Mwen te kreye pou'm te fè yon chwa
Anvanw mouri, fok ou chwazi
Nou merite lanmò**

Ansyen Testaman an se la kote Bondye te ban nou dis (10) komandman li yo. Ansyen Testaman an se la tou kote Bondye te di lap bezwen vin viv nan mitan nou paske peche nou yo mande yon sovè. Plan li an te di nan Ansyen Testaman an kit e ekri depi yon pakèt lane anvan Bondye te vin toutbon sou tè a pou'l te vin viv nan mitan nou.

Se vre, Jezi pap vini sou tè a ankò pou'l mouri pou nou 2 mil lane ankò. Bondye te konnen nou te bezwen anpil tan pou'n te aprann ke nou te bezwen yon sovè. Men sovè a yo te gentan konnen'l.

Pa gen lòt mwayen ni okenn lòt non ki ka sove nou. Tout moun ki kwè nan Jezi e ki temwanye sa ap libere anba peche. Sa antre ni pase'w ni prezan'w ak tout peche'w pral gen pou'w fè. Se pa gras Bondye nou

sove. Pa gen anyen ou bezwen fè pou'w genyen yon biyè nan syèl la. Ou pa ka achte'l. Ou dwe selman deklare lafwa ou nan Jezi.

Bondye dispoze kado sa pou tout moun, men pou'w sove ou dwe di ke wap aksepte don li. Ou dwe kwè nan plan Bondye a, nan plan li te anonse nan Ansyen Testaman an ki akonpli nan Nouvo Testaman an. Bondye baw jistis ak etènite nan syèl la, avek li pa lafwaw nan Jezi. Se tout sa li mande. Gras ak Jezi, blesi ou yo geri.

Avan ke Jezi te vin mouri sou kwa a, Bondye te pran fado nou y oak peche mond lan mete'l sou Jezi pou'l te vin pechè. Nan moman sa, Bondye te dwe abandone ptit li a pou yon ti tan sou kwa a, paske nati Bondye pa mele avek peche e kelkeswa peche a. Nan mitan soufrans amè e terib sa a Jezi rele: Papa,Papa, poukisaw abandone'm? Separasyon Bondye papa a ak ptit la e pwoklamasyon jezi, ptit la se tankou yon lanmò vyolan ki te frape'l e ki montre nou se selman Jezi kit e kapab sipòte peche mond lan ak egzijans jistis Bondye a te mande.

Plan pou'l sove nou an konplè

Moun ki kwè nan plan pafè Bondye a ap sove. Sa ki pa kwè, ebyen, avni yo pap bèl. Lanmò Jezi sou kwa a se te pou brize pisans Satan ak peche. Plan pou'l te ban nou sekou a te fini kounye a. Nenpot moun ki mete lafwa li nan Jezi pa pral nan lanfè avek Satan.

Twazyèm jou apre yo te fin klosure Jezi, li te resisite nan lanmò epi li fè disip li yo ak yon pakèt lot moun wè'l, pou'l te pwouve kiyes li ye, Bondye nan lachè e pou nou sonje plan li. Gen anpil dokiman istorik ak prèv ki fè nou konnen ke Jezi te vizite e wè anpil moun lè'l te leve vivan nan lanmò e li te pase 40 jou sou tè a anvan ke li te monte nan syèl pou'l tal jwenn Papa a, kote li chita adwat li, lap plede pou mwen avew kounya.

Li pa janm two ta

Pandan Jezi te sou kwa a, te gen de (2) kriminel ke yo te kloure tou jou sa a. Youn ladan yo di: "se pa ou ki Mesi a? sove tèt ou avek nou non.", dezyèm lan di: "Ou pa pè Bondye?, eske'w wè nou la pou menm bagay? Se sa nou fè ki mete nou la, men lòm sa pa fè anyen ki mal". E lòt la di:"Jezi, sonje'm lè wap rantre nan Wayòm ou an." Jezi reponn li: "An verite, mwen diw sa, jodia wap avem nan paradi a."

Jezi, bon bèje a, te vini sou latè pou'l sove tout nam ki pèdi yo. Kèk minit anvan'l mouri sou kwa a, li sove yon lot mouton ki se kriminel yo te kloure bò kote'l la. Kriminel sa se te yon nanm ki pèdi ki te tandem e konnen vwa bèje a.

E li te kwè.

Kelkeswa vi ou te gen anvan

Sa sa a vle di pou ou? Sa a te dwe gen yon gwo enpòtans. Sa vle di kelkeswa vi ou te gen anvan, menm si ou te komèt yon krim grav, ou gen posiblite pou'w transfome lavi ou nan Jezi e pou'w sove anvan'w mouri. Se don Bondye ba ou paske'w gen konfyans nan li.

Lanmò Jezi sou kwa a te sanble ak viktwa Satan. Satan te panse ke Bondye te tonbe ak tout Wayòm li an. Vrè reyalite a, se te defèt Satan. Se Satan ki kondane jodia.

Eske'w vle aksepte kado Jezi nan moman sa? Ou dwe di priyè sa byen fò e ou dwe repeté'l toutotan wap viv. Pa tan. Sonje, Satan espere ke wap pran reta nan desizyon sa a. Fè sa kounye a e desizyon'w la nap konplè.

Wap jis di priyè sa a byen fò e fow kwè ke Jezi te vin sou tè a pou'l te mouri pou peche nou yo.

Bondye mwen an,

Mpa konnen tout bagay, men mwen konnen mwen se pechè

Paske m'se pechè, mwen merite lanmò ak separasyon total avek nou.

Mèsi anpil pou Jezi, ou voye mouri pou nou sou lakwa kalvè a pou mwen.

Mwen mete konfyans nan Jezi, pou'l padone peche'm yo e m'aksepte kado sa ki se lavi etènèl. Mwen vle ke Jezi se sovè pèsonèl mwen se Senyè lavi mwen.

Amen!!!

Si ou repete priyè sa a e ou kwè nan Jezi, ou te gentan sove. Ou te gentan sove pou'w pase letènité'w nan syèl avek Bondye. Nan tan ki rete isit sou tè a, pa gen anyen pou'w fè ankò. Kounye a ou beni e Sentespri Bondye a rantre nan kè'w.

Nou espere ke wap vle transmèt benediksyon sa ak lot yo. Pale yo de liv sa a pou je yo kapab ouvè.

Ou gen kounye a yon misyon. Asire'w ke'w li chapit 6 lan pou'w konnen sa li ye. Pa enkyete'w se pa yon misyon ki difisil, se yon bagay ke wap vle fè. Se yon bagay wap renmen fè.

Si ou aksepte Jezi kom sovè ou, kounye a ou gen possiblite pou'w kite limyè'w briye devan lemond pou yo kapab wè bon zèv ou yo pandan wap bay Pè Selès la glwa.

Lè'w pa pran yon desizyon, li vin yon desizyon

Pa blyie, lè'w pa pran yon desizyon, li vin yon desizyon. Panse a sa pou yon moman, sa ka rive sa pa reyalize si wap retade desizyon'w lan. Se sa Satan espere wap fè. Satan vle pou'w pa aksepte don gratis Jezi a. sa pral vle di Satan gen yon lòt chans. Satan konnen si ou aksepte Jezi pou sove'w, opòtinite pou'l te mennen'w avè'l la fini. Satan kondane deja, men le'w aksepte kado Jezi a, ou pap kondane. Ou pral sove. Ou pral ouvè pòt kè'w epi Jezi ap rantre. Jezi swete pataje avè'w plan selèb li a.

Nan Travay 22: 16 li di:

Kounye a, kisa wap tan'n ankò? Leve non, rele Bondye, resevwa batèm pou tout peche ou yo ka lave.

Koman mwen ta dwe viva pre mwen fin met konfyans mwen nan Bondye?

Ou pral vle onore'l

Si ou aksepte Jezi nan kè'w, ou pral mennen yon vi ki agreyab devan Bondye. Sa ap plis ke yon devwa pou ou, telman wap renmen fèl: se yon plezi pou'w sèvi Bondye.

Bondye te konnen'w anvan'w te fèt e li te wè out e kondane akoz peche Adan. Ben li te vini sou latè, li viv yon vi san peche epi li mouri pou ou. Li mouri pou nou, pou nou pat pase etènite nou nan lanfè, ki se kote nou tout merite paske nou te vyole youn nan komandman Bondye yo. Bondye pat kreye lòm san rezon; se li ki te vle. Li renmen'w anpil. Menm si se ou menm sèl li te kreye sou tè a, li tap vin pou li mouri pou ou, pou'l te sove'w anba jouk dyab la. Tankou bon bèje a.

Lew byen gade sa Jezi fè pou ou, ou pral vle onore'l avek chwaw yo. Li onore'w ak lanmò li, tout sa'w bezwen fè se onore'l avek chwa'w yo. Sa pi senp ke sal te fè a, se pa vre?

Bib la ban nou enstriksyon sou fason nou kapab viv lavi nou pou nou kapab vin sèl ak limyè mond lan kap bay Bondye glwa nan tout sa nap fè. Bib la ban nou konsèy sou chwa ke nap fè kòm ptit Bondye. Konsèy li yo konprann lavi selon prensip e lavi selon gran komandman li an ki se: "Renmen Senyè a, Bondye ou a, ak tout kè'w, tout nanm ou e ak lespri'w. Se premye e pi gran komandman an. E dezyèm lan rele: "Renmen pwochen'w menm jan ak tèt ou."

Men lòt domèn kote ou pral vle ranje chwa'w y oak desizyon'w yo avek volonte Bondye a.

1. Priyorize
2. Etidye la Bib
3. Ale e mande Bondye
4. Mete'w trankil epi tandé
5. Chache yon konsèy diven
6. Reflechi lè pou'w aji
7. Fè egzèsis ak lafwa ou
8. Aprann de erè ou yo

Ann analize chak gress eleman sa yo

Priyorize

Si ou kwè nan Jezi, kisak ta dwe priyorite'w kòm kwayan? Pou Jezi, pi gran komandman an se renmen Bondye ak renmen lòt yo. Swiv komandman an sa pral yon bon komansman lè wap itilize lis travay paw la. Ou vle pran desizyon kap onore ak renmen fanmi ou ak vwazen ou yo menm jan ave'w. Sevre Bondye mande nou pou'n renmen vwazen nou yo menm jan avè nou.

Bondye renmen'w. Sa vle di li ta vle soutni'w nan tout sa wap fè. Lap baw chwa yo e lap rekonpanse'w pou bon desizyon ou pran yo. Gen nan ka, pap gen ni bon, ni move desizyon, sèl preferans pèsonèl yo. Sa yo nan plan pafè Bondye a ak volonte'l pou lavi'w. E tou de (2) ap mennen'w akonpli misyon Bondye gen pou lavi'w la toutotan wap swiv li.

Etidye Bib la

Pawol ou se yon lanp ki anba pye'm, yon limyè kap klere chimen mwen.

Lè wap pran yon desizyon, gen yon kesyon enpòtan ke'w dwe toujou mande: "kisa Bondye di nan sijè sa?"

Lè wap fè fas ak desizyon enpòtan yo, ou ta dwe toujou chache Bib la pou'w wè sa Bondye di nan sijè sa. Sa pral ede'w mande lòt yo, paske yo ka byen konprann Bib la pase'w. Ou ta dwe chache Bib la paske se la wap jwenn oryantasyon Bondye a. Tout sa ki ekri nan Bib la se Bondye ki enspire yo e yo itil pou ansèyman, repwòch, koreksyon ak fòmasyon nan tout jistics. Pawol Bondye a ap dirije kote wap met pye'w.

Ale e mande Bondye

Si ou vle konnen kisa Bondye vle, mande li! Li avè'w nan moman an. Priye. Tann li reponn priyè ou a. Men pa atann lap reponn ou touswit. Souvan, se pa yon lòt moun, oubyen yon sityasyon ou pat prevwa kote lap reponn a priyè'w la. Li kapab pale avèw pa yon zanmi'w oubyen yon moun ke'w pa menm konnen. Li bon anpil nan sa. Bondye telman gen yon lespri mèveye lap few repons nan yon sityasyon oubyen sikontans ki pi etranj lan. Ou kapab yon kote ke'w pat janm konn ye anvan, nan yon moman kote'w pat janm panse, antoure ak yon pakèt moun ou pa menm konnen epi BANG, li baw repons ou an. Lè wap tan repons

Bondye, asire'w kew toujou ba'l Iwanj pou fòs li ak lanmou li gen pou ou. Ou sezi lè'w wè jan li reponn ak priyè'w la. Li renmen fè jan de bagay sa yo ak moun li renmen.

Asire'w kew mande Bondye sajès. Paske sajès la ap rantre nan kè'w e konesans la nap bon pou nam ou. Tout sajès diven ap komanse lèw gen krent nan Senyè a e lè'w gen krent nan Senyè a se le komansman konesans ou nan li. Pinga'w fou; sak fou yo meprize sajès ak enstriksyon Senyè a.

Bondye vle gide'w ak ede'w pran desizyon enpòtan nan lavi'w, e li pwomèt ou lap anseye'w ak enstwi'w nan pawol li. Bondye konnen plan li gen pou ou yo, ak entansyon pou'l pwospere'w pa pou'l nwi'w, li propoze'w pou'l baw lespwa ak yon avni. Kite'l gide'w ak pawol li.

Mete'w trunkil epi koute

Anpil nan nou ap priye, men nou pa tandem vwa li. Nou konsidere la priyè tankou moun kap pale ak pwop tet li. Men Bondye pap ka pale avè'w si ou kontinye ap pale. Fok nou sispann pale e nou dwe tandem. Aprann konnen ak tandem vwa Bondye se yon aspè ki enpòtan anpil nan lavi yon kwayan.

Nou pral plede goumen ak desizyon nou yo si nou pa aprann konnen vwa Bondye. Sonje mouton ki konnen vwa bèje li se li lap swiv. Nou dwe konnen vwa sovè nou an pou nou pa pran move wout la. Paske Bondye konnen sa ki konnen li yo ap konnen vwa li.

Chache yon konsèy diven

Plan yo echwe paske'w pat jwenn konsèy, men avek anpil konseye, yap reyisi.

Pou desizyon ki vreman enpotan nan lavi'w yo, li bon pou'w jwenn konsèy nan men lòt lidè diven. Yon paran, yon paste oubyen menm yon zanmi ki byen konn Bib la kap yon gwo èd pou ou. Yo kapab ede'w retire tout dout ou gen nan tèt ou. Denye bagay pou'w pa fè pa mande konsèy. Yon konsèy se yon gwo bagay ke'w ka resevwa menm nan men Jezi. Pa pè mande'l li.

Mete bò kote'w moun ki gen plis lafwa pase'w. Pwofite de konesans yo a ak sajès yo a, sitou lè'w santi'w pral fè yon erè. Pwofite de konsèy yon zanmi'w ap baw e aprann de li pou'w pa fè menm erè saa yo. Ou kapab rekofote'w lè'w konnen erè'w yo ka ede lòt moun, lè yo nan pwoblem ou kapab ba yo menm rekofò Bondye te baw la.

Reflechi lè pou'w aji

Ki pi bon chwa ki genyen? Sa se kesyon an. Byen pran tèt ou pou'w reflechi ak pwoblem yo epi fè pi bon chwa a. Paske kounye a Sentespri a ap viv nan ou(si out e aksepte'l nan kè'w), ou gen kounye a yon sajès ki abite nan nanm ou kap ede'w gide ak dirije tèt ou. Mande konsèy!

Kijan nap fè konnen nou fè bagay yo nan bon moman, nan tan Bondye a? Bondye konnen lè moman an ap vini. Nou dwe priye epi nou dwe tande. Nou dwe sansib nan fason Bondye kapab mennen nou. Swiv chimen Bondye a ap pèmèt ou genyen nan tan, nan enèji ak nan lajan, san nou pap bliye evite twop pwoblem.

Fè egzèsis ak lafwa ou

Fok ou sonje ke pran yon desizyon se yon pwosesis kip ran tan. Ou dwe soumèt volonte ou anba kontwòl Bondye nan tout desizyon ke wap pran, pou'l ka revele'w pwòp volonte pa li. Mete konfyans nan li, lap aji pou ou.

Lap difisil pou Bondye revele'w plan li si li konnen'w pap obeyi.

Piga nou janm blyie sa; san lafwa nou pa ka fè kè Bondye kontan. Sa selman li mande nou: lafwa nou met piti tankou yon gress moutad, lap fè nou fè gwo bagay. Si nou pa mete'l a leprèv tout bagay ap enposib pou nou.

Nou dwe aprann nan sa nou fè ki pa bon yo

Wap toujou fè erè. Men lè'w se disip Jezi sa vin libere'w de responsabilite'w pou'w vin yon bon desidè ki baze sou erè ou te fè deja yo. Pou'w yon bon desidè se pa yon bagay ou oblige chita pou'w fè. Pafwa, ou bezwen selman rete frankil pou Bondye baw sajès li.

Lèw fè yon erè, asire'w avwe Bondye sa e pou'w mande li padon. Pa kite lenmi an kondane'w. Asire'w mande Bondye sajès. Bondye vle vide sajès sou ou men fòk ou mande'l. lè wap pran yon desizyon, e si ou beni pa rezulta a, asire'w Bondye jwenn glwa li. Yon jou, gade viw e aprann koman out e pran bon desizyon ki bay Bondye glwa. Toupli, wap genyen sajès pawol Bondye kòm moun ki mete konfyans nan li.

Wap komanse wè rezulta reflete desizyon nou yo.

Si ou renmen Bondye, wap beni. A la bon sa bon pou moun ki gen krentif pou Senyè a.

Eske'w vle di lap pwoteje'm? li konsole'm?

Eske Bondye kapab pwoteje'w? wi. Men ou menm eske'w ap pwoteje li? Ben, sa depan de volonte'l e ou pa konnen kisa ki bon pou ou.

Bondye pa pwomèt nou ke lap pwoteje nou nan tout move bagay kap pase nan mond lan. Sa li pwomèt nou se lap mache bò kote nou pandan moman difisil yo. Li garanti nou ke li pap janm kite nou ni vire do ba nou, e lap ba nou fòs ak lapè enteryè lè nou nan moman difisil yo.

Sa vle di, menm ke Bondye gen kapasite pou'l pwoteje nou kont domaj fizik yo e pou'l libere nou kont moun kap nwi nou, sa gendwa pa volonte'l pou'l fè'l. Pafwa, Bondye teste lafwa nou pou'l ka devlope yon nivo siperyè nan lafwa nou ki pral pèmèt nou pwogrese nan pwoblem nou yo pou'n ka pèsevere ak grandi jis nou fin grandi. Lè sityasyon sa rive li pwoteje nou kont eprèv ki kapab yon pwofi pou nou. Lè Bondye pèmèt soufrans nan lavi nou, se yon okazyon pou'w ranfose konfyans nan li.

Li transfòme nou

Pwoteksyon li plis ke yon avantaj pou'w gen yon ti lafwa nan li. Li vle nou konnen li. Li vle pou nou transfome pou nou konnen volonte li. Se vre, Bondye vle nou konnen volonte li. Wap kapab konnen volonte li si ou transfome. Pou'w tranfome: fok ou pase anba difikilte yo ak eprèv yo.

Pafwa, doulè ak soufrans kapab sèvi pou vekse yon moun de yon abitid ke li genyen. E soufrans yo li santi a ka fel chache jwenn Bondye yon lòt fwa ankò. Sa te kapab rive nou. Nou dwe sèvi ak doulè e soufrans nou yo pou egzèse lafwa nou. Pa konsidere pwoblem nou yo tankou yon chay men pito tankou yon egzèsis espirityèl. Lè wap egzèse lafwa ou, wap komanse kreye yon otorite espirityèl e se plis otorite espirityèl ou ap vin pi fò, se plis wap ka apresye sa Bondye te fè nan lavi nou. Si ou fè sa, Bondye ap baw yon lapè ki depase tout konpreyansyon. Lapè lap ba ou a gratis.

Nou pa dwe janm pè

Nou dwe sonje ke Bondye fè anpil bagay nan vi nou ke sa nou pap janm ka wè. Pwoteksyon li an telman gran ke ti konpreyansyon nou an.

Bondye pat janm pwomèt nou yon paradi sou tè. Sa bondye pwomèt nou se lavi etènèl ak tout sa ki gen konfyans nan Jezi pou Sali yo.

Jezi di tou klè ke nou dwe kontinye mande Bondye tout sa nou gen bezwen, men sa pa vle di ke lap toujou ban nou yo, tout lè sa nou konn mande yo pa toujou bon pou nou. Bondye ap antoure nou ak favè kòm boukliye. Si ou rele li e ou konnen non li, Bondye ap reponn ou.

Senyè a pral beni moun ki obeyi ak pawol li

Poukisa Bondye ap beni pèp li a?

Gen yon rezon jeneral ki fè Bondye beni pèp li a. Se pou yo ka pote glwa nan non li. Li beni kèk moun pou'l kapab sèvi ak beni lòt yo. Men pou Bondye beni nou, nou dwe obeyi ak pawol li.

Bondye vire tounen ap pwomèt nou ke lap beni nou avek abondans pou nou kapab grandi nan tout bon zèv. Pou'l akonpli pwomès sa, nou dwe kwè ke lap fè'l. Pwomès Bondye yo ka parèt enposib pou ou, men pou Bondye ki te kreye linivè a, tè a ak tout kreyati vivan yo, anyen pa enposib. Bondye pwomèt nou lap ba nou sa kè nou desire, men ou dwe mande li. Ou pa jwenn paske'w pa mande.

Malerezman pou anpil moun, sel mwayen ke Bondye konnen nou se lè nou gen bezwen oubyen lè nou vle yon bagay. Nou kapab pase semen, pafwa mwa, e menm yon bann ane san nou pa site non li. Epi, depi yon bagay trajik rive nou, kiyes nou rele? Wi, nou rele Bondye. Se tankou ou te gen yon zanmi ke ou pat janm wè depi yon bann ane epi'w rele'l pou'w mande'l lajan. Kisa ki tap repons ou? Si ou onèt, ou tap di: "mwen apenn konnen'w." E pita wap panse a ou menm: "wi, li nèvan pou li ap mande lajan pandan mwen apenn konnen li an."

Poukisa lap diferan ak Bondye? Ou panse'w ka rele'l chak de(2) mwa oubyen yon bann ane e selman lè'w gen yon bagay mal ki rive nan lavi ou e pou'w mande'l pou'l debarase'w ak pwobleme ou yo? Sa pa tap gen sans, pa vre? Men, se sa nou fè. Epi lè Bondye pa reponn ak priyè nou yo touswit, nou fache epi nou di Bondye pa janm ede nou lè nou gen bezwen'l. Panse a sa, se sa nou fè. Men pou li beni nou, li dwe konnen nou e li dwe fè nou konfyans. Li dwe konnen ke wap fè sa li mande'w, lè li mande'w.

Neglijans nou fas Bondye ak dezobeyisans nou nan pawol li ap toujou yon baraj pou'w jwenn benediksyon li yo.

Nou dwe fè sa pawol la di a. Moun ki gade pawol li a e blye sa li di a, yo twonpe. Men moun ki gade pawol li a e fè say o di a, yap beni nan tout sa yap fè.

Eske Bondye reponn ak tout priyè yo?

Pa gen dout ke Bondye tandé chak priyè, menm lè moun lan kwè nan Jezi ou pa. Bondye omnisan, sa vle di li konnen ak wè tout sa kap pase sou tè a. Eske gen yon kote sou tè a kew ka kache pou Bondye pa tandé priyè ou yo? Non, pa genyen. Tout sa wap fè ak panse Bondye konnen e ou gen pou'w rann kont yon jou. Tout bagay. Ben, pèsonn pa ta dwe doute ke Bondye pa tandé tout priyè.

Men, eske Bondye reponn ak tout priyè? E eske Bondye reponn ak priyè moun ki kwè nan li yo ak tout sa ki pa kwè yo?

Jezi pa selman tandé priyè sa ki kwè nan li yo, men li reponn yo, se pa toujou fason nou te vle a oubyen fason nou te mande a. Li di kwayan yo pale avek yon kè sensè e onèt ak fèmte devan twòn li an pou li ka ede nou nan moman nou gen bezwen'l lan.

Nan Lik 11: 9-10 li di nou : *mwen menm mwen di nou: mande, ya ban nou, chache na jwenn, frape ya louvre pou nou. Paske, nenpot moun ki mande, la resevwa. Moun ki chache, l'a jwenn. Ya louvre pou moun kap frape.*

Priyè nou yo te kapab pa jwenn repons

Men, sa pa vle di repons a priyè ou yo ap toujou wi. Pafwa li ta kapab non e pafwa byen, repons lan gendwa yon bagay ki diferan de saw tap tann lan. Se paske Jezi konnen kisa'w gen bezwen pi byen pase'w.

Bon bagay ki gen nan priyè nou yo se ke Jezi konnen entansyon nou; nou pa bezwen itilize bèle mo si entansyon nou pa reyèl ak li, lap tou wè sa. Li konnen si pou'l reponn ak yon priyè eske lap bon pou tout moun, oubyen non. Li konnen si satisfaksyon yon priyè ap fè wayòm li avanse, oubyen non. Li konnen si satisfaksyon yon priyè ap pèmèt nou sèvi oubyen beni lòt yo, oubyen non. Sa vle di ke si tout priyè nou yo pa reponn ak volonte'l, kèk grenn ka rete san repons: fok priyè a rete nan entansyon Bondye.

Nou te chwazi anvan kreyasyon mond lan

Jezi te mouri pou li efase peche nou yo. Sa vle di peche nou yo efase lè Jezi te mouri a, e si nou kwè nan li peche nou yo ap efase. Nan je Jezi, peche nou yo pa sanble ak peche: "menm ke peche nou yo wouj kou san, li kapab vin blan kou nèj tou."

Sa vle di ke Bondye pa rayi pèp li a lè'l peche, sa ki kwè nan Jezi yo. Paske Bondye wè tout moun sa yo atravè pitit li an, Jezi. Bondye te chwazi tout kwayan yo anvan ke mond lan te kreye.

Pa gen dout ke Bondye tandé ak reponn priyè moun ki kwè nan li yo, pou priyè pitit li yok a pisan e fò.

Se pa moun wap panse a

Kiyes Jezi pral beni? Se pa moun wap panse a

Nan Matye 5: 1@12 li di :

Lè Jezi wè foul moun yo, li moute sou yon mòn. Li chita. Disip li yo pwoche bò kote'l. Li tanmen moutre moun yo anpil bagay. Li di yo:

Benediksyon pou moun ki konnen se pòv yo ye devan Bondye, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye.

Benediksyon pou moun ki nan lapenn, paske Bondye v aba yo kouraj

Benediksyon pou moun ki dou, paske ya resevwa byen Bondye te sere pou yo a sou latè

Benediksyon pou moun ki anvi viv jan Bondye vle'l la, paske Bondye va ba yo say o vle a

Benediksyon pou moun ki gen kè sansib, paske Bondye va fè yo wè jan li gen kè sansib tou

Benediksyon pou moun ki pa gen move lide nan tèt yo, paske ya wè Bondye

Benediksyon pou moun kap travay pou lèzòm viv byen, youn ak lòt, paske Bondye va rele yo pitit li

Benediksyon pou moun ki anba pèsekisyon lè yap fè sa Bondye mande, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye

Benediksyon pou nou lè moun va joure nou, lè ya pèsekite nou, lè ya fè tout kalte manti sou nou paske se moun pam nou ye. Fè kè nou kontan.

Wi, nou mèt kontan nèt, paske yon gwo rekonpans ap tann nou nan syèl la. Se konsa yo te pèsekite pwofèt ki te vini anvan nou yo.

Menm si anpil nan nou renmen gen siksè, popilarite, richès, yon gwo kay, yon bèle machin ak anpil lòt bèle bagay, se pa jan de benediksyon sa yo Bondye swete pou nou. Bondye vle pou nou genyen li menm. Li vle nou genyen lanmou li, padon li, sajès li, sèvis li pou lòt yo e plis ankò paske se bagay sa yo ki pral enpòtan nan Wayòm li an yon jou.

Lè nou wè moun ki kontan avek tout bagay chè yo genyen, sa pa vle di yo kontan vre e ke yap rekolte rekonpans etènèl la tou. Se aparans eksteryè, yo vle moutre yo kontan, men aparisyon ekstèn yo twonpe.

Si ou toujou gen bon relasyon ak Bondye wap beni nan domèn ki te destine pou pitit li yo. Wap genyen vrè lajwa a ak lapè nan lavi'w. Ou pap bezwen lot bagay ke li menm pou'w kontan. Swiv Jezi e wap jwenn repo pou nanm ou.

Ou kapab Iwen Bondye

Men se enpotan: ou pa kapab lib de peche jiskaske Jezi libere'w. Toutotan ou pa asepte don Jezi a, ou separe de Bondye akoz peche ou yo. Nenpot moun ki chwazi zanmi lemond vin enmi Bondye. Li di a moun ki pat gentan sove yo ke wap jwenn li lè ou chache'l ak tout kè'w. Bondye pa pran okenn plezi nan lanmò moun ki pa sove yo.

Kisa ki rezève pou yon kwayan nan Jezi ki kontinye ap peche?

E moun ki te obeyi kòmandman Bondye yo an menm tan men depi lè yo “tonbe nan favè” e vin konplike nan peche? Eske Bondye toujou renmen yo? Repons lan se wi. Bondye tout bon an renmen rachte yo menm lè yo peche paske Sentespri Bondye a ap viv kounye a nan yo pou lapriyè pou yo.

Men gen yon gwo diferans ant yon moun ki tonbe nan favè e kap fòse pou’l vin tounen sèvitè Bondye ak yon moun ki tonbe nan favè a e ki pa fè okenn efò pou’l retounen jwenn Bondye. Nomalman, se yon moun ki chwazi kontinye viva k volonte’l nan peche. Pou sa ki refize obeyi ak pawol Bondye a, Bondye tandé priyè nou yo, men li pap reponn nou.

Pou moun ki te tonbe ak separe de favè(gras) li a e kap eseye tounen vin jwenn li, yon bon priyè avek lafwa ap fè moun lan vin novo e Senyè a ap resisite yo e lap padone yo. Lap tandé priyè yo e lap reponn yo.

Dezobeyi Bondye kapab sanble yon jwèt nan epòk la men sa pap few jwenn benediksyon li yo. Bondye pral discipline kwayan yo lè yo peche, paske Bondye discipline moun ki renmen’l. Nenpòt moun kap pèsiste nan peche, moutre ke li pa swiv kòmandman li yo, e, lè konsa, Bondye pa tandé priyè’l yo. Men, li pa prese fè kòlè. Lap konsève anrejistrem an e moun ki peche a pral gen pou’l rann kont jou jijman an. Sa pral tris pou moun ki met konfyans nan Jezi e ki kontinye ap peche ak volonte’l, Bondye pap konnen’l, e li pap kapab tandé priyè kwayan kap peche ak volonte’l.

Kijan Bondye beni moun ki sèvi li fidelman?

Gen yon bel senfoni lè nap swiv pawol Bondye a. Lè nou swiv pawol Bondye a e nou fè Jezi konfyans, sa ap mennen nou gen yon lajwa otantik nan tout sa nap fè, sa ki fè nou anvi bay Bondye glwa. E lè nou bay Bondye glwa, li vle mennen benediksyon sou nou. E lè nou jwenn benediksyon sa yo sa ban nou plis lajwa. E avek pil jwa sa yo nou vle bay Bondye glwa. Wi, ou wè sa kap pase la.

Sa ki pa bay Bondye glwa, yap kontinye mache nan fènwa e yo pap gen lajwa nan lavi yo.

Paske Sòm 128: 1@4 di: *Ala bon sa bon pou ou, ou menm ki gen krentif pou Senyè a, ou menm kap mache nan chemen li mete devan ou an!*
Avek travay ou fè ak men ou, wap jwenn manje pou ou manje, wap kontan, zafè ou ap byen mache.

Madanm ou ap tankou yon pye rezen kap donnen anndan kay ou. Pitit gason ou yo ap tankou jenn ti plan oliv tout arebò tab ou.

Se konsa Senyè a ap beni moun ki gen krentif pou li!

Lew beni e wap viv pou Senyè a se viv yon vi kap fonksyone toutbon. Se yon vi ki plen lajwa menm lè difikilte yo vini nan fason'w. Se yon vi ki fe'w pa engrà e wap wè pwen pozitif yo nan tout sikontans lavi a menm lèw ta kwaze yon move moun sou wout ou. Se yon vi ki ap tann san pasyans sa kap pase ke li gade dèyè e pou'w santi'w mal de sa li te dwe ye. Lè'w gen krentif pou Senyè a, e ou asepte Jezi nan kè'w, se kle lavi mèveye ke'w kapab genyen.

Jan 15: 16 di: *Se pa nou ki chwazim, se mwen menm ki chwazi nou, ki mete nou apa pou'n ale, pou'n ka donnen, pou don nou ka konsève.*
Konsa, Papa a va ban nou nenpòt kisa n'a mande nan non mwen.

A la yon bél pwomès sa a.

Poukisa ou pa ta dwe jwenn benediksyon?

Ou dwe obeyisan ak pawol Bondye a pou'w jwenn benediksyon li yo. Lè'w dezobeyi Bondye oubyen wap viv nan peche, obstak yo ap toujou la pou bare benediksyon Bondye a. Bondye rayi peche e li fache pou mechan yo. Men, Bondye renmen tout moun e li vle pou nou repanti pou'n ka sove , e li ap tann ou avek pasyans pou nou repanti. Bondye pwomèt nou lap beni tout moun nan fason ke'w pat janm panse a si yo swiv komandman li yo.

Pou'w jwenn benediksyon Bondye a fòk ou tann. Moman Bondye a pa almanak ou. Plizyè fwa, nou vle pou benediksyon Bondye vin sou nou nan menm moman an, men Bondye pa fonksyone konsa. Lap beni ou lè se moman pou'w beni. Ebyen ou dwe tann, Bondye ap teste lafwa ou. Kapasite ou genyen pou'w tann pral egzije'l ke'w konfyan pou sa li ye ak sa li ka fè nan vi ou. Ou dwe konfyan nan sajès li, presizon li, lanmou li, padon li, e ou dwe fè prensip li yo konfyans, pwomès li yo ak pisans li. Ou dwe gen lafwa menm jan ak yon ti gress moutad. Si'w gen lafwa menm jan ak yon ti gress moutad, li pwomèt ou anyen pap enposib pou ou.

Bondye pral voye benediksyon li yo bay moun kap chache'l e kap tann li avek lafwa. Tann Bondye anseye nou pou'n fikse je nou sou li tankou yon sous nan lavi nou. Pandan wap tann, pa panse ke lot moun sanble reyisi nan move bagay yap fè yo Bondye kapab boukliye ou ak fòterès ou. Si ou mete konfyans ou nan li, fondasyon ou pap janm souke. Ou kapab manke fòs si ou eseye goumen ak pwop pouvwaw, men Bondye pral baw fòs nan fatig ou yo e lap ogmante pouvwaw nan feblès ou yo.

Se pou nou angaje

Li posib pou ou pa jwenn benediksyon Bondye a, se paske ou pa angaje'w nan Bondye e nan ansèyman li yo. Nan je Senyè a, ou mèt konsidere'w tyèd. Lè bagay yo bon pou ou, ou bliye Bondye. Apresa, lè yon bagay grav rive nan lari'w, ou rele'l epi ou mande'l pou rezoud pwobleman lan. Ou santi'w fret epi'w cho, kòm ou pat fèl konfyans nan chak gwo desizyon ou yo nan lavi'w, kijan lap fè met konfyans nan ou?

Bondye bezwen angajman ou. Li dwe konnen kote wap viva k si ou fè prensip li yo konfyans. Manke angajman nan Bondye ak prensip li yo se pi gwo pwobleman sosyete nou yo kounye a. Tout moun vle gen tout bagay e yap fè tout sa yo vle pou yo genyen'l. tankou: mansonj, frod, karaktè malonèt, menm si sa vle di yo pran devan pou viv sou do lot yo.

Anpil moun sanble ap viv yon vi san yo pa gen yon angajman ki reyèl, ni menm prensip. Anpil moun di sa yo kwè ou vle tande a san yo pa panse ak sa yap di a. Yo ap di yo kwè nan Bondye, men yo pa viv nan prensip li yo. Yo swiv prensip Bondye ke yo renmen epi yo dezobeyi rès yo, tankou rès yo pa vle di anyen. Yon moun ka marye epi nan pita li divòse. Se yon mod vi ki tris e ki pa angaje'l ke Bondye rayi. Bondye bezwen angajman'w. Si ou pa a 100% pou Bondye e ou pa angaje nan prensip li yo, sèke ou kont li. Jan ou te kapab imajine li a, si ou pap viv yon mod vi ki angaje kote Bondye kapab fèw konfyans ou pap jwenn benediksyon li.

Kisa'w kapab fè pou'w jwenn benediksyon Bondye a?

Bondye dwe fè'w konfyans

Eske yo kapab fè'w konfyans si wap jere yon pakèt lajan san ou pa tante?

Eske si yo baw yon pòs chef nan travay ou a, ou pap blese lot moun oubyen sèvi ak tèt ou?

Eske'w kapab kenbe yon sekrè san ou pa vyole konfyans yon moun?

Se kèk nan bagay Bondye ap chache yo anvan li beni ou. Li dwe konnen ke li kapab fè'w konfyans ak bagay sa yo. Karaktè ou kontre ak avek chwa ou fè lè yon moun ap gade'w. karaktè ou konsène desizyon ke wap pran, desizyon ou yo dwe konsistan ak konfyans nan Bondye.

Bondye ap chache moun avek pwop kè li. Si Bondye pa ka konte sou ou pou'w konsistan e konfyan nan chwa ou yo, benediksyon li yo ap pote malè pou ou.

Men kèk lot egzanp.....

Si yo pa ka few konfyans avek lajan, lap konnen wap bliye'l si li baw plis.

Si ou pa merite konfyans nan yon otorite, lap konnen wap abize pozisyon'w ak pouvwaw si li baw plis.

Si yo pa few konfyans nan pataje bagay avek yon lot, lap konnen ke ou gen ti vis e ke wap kenbe bagay ki la pou beni lot moun.

Si yo pa ka few konfyans avek yon sekrè yon moun, zanmi ou yo ap aprann key o pa ka few konfyans, ni Bondye tou.

Pou Bondye kontinye padone fot ou yo, li dwe konnen ke wap padone lot yo le yo few yon bagay ki mal.

Pou Bondye voye benediksyon li yo ba ou, ou dwe fè atansyon e li dwe konnen ke wap toujou fè bon bagay, menm si li few mal.

Li dwe konnen si li beni'w, wap yon benediksyon pou lot yo.

Si ou toujou ap di ak fe bagay ki fe moun plezi olye ou fe sa ki bon, Bondye ap konnen ke li pa kapab depann de ou pou'w pran bon

desizyon an lè lap plis gen bezwen li an. Si li pa kapab depann de ou, poukisa li oblige beni ou ak bagay ki pral kapab gaspiye?

Bondye kapab teste lafwa ou pou li wè si li kapab few konfyans. Le li teste lafwa ou se pou li ka konnen si lap ka depann de ou nan gwo kou nan piti nan difikilte yo ak pwoblem yo, nan doulè ak soufrans, nan echèk yo ak fristrasyon yo.

Wap beni lè...

Ou pa gen pèsonn pou ede'w

Ou mete inyon nan moun ki nan kont

Yo met pèsekite'w ou toujou rete fèm nan lafwa'w

Pou moutre pitye ak moun kap pèsekite'w yo

Ede sa ki nan bezwen

Ou tandé pawol Bondye a e ou obeyi li

Lespri'w ak kè'w nan lespri li ak kè li. Konnen feblès moral ou a epi mande Bondye pou'l padone'w pou peche ou yo. Mande sajès. Pa bat lestimak ou pou'w di se ou ki kapab fe men lage viw bay Jezi epi konte sou fòs li. Lè ou fatige wap jwenn repo nanm ou nan Bondye.

Se selman pa Bondye wap kapab konble vid ki nan nanm ou an, vid ke wap eseye ranpli avek plis bagay nan vi'w la. Pa eseye konble vid ou a avek plis bagay. Sèl Jezi ki kapab konble vid ou a.

Yon kado mèveye pou pitit nou yo

Sa vin yon benediksyon emèveye lè wap okipe lòt yo. Anpil moun panse ke se moun ki jwenn laswenyaj ki beni. Men, an reyalite, se tout kontré

a. Moun ki beni yo se sila yo ki lonje men bay lòt yo. Li reziste ak pwop enterè pèsonèl li e li sèvi ak lot yo e li blyie tèt li. Sa vle di ou beni lot yo paske ou beni. Se kite benediksyon Bondye yo travèse'w al jwenn lot yo.

Ede lot yo se yon kado mèveye ke nou kapab ofri a pitit nou yo. Pitit ou yo ap aprann ke lè yo beni lot yo, yap beni toutbon. Se yon kokenn chenn benediksyon Bondye ap ansenye nou: "wap pi beni le'w bay ke le'w jwenn". Mande sajès e wap renmen lavi, epi sa ki apresye konpreyansyon va pwospere.

Men pa janm blyie, menm si nou angaje ak Bondye e ke nou fè tout sa ki bon pou beni lot yo, nap toujou konnen difikilte yo, doulè yo, soufrans yo, pwoblem y oak enjistis yo. Lè nap fè fas ak eprèv yo, Bondye ap ban nou fòs nan fatig yo e lap ogmante pouvwa nan feblès nou yo. Lè nous anti difikilte yo, li fasil pou'w devlope yon atitud ki negatif e ou ka fache kont Bondye, men nou dwe kenbe yon atitud ki pozitif ak konfyans nan Bondye. Pèsekisyon ak soufrans se okazyon ke nou dwe eksperimente pou nou jwenn byenèt nou nan Bondye sèlman.



CHAPIT 6

Mwen te kreye pou yon misyon

Ou te nan plan Bondye anvan ou te fèt

Nan liv li a

Ou konn mande tet ou poukisa ou te fèt? Ou konn mande tet ou poukisa Bondye mete'w sou tè sa e pou ki rezon ou la? Ou gen pou'w panse ak tout bagay sa yo, e nan yon moman nan lavi'w, lespri enteryè nou vle konekte ak sa ki te kreye nou an pou ede'n konprann poukisa nou te fèt ak pou ede nou konnen nan lavi sa ki misyon nou ak bi nou.

Bondye gen yon plan pou ou. Li te gen yon plan la pou ou anvan ou te fèt. Eksperyans ke ou fè nan lavi ak pwoblem ke'w konnen yo pat yon aksidan. Tout antre nan gran plan Bondye a(sa vle di devan tapi a). Nesans ou ak avni'w tout te òdone. Tout sa yo te planifie pa Bondye pou yon bi espesyal. Tout eksperyans ou yo se pou lavi espirityèl out e kapab grandi.

Lespri nou se pou sa Bondye te vin sou tè a

Lè nou komanse poze kesyon sa yo, sa vle di ke lespri nou envite nou aprann poukisa nou te kreye e pou chache bi nou. Se lespri ki nan nou an Bondye vle sove; lespri nou se rezon ki fèl te vini sou tè. Bondye pat vini sou tè a pou'l mouri sou kwa a pou'l te sove kò terès ou a. Li te vini sou tè a pou sove namn ou, ki se lespri ou. Kò nou ap ret sou tè a. kò nou fèb e yap toujou plen pwoblem. Anpil nan feblès nou yo se mwayen pou plan Bondye manifeste. Kò nou ap kontinye echwe nou paske yo pat fèt pou etènite, men lespri nou te fèt pou etènite. Se lespri nou ki ba nou yon garanti a sa kap vini yo.

Dezi kè nou pou'n konnen kiyès nou ye ak poukisa nou fèt komanse yon nouvo direksyon nan lavi nou. Nou tout te kreye pou yon misyon, men Bondye kite nou chak pou'n konnen kisa li ye. Bondye ban nou Sentespri li a pou viv nan nou, pou ede nou jwenn repons lan ak kesyon enpòtan an. Men, pou Sentespri Bondye a ede nou, nou dwe kwè ke Bondye te vin sou tè a nan Jezi pou'l te mouri pou nou. Se sèl fason Bondye te ka ede nou. Li pap antre nan kè ou jiskaske'w envite'l.

Si ou li liv la rive jis la, ou ka ap chache repons a kesyon say o. Ou ka vle konnen poukisa ou te fèt ak ki plan Bondye gen pou lavi ou, sitou si ou te pase nan moman difisil. Pwoblem ou te jwenn yo ka fason Bondye fè pou ou tounen vin jwenn li. Li te kreye ou, li konnen ou epi li vle ou viv yon lavi ki plen ak bi e siyifikasyon. Men, pou'w fè sa ou dwe konnen li.

Bondye ta renmen nou tout transfòme nan renouvre lespri nou pou nou ka pwoche pi pre lespri nou ak fè volonte Bondye pou lavi nou. Chak grenn nan nou konnen ke gen plis vi ki pase viv jan nou ap viv la. Bondye pat janm te vle nou rive nan tet yerachi Maslow a ki rele "oto-reyalizasyon" (tout moun se mèt tèt yo, tout moun gramoun nan fè sa

yo vle). Oto-reyalizasyon pou ou se opoze ak volonte Bondye. Oto-reyalizasyon se fason Satan vle detwi nou tout.

Ou te kreye ak yon potansyèl(kapasite pou'w aji) e posiblite ki pap fini

Lè nou komanse gen santiman sa yo, lespri enteryè nou an ap komanse reveye'l. Nou se èt espirityèl, men anpil nan nou pa fè eksperyans sa a. Lespri nou telman pi fò ke kò fizik nou yo, men lespri nou se pa yon bagay ke nou eseye konprann men nou dwe fè li. Nou gen yon reyon limyè ki anndan nou ak yon bagay nèf ki nan nou, nan tet nou, ki difisil pou'n konprann men Bondye vle nou aprann klere anndan nou. Bondye vle pou limyè nou an konekte ak limyè li a e avek Jezi s aka akonpli. Lavi nou nan do tapi a brode sou devan an nan paradi Bondye a e Jezi se fil ki pral mennen nou nan syèl.

Paske nou te kreye ak imaj Bondye, lespri ki nan nou an ap toujou eseye pouse nou antre nan aksyon. Li te ka ti vwa sa ki nan tet ou nan minit sa a kap eseye mande ou pou'w chanje pou'w chache ak konnen ki moun ou ye. Pa kite santiman sa yo soti nan tet nou. Petet se Bondye kap eseye pouse ou soti nan zòn ou santi ou alèz la.

Yon santiman ensatisfaksiyon (kontrarye)

Eske'w pa konn bay tet ou pwobleman nan eseye konnen poukisa ou te fet? Kontraryete ou ka santi ke Bondye envite ou chache volonte pafè li pou lavi ou. Pa inyore santiman sa yo. Santiman sa yo se Bondye kap

eseye ede ou pou'w pa asepte avek mond sa a, pou'w ka aprann volonte li pou lavi ou. Li te chwazi ou anvan kreyasyon mond lan pou'w mennen yon vi ki apa ak san repwoch nan je Bondye. Nan li, yo te chwazi ou, yo te konsakre'w dapre plan li e selon bi volonte li.

Volonte Bondye pou lavi ou telman anpil ke ou pat ka imajine.

Benediksyon Bondye yo pral koule nan lavi'w pandan'w ap swiv li. Petet se lespri Bondye ki nan ou ki pouse'w konnen ki bi ou. Tande sa lide ou ap di'w epi gen konfyans nan chanje lavi ou, pou ou ka viv epi aprann poukisa ou te kreye.

Ou ta dwe ap travay

Malerezman, konprann volonte Bondye pou lavi ou se pa yon bagay ke yo pral remèt ou sou yon plato an ajan. Ou ta dwe ap travay. Bondye vle ou konnen volonte li; li pa kache li. Men, ou dwe chache li. Ou dwe komanse rechech ou an, pandan ou rayi bagay sa yo nan mond sa a.

Sonje byen, Satan gen kontwol ak dominasyon sou mond nou ap viv la, ki vle di si ou kontinye tande mesaj sa yo "mond lan" voye sou wout li, ou tou senpleman dako ak respekte anpil chema Satan, despsyon li yo ak mesaj kap detwi nou. Si ou kontinye respekte wout li a ak mesaj li yo, yo pral mennenw sou chimen li an, e nou konnen ki kote wout sa ap mennen'w. sa ap mennen'w nan fènwa. Sa ap mennen'w lwen pwotektè ou a, bèje ou a.

Bondye vle chak moun jwenn bi lavi yo. Malerezman, tout moun pap fè li. Tout moun pap jwenn li, ni yo pap chache li. Se responsabilite pa'w pou'w chache jwenn volonte Bondye pou lavi ou, pèsonn pa kapab fèl pou ou. Pou'w jwenn li, oud we chache li. Kijan wap ka jwenn yon bagay si ou pa chache li? Se rechech la ki merite yon travay. Pi bon fason pou'w fè se pou'w li sa li di'w nan manyèl enstriksyon li an ki se Bib la.

Liv sa a fèt pou ede ou epi pou ba ou yon apèsi sous a Bib la di, men Bib la ap pi konplè. Bib la se pawol Bondye a konple e egzat.

Ouvè kè'w ba li

Liv sa te komanse lè li di ke dezyem desizyon ki pi enpotan ou ka pran se louvre kè ou. Lè ou li liv sa a, ou te komanse pwoesisis sa a e ou te kenbe kè ou louvre. Bondye pap janm fòse antre nan kè'w, li toujou ap rete tan jiskaske ou envite li. Li konnen ou te fèt ak kreye pou'w konnen ki moun li ye. Kè ou dwe kounye a rete louvre pou'w aprann, santi ak dezire pou'w konnen kiyès Bondye ye. Gen anpil bagay pou'w aprann. Lè'w dekouvri kiyes Bondye ye, wap aprann ke li telman renmen'w. Sa pa fè anyen ke sa'w te fe nan pase'w, oubyen saw pral gen pou'w fe pi devan, si ou asepte don gratis li a ki pap separe'w ak lanmou Bondye a?

Eske'w aksepte kado gratis li a? si ou pa genyen li, tounen nan chapit 5 lan e li priyè ke yo baw la e jis kwè li. Fè sa kounye a. wap telman kontan ke ou te fel. Travay ou ap fet.

Selman kwè

Kounye a, ou konnen poukisa Bondye te vinn sou latè pou viv nan mitan nou. Se paske li renmen nou e li te vin pou sove nou. Li te vin delivre nou anba peche nou yo, yon bagay ou pat janm ka fe pou tet ou. Se selman Jezi ki ka delivre'w anba peche ou yo e se egzakteman sa li te fe. Bondye te vin sou te a epi li te peye pri final la pou ou. Li mouri pou ou.

Sa a mennen nou nan desizyon ki pi enpotan ou ka pran nan aprann ki moun Bondye ye. Repons lan byen senp: se kwe nan Jezi. Ou dwe kw eke Bondye telman renmen mond lan, li te voye sel grenn pitit gason li

an, Jezi, sou te a pou sove ou anba peche ou yo, pou nenpot moun ki kwe nan li pa peri, men pou yo gen lavi etenel.

Bondye ap gade. Li te kreye ou epi li app ran swen angajman ou. Li te vini sou te a pou'l te mouri pou ou e poutet sa li te fe a, li dwe konnen ke ou kwe nan li. Li dwe konnen ke ou pran angajman'w pou'l kapab ede'w nan tout bagay.

Plan li a te san tach e pi. Se te yon plan ki te gentan la depi le Adan te peche. Plan Bondye a vle di ke nou tout gen bezwen yon sovè. Men, pou'w ka sove, oud we kwe. Se vreman yon plan ki sen ki devlope nan yon Bondye ki sen. Se selman kwe pou'w ale nan syel.

Pa gen okenn lot fason e pa gen okenn lot non ki ka sove nou. Tout moun ki kwe nan Jezi e ki pwoklame'l ap libere. Sa gen ladan padon pou pase ou yo, prezan ak tout peche ou yo nan lavni'w. se pa fave Bondye ke ou va sove. Pa gen lot bagay ou ka fe pou'w jwenn yon tike nan syel la. Ou pa kapab ni touche li oswa ni achte'l. tout sa ou dwe fe se deklare lafwa ou nan Jezi.

Tout bagay komanse ak pawol Bondye a

Se konsa, ou te ka mande: "koman pou'm jwenn volonte Bondye pou lavi mwen?"

Tout bagay komanse ak pawol Bondye a piske pawol Bondye a se volonte Bondye, bi prensipal Bondye se pou nou viv selon volonte'l, epi lè wap viv selon volonte'l wap gen lapè sinatirèl ak kè kontan sinatirèl ki pral antre nan lavi ou. Se lè sa tou benediksyon Bondye yo kapab komanse koule nan lavi ou.

Pa gen okenn metòd espesyal ke ou dwe swiv pou'w fè volonte Bondye a. Ou dwe selman vle viv yon vi ki sen, san repwòch ak yon vi ki dakò ak

volonte li; se sa ki pral ban nou yon dimansyon espirityèl. Lè ou fè sa, Bondye pral komanse revele repons ou tap chache yo. Lè'w fin louvri kè'w, ou priye ak mande repons yo, ou pral komanse resevwa revelasyon ke lap ba ou yo. Wap jis bezwen mande epi lap fè'l pou ou. Se lesprisen Bondye a kap enstale nan kè'w kap ba ou yon nivo konpreyansyon ak konesans ke ou gen bezwen. Nivo konpreyansyon sa pral bay lavi ou yon sans ak yon bi.

Lè'w komanse ak vwayaj ou a, asire'w ke ou mache tou piti.

Lè'w fè sa, lap mete yon limyè espesyal nan lavi ou epi lap yon lanp kap klere kote wap met pye'w. Limyè Bondye a ap gide'w nan tout sa wap fè e limyè Bondye a pral pèmèt ou briye limyè pa'w sou lot yo pou li ka beni yo jan li te beni ou a. Paske se Espri li a ki se lanp Senyè a kap klere tout ou menm(anndan kò'w kou deyo).

Piga'w dekoraje si volonte Bondye pou lavi ou pa plonje sou ou menm moman ou komanse ak vwayaj ou a. Repons ak priyè ou yo ap vini tanzantan, tankou ou tap flannen nan yon raje. Plis wap mache, se plis yap avèti'w e se plis wap wè. Pandan wap chache a, asire'w ke ou mache tou piti paske trezò Bondye a e repons li yo ak priyè ou yo dèyè chak plant, nan chak wòch, nan chak pyebwa ak nan chak rigol. Asire'w ke ou gade bèl nyaj yo pandan yap woule.

Trezò Bondye a ak benediksyon li yo ap vin jwenn ou sou anpil fòm. Pou'w konnen benediksyon Bondye yo, ou dwe toujou ap veye e lè'w ap veye, benediksyon li yo pral komanse pale ave'w. Pi souvan, nou mache twò vit e nou manke wè benediksyon li yo. Sa ka rive si nou kite plezi mond lan mennen lavi nou ak si nap mache twò vit. Youn nan

objektif Satan se pou'l distrè nou avek travay nou, televizyon, odinatè yo, jounal yo, media sosyal yo ak anpil lot bagay, yon fason pou nou pa wè ak konnen benediksyon Bondye yo oubyen eksperyans Bondye a. Sonje byen, Satan pa vle ou rankontre Bondye, paske Satan ap fè tout sak posib pou li fè'w mache twò vit pou'w ka pa ni wè ni konnen benediksyon Bondye yo. Ralanti e reziste ak tout riz Satan yo e lap kouri pou ou.

Menm jan ou idantifye ti pwomennen ke nou fè nan raje a se konsa tou pou'w fè Senyè a konfyans ke lap revele nou plis volonte'l. Paske bi Bondye se pou sel ptit li a Jezi glorifye, se pou mesaj Wayòm li an pwoklame e anonse toupatou nan mond lan: se li ki Wa tout Wa, Senyè tout Senyè.

Volonte Bondye a pap chita sou talan'w yo ni sou kapasite natirèl ou yo

Nou konnen kounye a e konprann ke Bondye bay nou chak anpil kado diferan, talan diferan ak anpil kapasite diferan. Nou tout te diferan. Kèk nan nou fò nan bagay atistik, kèk nan syans, genyen ki mèveye pou yok a manman ak papa ak byen pran swen timoun, kèk bon nan espò, kèk ekselan nan anseyman, kek bon avek bagay mekanik, e lis la kontinye pi lwen. Konpetans nou yo se Bondye ki ban nou yo.

Yon erè ke anpil nan nou fè lè nou aksepte ke tout bagay bon, e ke se volonte Bondye pou lavi nou. Nou di ke si nou bon nan yon bagay, sa vle di ke Bondye vle nou itilize li pou ankouraje Wayòm li an. Sa a te ka vre, men nou pa ta dwe asime ke se li Bondye bay chak nan nou konpetans ak kapasite ki inik, ki se yon bel bagay, men si nou jis chita sou bagay sa yo pandan nap chache volonte Bondye pou lavi nou, nou

ka manke yon bagay ki enpotan anpil. Nou dwe konte sou Bondye. Nou dwe gade'l pou sipò nan tout domèn nan lavi nou. Volonte Bondye se gen yon relasyon avek li, konekte ak li, bezwen li, swiv li ak viv yon lavi daprè prensip li yo.

Ann pa fè antre soti

Lè nou konnen nou bon toutbon nan yon bagay, lè nous anti ke nou telman bon e ke nou pa bezwen èd nan men moun, se lè sa a nou te kapab kontoune sa Bondye vle pou nou. Volonte Bondye pou lavi nou telman anpil ke nou chita sou talan nou y oak ide natirèl nou yo.

Bondye vle nou fè'l konfyans. Bondye vle nou fè bagay nou pa janm ka fè san li(tankou ekri liv sa a). Lè nou kondwi tèt nou lakay nou, nou envite ou akonpli san li, sa ranfòse lafwa nou nan li e nou debòde ak mèsi.

Objektif nou ta dwe yon lavi ki fè Bondye plezi epi pou pèmèt Sentespri a akonpanye desizyon chak jou nou yo. Paske Senyè a di: Li pral beni moun ki swiv li yo.

Benediksyon yo pral tonbe

Lè wap viv selon volonte Bondye ak pandan wap travay pou akonpli objektif ou, Bondye ap ofri'w yon lapè sinatirel ak yon kè kontan sinatirèl nan lavi ou. Sa a se kado Bondye pou ou, pou'l ka beni ou epou'w ka beni lot moun. Kado li a ap rezulta yon konfyans nan tout sa

wap fè. Bondye ap ede ou pran desizyon kle nan lavi ou, desizyon ki pi fasil yo ap pi klè yo ki pral ba ou yon lapè anplis.

Pwovèb 3: 5-6 la di: Mete tout konfyans ou nan Senyè a. Pa gade sous a ou konnen. Toujou chonje Senyè a nan tout sa wap fè. Li menm, la moutre'w chemen pou ou pran.

Men, sa pa vle di ou pap gen pwoblem ni taka nan lavi sa. Men, kom kwayan nan Jezi, ou ka gen kè kontan nan mitan feblès ou yo, eprèv ou yo, pèsekisyon ou y oak difikilte ou yo, ou kapab grandi nan lafwa e avek plis matirite esprityèl. Ann pa blyi Jezi te genyen batay la, gè a fini. Jezi bat mond lan.

Bon kè kontan ki nan lavi ou ap jwenn volonte Bondye pou lavi ou. Kenbe pawol Bondye a kom fondasyon ou epi gade plan li a kap deplie devan je ou. Se lè sa a ou pral komanse resevwa kèk konsèy anplis sou kijan lavi ou adopte nan bel konsepsyon glwa li a.

Sèvis oubyen don wap bay yo, se pa pou ou yo ye.

Ann viv ansanm

Nou te aprann nan chapit 2 a kijan nou te fèt diferan de tout lot moun e piske Bondye te fè nou chak espesyal ak inik pou yon rezon. Nou te aprann tou ke li gen yon plan ak yon objektif pou chak moun e ke plan li se wi e amen pou tout jenerasyon.

Se konsa, ou ta ka mande: kom nou tout nou diferan, kijan nou ka travay ansanm pou fè Iwanj Bondye? Li sanble enposib. Men, men repons lan: si nou kwè nan pawol li a, nou kapab viv e travay ansanm youn ak lot, paske se konsa Bondye te kreye nou. Li fè nou pou youn konplete lot.

Yon bon egzant se kò ou. Kò ou gen anpil mòso diferan e chak nan pati sa yo, tout se mirak, yo dwe travay ansanm pou kò ou fonksyone byen. Menm bagay la tou pou ou, pou mwen ak pou tout moun ki kwè nan Jezi. Se mirak diferans nou yo ki pral pèmèt nou travay nan inite ak amoni atravè lafwa nou nan Jezi. Se selman nan Jezi ke anpil diferans nou yo kapab total, nan inite selon bi li.

Lè ou kwè, Bondye ap baw yon kado espesyal

Nan moman menm wap fè priyè a nan chapit 5 la, se lè sa a Lespri Bondye a pral rete nan kè ou. Kounye a, Bondye ap baw yon kado espesyal, yon don espirityèl, kap rete nan nanm ou. Don espesyal sa a pral pèmèt prezans Bondye aji nan lavi ou ki pral ede ou konprann epi grandi nan favè(gras) ak konesans Jezi. Kado espesyal sa a se yon benediksyon Bondye. Li pral ede ou sèvi lot moun epi li pral ede ou bati Wayòm li an nan inite ak nan tèt ansanm ak lòt kwayan yo.

Kom kado espirityèl sa a pral ede fome ide ou sou lavi ou ak bi ou, li enpotan ke ou aprann ki kado yo te ba ou, paske gen anpil kado differan ke Senyè a bay pèp li a. Gen kèk moun ki pral resevwa yon kado, ak kèk moun ki pral resevwa plizyè kado. Men, chak moun ap resevwa omwen yon kado espirityèl nan men Bondye lè ou aksepte Jezi kom Senyè ou ak Sovè ou.

Kado ou resevwa a se yon devwa Bondye ba ou ak yon dezi pou ou akonpliyon fonksyon espesifik nan kò Kris la. Se yon kado yo te ofri'w ak yon enèji sinatirèl ki ran sèvis ou yo ak lòt yo nan kè kontan san yo pa fè gwo efò. Eske ou te resevwa sa? Wap itilize kado ou a pou'w sèvi lot yo e wap renmen fè'l. Ou pa ka chwazi ki kado wap jwenn paske Bondye chwazi'l pou ou, men pa enkyete'w paske wap kontan avek kado wap jwenn lan.

Lè ou fin resevwa kado ou a, ou pral gen opòtinite pou devlope'l ak fè'l pi byen. Sa vle di ke menm si Bondye ba ou yon kado sinatirèl, li pral posib pou'w rann li pi bon. Se konsa, dekouvri kado ou a epi chache konprann sa li ye ak kijan pou'w itilize'l. Ou te fèt ak yon kapasite pou reponn ak yon bi. Bondye vle ou patisipe nan travay li; li telman gen bon kè lap bay tout moun ki sove yo don mèveye sa.

Talan ou y oak kapasite ou yo se pa sa a ki vin nan tèt ou

Pa panse a talan ou yo oswa kapasite natirèl ou yo tankou yon kado espirityèl. Kado espirityèl ou resevwa lè ou aksepte Jezi nan kè ou a se favè Bondye kap travay nan ou pou ede'w e sèvi lot moun. Yo ba ou don espirityèl ou a pou ede'w ranfòse kominote ou atravè Jezi epi pou ede ou ede moun ki bò kote ou yo pi fasil.

Anjeneral lè nou itilize talan natirèl nou yo, nou pa bezwen èd Bondye. Men, Bondye vle nou rele'l pou akonpli bagay sa yo pi lwen pase talan natirèl nou y oak kapasite natirèl nou yo. Kado espirityèl Bondye ba nou an ap pèmèt nou akonpli bagay ki ka akonpli sèlman avek pouvwa li.

Men kèk nan kado espirityèl Bondye bay kwayan yo. Gen plis pase 20 diferan kado espirityèl ki nan Bib la epi lis ki anba a se jis yon lis pasyèl. Gen kèk moun ki pral resevwa plis pase sa. Si ou li lis la e ou wè ke ou ap fè youn oswa plis nan kado sa yo e ou renmen fè sa, epi ou santi li fasil pou ou, petèt sa a pral kado espirityèl ou.

Nan lòd alfabetik:

1. Don administrasyon- don planifikasyon ak direksyon

Referans: 1 korentyen 12:28

Se konsa, nou wè nan legliz la Bondye mete apòt yo an premye, pwofèt yo an dezyèm, direktè yo an twazyèm. Apresa, nou jwenn moun kap fè mirak, moun ki gen don pou geri moun malad, moun kap ede lot, moun kap dirije, moun ki gen don pou pale dives lang.

2. Don Atizay ak Atizana- don pou'w fè yon bagay vin bèl.

Referans: Egzòd 31:3, 4, 5

Mwen mete lespri'm sou li an kantite pou'l ka gen ladrès, bon konprann ak konesans pou'l fè tout kalte travay atizan yo konn fè, pou'l ka fè bèl desen, pou'l travay yo an lò, an ajan ak an kwiv, pou'l travay pyè tankou òfèv yo konn fè a, pou'l moute yo sou nenpot bagay, pou'l ka fè desen sou bwa, wi pou'l fè tout kalte bon bagay atizan konn fè.

3. Don disènman- don pou'w konnen sa ki byen ak sa ki mal e pou'w konnen volonte Bondye.

Referans: 1 Korentyen 2:12, 13

Se pa lespri kap travay nan moun kap viv dapre lide ki nan lemon lan nou te resevwa. Lespri nou resevwa a, se Lespri Bondye te voye ban nou an pou'n te ka konnen tout favè Bondye te fè nou. Si nap pale sou tout favè Bondye fè nou, se pa avek pawol nou jwenn nan bon konprann lèzòm, men se pito avek pawol Lespri Bondye ap moutre nou. Se konsa, nou fè moun ki gen Lespri Bondye nan kè yo konprann verite ki soti nan Lespri a.

4. Don evanjelizasyon an- don ki pèmèt kwayan yo rive jwenn moun ki pa kwayan yo pou yok a vin manb aktif nan kominote kretyen an.

Referans: Efezyen 4: 11, 12, 13

Se li menm ki fè lèzòm kado divès pouvwa. Li bay kèk ladan yo pouvwa pou sèvi apot, li bay lot ladan yo pouvwa pou sèvi pwofè, li bay lot anko pouvwa pou anonse bòn nouvèl la, li bay lot anko pouvwa pou sèvi tankou pastè ak direktè. Konsa, li byen organize pèp Bondye a pou yo chak fè travay sèvis yo, pou kò Kris la ka grandi nan konfyans. Li fè sa konsa pou nou tout ansanm nou ka rive fè yon sèl kò nan konfyans nou genyen an ak nan konesans Pitit Bondye a. Konsa, nou tout ansanm nou ka vin granmoun ki byen devlope, dapre dènye devlopman Kris la ki bon nèt.

2 Timote 4:5

Men, ou menm, kenbe tèt ou anplas nan tout sikonstans. Sipòte tout kalite soufrans. Fè travay moun kap anonse bòn nouvel la. Fè devwa ou ak tout kè ou, tankou yon sèvitè Bondye.

5. Don ankourajman- don kap ede kwayan yo sonje avek lanmou moun ki nan konfli oswa moun kap fè fas ak yon pwoblèm.

Referans: 3 Jan 1:7, 8

Paske, se pou sèvis Kris la yap fè vwayaj sa a. Yo pa asepte okenn konkou nan men moun ki pa konn Bondye. Se poutèt sa, moun konsa, nou menm patizan Kris yo, nou fèt pou soutni yo pou nou ka patisipe nan travay yap fè pou verite a.

6. Don lafwa- don ki bay kwayan yo je pou yo wè Lespri Bondye a kap travay nan yo.

Referans: Efezyen 2:8

Se paske li renmen nou ki fè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou.

7. Don pou'w bay- don ki pèmèt kwayan yo idantifye e konnen benediksyon Bondye a epi reponn ak santiman lajès e pataj ke talan li a mande.

Referans: 2 Korentyen 9: 6, 7, 8

Chonje sa byen: Moun ki simen ti kras va rekolte ti kras. Moun ki simen anpil va rekolte anpil. Se pou chak moun bay jan yo te deside nan kè yo, san yo pa regret anyen, san moun pa bezwen fòse yo, paske Bondye renmen moun ki bay ak kè kontan. Bondye menm gen pouvwa pou'l ban nou tout kalite benediksyon an kantite. Li fè sa, pa sèlman pou nou ka toujou genyen tou sa nou bezwen, men pou nou ka gen rès ki rete pou'n fè tout kalite bon zèv.

8. Don gerizon an- don ki pèmèt kwayan yo sèvi ak pouvwa gerizon Senyè a.

Referans: 1 Korentyen 12: 7, 8, 9, 10, 11

Lespri Bondye a fè travay li yon jan nan lavi chak moun, men li fè'l pou byen tout moun. Lespri a bay yon moun don pou'l pale avek bon konprann. Menm Lespri a bay yon lot moun don pou'l pale avek anpil konesans. Se menm Lespri a ki bay yon moun lafwa, se li menm tou ki bay yon lot moun don pou'l geri malad. Lespri a bay yon moun don pou'l fè mirak, li bay yon lot moun don pou'l bay mesaj ki soti nan Bondye. Li bay yon lot anko don pou'l rekonet travay move lespri yo ak travay Lespri Bondye a. Li bay yon moun don pou'l ka pale langay, li bay yon lot moun Don pou'l ka eksplike sa pawol langay la vle di. Men, se yon sèl Lespri a ki fè tou sa. Li bay chak moun yon kado diferan jan li vle.

9. Don pou'w akeyi moun- don ki pèmèt yon kwayan akeyi ak resevwa envite, espesyalman moun ki nan bezwen

Referans: Women 12:13

*Bay moun kap viv pou Bondye yo konkou lè nou wè yo nan bezwen.
Resevwa moun ki vin lakay nou byen.*

10. Don pou'w priye Bondye- don ki pèmèt kwayan yo priye ak konfyans e ke Bondye ap tande priyè yo.

Referans: Efezyen 6: 18

*Pandan nap fè tou sa, pa janm blyie lapriyè. Mande Bondye konkou li. Lapriyè nan tout sikonstans avek pouvwa Sentespri a. Se poutet sa, pa kite domi pran nou, kenbe fèm nan sa nap fè a.
lapriyè pou tout pep Bondye a.*

11. Don konesans- don ki pèmèt yon moun konprann ansèyman ki nan Bib la ak pwomès ki ekri nan Bib la.

Referans: 1 korentyen 12: 7,8, 9, 10, 11

Lespri Bondye a fè travay li yon jan nan lavi chak moun, men li fè'l pou byen tout moun. Lespri a bay yon moun don pou'l pale avek bon konprann. Menm Lespri a bay yon lot moun don pou'l pale avek anpil konesans. Se menm Lespri a ki bay yon moun lafwa, se li menm tou ki bay yon lot moun don pou'l geri malad. Lespri a bay yon moun don pou'l fè mirak, li bay yon lot moun don pou'l bay mesaj ki soti nan Bondye. Li bay yon lot anko don pou'l rekonet travay move lespri yo ak travay Lespri Bondye a. Li bay yon moun don pou'l ka pale langay, li bay yon lot moun Don pou'l ka eksplike sa pawol langay la vle di. Men, se yon sèl Lespri a ki fè tou sa. Li bay chak moun yon kado diferan jan li vle

12. Don nan lidèchip- don ki bay kwayan yo konfyans pou prepare tan kap vini an.

Referans: 2 Timote 4: 2, 3, 4, 5

Fè konnen pawol Bondye a, mache bay li san pran souf, nan tout sikonstans, tan an temèt bon li te mèt pa bon. Bay tout kalite prèv, rale zòrèy, bay konsèy, moutre moun yo verite a avek pasyans nèt

ale. Yon lè, ou gen pou ou wè moun pap vle kite yo moutre yo verite a anko, yap vle pou yo swiv lide pa yo. Lè sa a, ya reyini yon bann direktè met bo kote yo ki va di yo sa yo ta renmen tande. Yo pap vle tande verite a, ya pito koute istwa ki pa vre. Men, ou menm, kenbe tet ou anplas nan tout sikonstans. Sipote tout kalite soufrans. Fe travay moun kap anonse bon nouvel la. Fe devwa ou ak tout kè ou, tankou yon sevite Bondye.

13. Don pou'w gen pitye(Mizerikod)- don kap motive yon kwayan santi moun ki nan bezwen e aji pou'l satisfè bezwen sa a.

Referans: Lik 10: 36, 37

Apre sa, Jezi di nonm lan:

-dapre ou, nan twa moun sa yo, kilès ki te moutre li se frè parèy nonm ki te tonbe nan men asasen yo?

Direkte lalwa a reponn:

-nonm kit e gen pitye pou li a.

Jezi di li:

-ale, fe menm bagay la tou.

Matye 25:40

Wa a va reponn yo: sa map di nou la a, se vre wi: chak fwa nou te fè sa pou yonn nan pi piti pamí frèm yo, se pou mwen nou te fè li.

14. Don mizik- don ki bay kwayan yo kapasite pou enspire lot yo nan chante ak jwe enstriman.

Referans: Sòm 100: 1, 2

Se yon sòm pou di Bondye mèsi.

Nou tout ki rete sou latè, chante pou Bondye sitèlman nou kontan. Fè sèvis pou Senyè a ak kè kontan! Vini non! Fè fèt devan li!

Sòm 149: 3

Se pou nou danse pou fè Iwanj li! Se pou nou bat tanbou, se pou nou jwe gita pou li!

Sòm 150: 3, 4, 5

Lwanj pou li ak twonpèt! Lwanj pou li ak gita ak bandjo! Lwanj pou li ak tanbou! Danse pou fè lwanj li! Lwanj pou li ak gita ak vaksin! Lwanj pou li ak senbal ki bay bèl son! Lwanj pou li ak senbal ki fè gwo bri!

15. Don pwofesi- don ki bay kwayan an kapasite nan pale sa ki verite.

Referans: 1 korentyen 13: 2

Menm si mwen ta gen don pou'm fè konnen mesay ki sòti nan Bondye, menm si mwen ta gen konprann tout ti sekrè ki kache, menm si mwen ta gen konfyans anpil nan Bondyepou'm fè mòn yo chanje plas, si'm pa gen renmen nan kè'm, mwen pa anyen.

16. Don Bèje ak Elvaj(Pastè)- don ki bay kwayan kapasite pou'l gouvène ak direksyon espirityèl pou byen trete moun ak gwoup.

Referans: 1 Tmote 3:1

Sa se yon pawol ki vre: si yon moun dèyè yon pozisyon pou'l dirije nan legliz, li dèyè yon bèl travay.

1 Timote 4:1

Lespri Bondye te di sab yen klè: nan dènye tan an, gen moun kap lage konfyans yo nan Bondye. Yo pral obeyi yon bann lespri kap bay manti, yo pral swiv yon bann pawol ki soti nan move lespri yo.

17. Don pou'w sèvi- don ki pèmèt kwayan yo sèvi lot yo pou travay Bondye a ka akonpli.

Referans: Women 16: 2

Resevwa li nan non Senyè a, jan moun kap viv apa pou Bondye yo dwe fè'l youn pou lot. Ede'l nan tout sa li ka bezwen, paske li menm li déjà ede anpil moun lèfini li te ede'm anpil tou.

Filipyen 2: 19, 20, 21

Si se volonte Senyè Jezi, mwen fè lide voye Timote kote nou anvan lontan, pou lè'm pran nouvèl nou sa ka banm ankourajman.

Timote se sèl moun ki gen menm lide avè'm, ki vle wè byen nou.

Mwen pa gen lot. Tout lot yo, se zafè pa yo ase yap regle, yo pap defann kòz Kris la.

18. Don pou'w repare(mentnans)- don ki pèmèt kwayan yo fè, repare materyel ak ekipman legliz la.

Referans: Egzòd 31: 3, 4, 5

Mwen mete lespri'm sou li an kantite pou'l ka gen ladrès, bon konprann ak konesans pou'l fè tout kalite travay atizan yo konn fè, pou'l ka fè bèle desen, pou'l travay yo an lò, an ajan ak an kwiv, pou'l travay pyè tankou òfèv yo konn fè a, pou'l moutre yo sou nenpot bagay, pou'l ka fèdesen sou bwa, wi pou'l fè tout kalite bon bagay atizan konn fè.

19. Don ansèyman- don ki pèmèt kwayan an eksplike yon bagay pou lot yo konprann.

Referans: 1 korentyen 12:28

Se konsa, nou wè nan

20. Don sajès- don ki pèmèt yon kwayan jwenn pi bon solisyon pou yon bagay

21. Don Ekriti- don ki bay yon kwayan kapasite pou'l di sa'l panse, ede y oak verite a pa yon mo ekri.

referans: 1 jan 2:12, 13

Timoun mwen yo, map ekri nou paske Bondye padonnen peche nou yo poutèt Jezikri. Map ekri nou, nou menm granmoun, paske nou konnen moun ki la depi nan komansman an. Map ekri nou, nou menm jennmoun, paske nou kraze dyab la. Map ekri nou, nou menm timoun, paske nou konn Papa a.

1 Timote 3:14, 15

Map ekri ou lèt sa a. Men, mwen gen espwa mwen ka vin wè ou anvan lontan. Men, si'm pran reta, lèt sa a va fè ou konnen ki jan pou nou mennen tèt nou nan fanmi Bondye a, sa vle di nan legliz Bondye vivan an. Legliz la tankou yon poto kap soutni verite a.

Don espirityèl ou a, se pa tout sa ki konte

Anvan ou tante konnen kisa ki don espirityèl ou a, li enpòtan pou'w sonje ke don espirityèl ou se pa sel bagay ki enpotan pou'w sevi Bondye. Bondye ap rele nou tout nan obeyisans li pou nou sevi li nan tout domèn, se pa Selman nan zon ou pans eke kado espirityel ou a abite a. Ou pa dwe kite kado espirityel ou a pran tet ou pou wap chache sevi Bondye nan zon sa Selman.

Pou'w byen ranje ko'w pou yon bezwen espesyal, tankou ankouraje lot yo, se la Bondye kapab ba ou yon kado espirityel e se la tou ou dwe itilize don li an. Pa gen yon fomil majik pou'w konnen kisa kado espirityel ou a ye; Sentespri a pataje kado li yo ak tout moun ki merite li. Gen yon gran varyete egzamen kado espirityel kit e ka ede ou konnen kisa kado ou a ye, men tes sa yo jeneralman, ou pa ka konte sou yo pou yo ba ou yon bon repons ak kado ou a.

Eske'w konnen ki meye fason ou ka detemine kisa ki don espirityel ou a? Jwenn yon kote pou'w sevi epi mete don ou an aksyon. Se le ou met

kado ou a an aksyon ke ou ap konfime kisa li ye. Kom ou ka tann, s aka pran kek esè ak erè, men le ou sevi avek li, ou pral detemine kid omen sevis ou genyen. Ou ta dwe itilize'l pou'w sevi lot moun, pa pou sevi tet ou.

Ou ka mande lòt moun tou. Pafwa lòt moun pral wè kijan ou pral ye nan kèk zòn, yon zòn ke ou pa ka wè tèt ou. Sa lòt moun wè sou ou te ka ba ou yon endikasyon de ki kote kado espirityèl ou a kouche. Si ou pa eksite lè wap sèvi ak kado ou a nan yon zòn, gen chans pou Bondye pa rele'w pou sèvi nan domèn sa. Yon sèl la ki konnen byen kisa kado ou a ye se Sentespri a li menm! Mande Bondye pou'l montre'w jan ou abil.

Men, sonje, pandan nap presize ke kado espirityèl ou a pa yon eskiz pou'w pa sèvi Bondye nan zòn ki pa zòn kado ou a. Si ou konsantre'w twòp sou don espirityèl ou a, ou ka manke opòtinite enpotan yo pou'w sèvi Bondye.

Jan li te di nan Filipyen 2: 13

Paske, se Bondye menm kap travay toutan nan kè nou. Se li ki ban nou anvi fè sa ki pou fè'l plezi ansanm ak fòs pou nou ka fè'l vre.

Si ou kapab detèmine kado ou a, li pral ede'w reyalize bon zèv ke Bondye te prepare davans pou ou te fè. Kado espirityèl ou a, itilize ansanm ak talan natirèl ou yo e kapasite natirèl ou yo, kapab yon konbinezon pwisan ki ka yon benediksyon mèveye pou Wayòm Bondye a. Itilize ansanm ak lot kwayan, kado espirityèl ou a ka ede'w detèmine volonte Bondye pou lavi ou tou. Ou jis bezwen gen lafwa epi konte sou Seyè a pou gide ou nan direksyon ak nan domèn sèvis ke li chwazi pou ou a.

Kado ou a, se pa pou ou

Pi move bagay ou te ka fè, ki se kache kado ou a epi ou pa sèvi avè'l, oswa itilize kado ou a pou pwòp tèt ou. Se pa sa Bondye te janm gen nan entansyon'l. Bondye vle pou chak nan nou pataje kado nou yo pou sèvi lòt moun. Ou te resevwa yon kado espesyal nan tèt ou ki pral klere ak anrichi mond lan, espesyalman lè wap itilize orijinalite'w pou'w sèvi lòt moun. Paske se mirak diferans nou yo, pa Jezi, ki pral pèmèt nou viv ak sèvi nan inite.

Kado ou a te fèt pou'l te pataje. Kado ou a te fèt pou lòt moun nan sèvis ou; se pat pou plezi ou. Yon lòt fason pou'w di sa: kado ou a se pou'w bay Bondye glwa, se pa pou tèt ou. Lè ou itilize kado ou a pou'w sèvi lòt moun, ou kreye inite kò Kris la, epi lè kò Kris la nan inite, ou pral ede'l ankouraje kwasans espirityèl la nan manb kò a.

Li sanble ak fason nou egzèse pwòp kò nou. Lè nou fè egzèsis ak kò nou, li ankouraje ak lonje rezulta a? Nou gen yon kò ki pi an sante. Menm si ògan nou yo ak zo yo inik, yon je diferan de yon janm, yon janm diferan de yon kè, yon kè diferan de zong pye a, fè egzèsis tout kò nou pral pèmèt tout pati nan kò nou an sante epi yo pral travay pi byen ansanm. Nou pral fè Iwanj Bondye lè nap viv ak sèvi nan inite. Nou pral grandi espirityèlman pi rapid lè nou pral fè fas ak lòt kwayan yo. Lè nap viv pou fè Iwanj Bondye, Sentespri ki nan nou an pral motive kwasans espirityèl ou.

Kwasans espirityèl nou an, ak lè'w gen matirite espirityèl, se yon vwayaj. Plis nou swete dekouvri volonte Bondye pou lavi nou, se plis Bondye ap revele'l nan nou. Men nou dwe toujou angaje nou nan fè Iwanj Bondye pou nou ka grandi nan matirite espirityèl nou.

Lavi ou vin pi fasil

Eske'w te janm gen yon zanmi ki di ou:"woo, ou vrèman reyisi a sa!" epi yo gen rezon. Gen kèk bagay nan lavi nou ki eksite nou epi ogmante

nivo enèji nou yo, pafwa san nou pa menm konnen li. Pwochenn fwa ou wè sa rive'w, sispann epi eseye konnen ki sa kit e lakoz li. Li te ka gen rapò ak kado espirityèl ou. Ki bagay ou fè pi byen pase yon lòt epi ki fè ou plezi? Petèt li pran swen timoun yo. Oswa petet ou renmen bati bagay sa yo. Oswa petet ou renmen jwe gita, piano oubyen yon lot enstriman. Kado espirityèl nou an se tankou yon grenn ki plante nan nanm ou. Lè nou wouze ak pwodwi semans nou an, li devlope nan yon bel bagay. Si nou inyore li, sa pap fèl byen. Si nou pa ka idantifye semans nou yo, nou ka ba li move angrè, nou k aba li twòp dlo, oswa twòp oubyen twò piti solèy. Si nou inyore kado nou an, li pap gen tout potansyèl li yo.

Nou dwe idantifye semans nou yo(sa vle di: kado espirityèl nou yo) pou li ka rive jwenn tout potansyèl li. Lè nou pran swen semans nou yo e nou kiltive li yon bon fason, Bondye pral wè bote a nan flè nou yo ke li pwodwi a e li pral revele lot kote ke flè nou yo ka pataje pou beni lot e

Ou ka pa korèk nan evalyasyon ou yo

Gendwa gen moman kote ou santi kado ou a se sèl li menm ki enpòtan, e lòt kwayan ki gen kado ki diferan yo pa sèvi ak menm pasyon ou fè a. Men, nan anpil ka, li pral yon evalyasyon ki pa korèk paske nou pa konprann e nou pa pral konprann kado ke yo te bay lòt yo.

Yo ba nou tout yon kado inik e jis paske yon lot moun pa gen menm kantite enèji ke ou dwe sèvi, sa pa vle di yo pa sèvi pase'w. Li jis vle di ke yo te resevwa yon kado ki diferan de kado pa'w la. Sa vle di Sentespri a pa nan li jan li nan ou a. Mete kado yo nan yon anviwonman sèvis ki korèk e yap kapab reyisi, epi wap kapab mache.

Lè nap itilize kado espirityèl nou an nan fason li te fèt pou itilize a, nou pral opere anba pouvwa Bondye ak nan fòs li, olye pou yo anba pwòp

pouvwa nou yo ak fòs nou yo. Lè nou itilize kado espirityèl nou yo nan anviwonman ki korèk la li pral yon santiman mèveye e nou pral kontan.

Priye epi mande

Poukisa nou dwe priye

Bondye konnen deja sa nou bezwen ak sa nou vle, kidonk, poukisa nou dwe priye? Eske se paske nou panse Bondye pa konnen sa nou bezwen? Eske se paske nou panse Bondye pa konnen nap fè sa ki mal? Oswa, petet, nou panse ke li pral ba nou yon favè espesyal oswa yon pèmisyon espesyal si nou mande li seryezman yon priyè?

Men repons lan: vrè priyè a, ou mande li nan lafwa. Nou dwe priye e mande pou volonte li fèt.

Bondye vle nou mande bagay sa yo. Lè nou mande Bondye bagay sa yo, nou eksprime depandans nou sou li epi nou rekonèt ke li gen tout kontwol. Nou rekonèt ke li konnen sa nou bezwen e nou bezwen patisipasyon li. Lapriyè se lafwa nan aksyon. Lapriyè frape pòt li e gras ak lafwa nan li, nou konnen lap ouvri pòt la e lap ba nou sa nou mande li a. Lè nou fè yon sèl ak volonte epi obeyi komandman li yo, nou konnen lap beni nou e lap mete nou pi wo pase nasyon yo.

Men, jis paske Bondye konnen sa nou gen bezwen, sa pa vle di nou ta dwe sispann mande'l. Nou dwe priye paske nou vle pou volonte nou fè yon sèl ak volonte li. Nou bezwen priye paske nou vle apwofondi relasyon nou ak li. Bondye di li pral ede nou transfòme pou nou ka konnen volonte li. An nou repete fraz enpòtan sa a: "Atravè lapriyè ak depandans sou Bondye, lespri nou pral transfòme pou nou ka konnen volonte li."

Nou pa bezwen bel mo pou'n priye

Ou ta vle renmen priye Bondye toutbon men ou pa konnen kijan. Oswa, ou panse ou pa ka mete priyè ou yo nan bon mo yo. Men, bon nouvèl la: Bondye te pran swen sa pou ou. Lè ou asepte Jezi nan kè ou, Sentespri Bondye a rete nan kè ou epi paske Sentespri a konnen'w pi byen pase ou konnen'l, Sentespri a ap ede'w lapriyè. Sentespri a ap lapriye pou ou epi mete tout sa ou vle di nan bon mo yo.

A la yon benediksyon!!!

Sa vle di ou pa bezwen itilize bel mo pou'w di Bondye sa ou panse. Ou dwe selman gen lafwa. Sentespri a konnen ki sa ou vle ak sa ou bezwen, epi li gen yon koneksyon dirèk ak Bondye, se konsa, li konnen kijan pou li mande li.

Nou dwe priye plis paske pral gen enfidelite

Objektif prensipal lapriyè se montre angajman nou yo ak lafwa nou nan Bondye. Senyè a vle nou priye si nou nan pwoblèm, si nou pa kontan, si nou malad, si nou te peche e pou nou ka geri. Li di tou ke nou ta dwe priye avek kalm epi priye pou moun kap pèsekite nou. Li anseye nou ke si nou priye selman pou moun ki renmen nou, ki rekompans sa ye? Nou dwe priye pou moun ki pa renmen nou; nou ta dwe renmen lenmi nou yo ak lapriyè pou moun kap pèsekite nou. Bondye menm aprann nou pou nou priye.

Pandan nap apwoche nan fen tan yo, Bondye vle nou priye plis epi priye youn pou lot. Li di nou ke pral gen enfidelite nan mond nou an pi vit ke nou pa janm te wè anvan. Nou dwe reyalize jan lavi nou pa gen sans e fèb lè nou pa gen Sentespri a nan nou.

Priye chak jou pou lespri Bondye beni nou epi ede nou enfliyanse lavi moun ki bò kote nou yo ki pa konnen gran plan Bondye a. Youn nan bagay ou te ka fè se pale de liv sa!

Ou dwe yon limyè

Chan an

Kòm nap apwoche nan fen liv sa a, li enpòtan pou ou tandé chante sa a: " **Made for a Mission.**" Chante a se yon pati entegral nan rès liv sa a epi chan an ap ede'w eksplike kisa Bondye vle nou tout fè ou ka tandé chante sa a sou sit entenèt nou an:

<https://understandgodswill.com/our-song.html>

Nan komansman liv sa a, ou li kijan otè liv sa a ak otè chan sa a te reyini ansanm, se pat pa chans men paske se te nan plan li pou'l te kreye mesaj liv sa a.

Gen plizyè mesaj nan chan sa a ke yo diskite nan rès pati liv sa a, kidonk nou espere ou pran tan pou'w tandé li. Si pou kèk rezon ou pa ka tandé li men mo yo.

Chan

Made for a Mission

Chantè, otè-konpozitè: NIKKI Chapin Frizzell

Je n'ai jamais vraiment eu de chemin avec des mots Pas trop convainquant Et pas si persuasif Alors, pourrais-je croire que je peux toucher quelqu'un Et je peux enseigner à quelqu'un Et je pourrais les conduire au Royaume Une petite lumière dans l'obscurité Une petite voix Un petit cœur Mais je crois en l'étincelle La flamme minuscule qui déclenche un feu Et j'ai été créé pour une mission J'ai été créé pour une cause J'ai été sauvé pour servir le Seigneur, mon Dieu Et il va bénir

ma décision Et je verrai que quelqu'un comme petit Comme moi pour une mission Je ne peux pas imaginer ce que ça doit être comme Sans espoir du ciel Et aucune parole de Jésus-Christ Je vais donc sortir alors que j'avais encore du temps

Et je les atteindrai Et je les conduirai au Royaume Une petite lumière dans l'obscurité Une petite voix Un petit cœur Mais je crois en cette étincelle La flamme minuscule qui déclenche un feu Et j'ai été créé pour une mission J'ai été créé pour une cause J'ai été sauvé pour servir le Seigneur, mon Dieu Et il va bénir ma décision Et je verrai que quelqu'un comme petit Comme moi pour une mission Il n'a jamais dit que j'irais dans la gloire Il a seulement déclaré sortir sur un membre Et amener quelqu'un à la maison à lui Alors, moi-même, j'étais pour une mission J'ai été créé pour une cause J'ai été sauvé pour servir le Seigneur, mon Dieu Et il va bénir ma décision Et je verrai que quelqu'un comme Petit comme moi est créé pour une mission.

Poukisa li difisil konsa?

Poukisa nou twouve li difisil pou nou pale sou lafwa nou oswa sou Jezi? Eske nou pè pou yon moun pa dakò avèk nou oswa yon opinyon opoze? Eske nou pè pou sa moun te ka panse oswa di? Eske nou pè pou yo pa renmen nou anko?

Oubyen, petèt paske nou pa gen anpil konesans sous a Bib la di toutbon, oubyen sous a Jezi ye.

Pa gen anyen nou ta dwe pè paske nou gen kreyatè linivè a bò kote nou. Pa gen okenn lot moun ki bay lavi. Reflechi sou sa pou yon moman. Nou dwe fè Iwanj Bondye ki ban nou lavi a. Senyè a di nou si

nou wont pale de li ak lot moun yo, li pral wont pou ou lè li tounen nan tout bel glwa li, ki pap yon bon bagay pou ou.

Li difisil pou anpil moun pataje lafwa yo ak lot moun paske yo pa vreman konprann sa Bib la di. Yo pa janm pran tan pou yo li'l oswa etidye'l. Anpil moun pa etidye Bib la paske li se yon liv ki difisil pou li. Ou pa ka louvre Bib la epi li kèk paj oubyen kèk chapit, epi konprann sa li di. Bib la se yon koleksyon 66 liv ki dwe li an antye sinon gen bagay ou pap janm ka konprann.

Konfizyon ki vin genyen se paske 66 liv Bib la pa defini lòd tan an, si ou ouvè Bib la epi ou komanse li'l tankou yon liv nòmal, se tankou se tan wap pèdi. Sa ka anbarase'w e sa anpeche anpil moun li'l. Se bagay ki tris.

Si wap eseye dekri Jezi bay lòt moun san yo pa konprann gran plan Bondye a se tankou eseye dekri yon moun paske'w te li selman nekroloji li(biografi). Sa pa ka fèt. Eske gen yon moun ki ka dekri yon moun ke li pat janm konnen? Pou'w dekri yon moun, tout moun, nou dwe konnen sa yo di, kisa yo fè, sa ki te enpòtan pou yo, kisa yo te reprezante, koman yo te sousye de lot yo, kisa yo te kwè e menm plis anko.

Menm bagay la vrè pou anpil nan nou lè yon moun ap pale de Jezi nan yon diskisyon oubyen yon moun mande'n pou lafwa nou. Nou fache. Kè nou bat fò. Nou vle chanje sijè. Men sa pat dwe konsa. Nou dwe konprann sa Bondye fè pou nou e nou dwe alèz pou'n pale de sa. Se de Bondye linivè a nap pale a. Li gen yon gran plan e nou dwe pale lot yo de gran plan li a.

Mwen espere liv sa pral ede'w, men ou dwe toujou li ak etidye Bib la. Bib la se pawol Bondye a e pawol Bondye a dekri volonte Bondye. Liv sa se jis yon ti kapsil de sa Bib la di. Nou dwe toujou prè pou'n di lot yo

espwa ke nou genyen. Bay lot moun liv sa pou yo ka aprann sa ou sot aprann lan. Pa kenbe bel nouvel sa a pou kont ou.

Si ou gen pwoblem pou'w kwè ke ou te kreye pou yon bi, reli chapit 4 la nan paragraph ki dekri ke gen posiblite ke'w te kreye o aza san kreyatè a.

Kisa ou dwe fè kounye a?

Konpliman, ou pran tan pou'w li liv sa e ou konprann kounye a kiyes ki Jezi. Ou konprann kounye a sa Jezi fè pou ou e poukisa li fè'l. Nou swete'w asepte kado gratis li a pou'w ka komanse viv yon lavi ki gen yon bi. Si ou pa asepte don gratis li a, priye pou lespri Bondye a ede'w pou'w asepte verite li a. Pa kite Satan kontinye ap twonpe'w.

Satan trè malen. Satan te ka ap baw manti nan moman sa pou'l diw ke liv sa pa enpòtan oswa ou ka rete tan pou'w pran yon desizyon pita. Se taktik li sa: bay reta, konfonn ou, twonpe'w, okipe lespri'w ak yon lot bagay epi pran opinyon ou sou sa ki enpòtan. Fè sa kounye a. Li lapriyè ki nan chapit 5 lan epi kite Bondye dirije levi'w. Li pral telman pi fasil pase li jije tet ou. Bondye ap gide'w, ranpli ou, rekonfòte'w, epi klere ou. Lè ou asepte Bondye nen kè'w, nanm ou ap sove pou letènité. Letènité! Pa fè yon erè ki ka kondane ou pou toutan. Letènité long anpil.

Se konsa, apre ou fin asepte Jezi kòm Senyè e Sovè ou. Ou pral mete'w alèz paske'w konnen ou sove e ke ou vle kenbe tout bel enfòmasyon say o poukont ou, pavre?

Men, non.

Gen anpil moun, ki gen ladan kèk nan fanmi ou ak anpil lòt moun nan mond lan ki pral nan lanfè pou tout letènité si yo pa aprann sa ou sot

aprann la. Nou dwe jwenn yo epi di yo sa Jezi te fè pou nou tout. Li temèt moun ki rete nan katye'w la, moun wap tavay avè yo, moun ou fè biznis avè yo, moun ou fè espò ak yo, moun ou wè nan ti ba bò lakay ou yo, moun kap pase nan lari a, petèt moun wap rankontre nan machin lè ou pral travay. Chak nan moun sa yo dwe aprann sa ou sot aprann la. Yo chak, se anpil moun. Pou anpil nan nou, sa sanble yon travay ki enposib. Kijan nou ka rive jwenn chak moun nan tout mond lan? Se enposib, pa vre?

Non, se pa vre.

Al retande mizik la epi kwè. Kwè ke ou kapab yon limyè. Pou'w yon limyè se yon bagay ki fasil. Chak nan nou kapab yon limyè, yon ti limyè kap deklanche yon flanm, yon flanm kap deklanche yon dife. Limyè sa kapab ou menm. Petet ou pat janm konvenkan, ou pat janm two bon avek mo yo. Li telman fasil pou'w panse ke ou pa ka fè anpil paske ou two piti, e se sa Satan vle ou panse. Petet wap mande kijan ou ka rive jwenn yon moun, anseye yon moun, epi mennen li nan Wayòm nan.

Retande mizik la, ou kapab.

Wi, ou se yon ti etensèl ki nan fenwa. Wi, ou se yon ti vwa. Wi, ou se yon ti kè. Men, ou konnen kounye a ke ou kapab yon etensèl, ti flanm sa a kap deklanche dife a. Ou te kreye pou yon misyon. Ou te kreye pou yon rezon. Ou te sove pou'w sevi Senye a e lap beni ou pou desizyon ou a.

Pou yon moun piti tankou ou, ak yon ti lafwa, yon lafwa tankou yon grenn moutad, ou pral wè yon moun piti tankou ou ka fè diferans lan. Limyè ou a ka deklanche yon dife nan vil ou a, nan katye a, kote wap travay la, nan machin ou pran pou'w al travay la ak anpil lot kote anko.

Nou pa pral fè'l pou glwa nou

Chak nan nou ka rive jwenn yon moun, moun nou konnen, ak moun ke nou pa wè twò souvan, petèt kek nan vwazen ou yo, moun ki fèmen, zanmi ak lot moun. Ansanm, nou tout ka rive jwenn tout moun. Tout sa li dwe kwè se nou tout ka yon limyè, yon limyè kap deklanche yon flanm, yon flanm kap deklanche yon dife, yon dife ki pa ka boule. Dife sa ka deplase nan tout pati nan mond lan, pou chak moun, si nou kwè.

Jan chante a di'l la, Bondye pa janm di nou pral fè sa pou glwa ou. Nou pa pral popilè. Li sèlman di pou nou soti sou yon manb epi pote yon moun lakay li a ba li. Poukisa nou pral fè sa? Poukisa nou vle di lot moun yo ke yo ta dwe li liv sa? Se paske Jezi te mouri pou ou. Li te ale sou kwa a epi yo te klosure men'l ak pye'l. Li te pandye sou yon kwa jis li mouri e li te pran peche yo ki nan mond lan avè'l nan lanmo li pou toutan. Li te fè tout sa a pou mwen ave'w. Li te pran pase ou, prezan ou, ak tout peche avni ou avèk li. Tout sa ou bezwen fè se kwè li.

Uit santan avan li te vin sou tè a, li te di nou sa te gen pou fèt, epi pa pwofèt li a Ezayi, li te di nou kijan li tap mouri "Pèse pou transgresyon nou yo".

Depi apre Mari te fè'l, tout bagay te pase jan li te di a. Li te fè tout bagay sa yo paske li renmen ou anpil. Ou menm. Selman ou menm. Li tap fè tout bagay sa yo pou ou, menmsi ou te sèl moun ki te sou latè. Ou se kreyasyon pafè li, li te vin sou latè pou sove lespri ou, lespri li te kreye pou vin avek li pou letènité a. Men, ou dwe kwè. Epi oud we asepte kado li yo. Li pral beni desizyon ou a epi li vle ou konnen yon moun piti tankou ou te fèt pou yon misyon.

Poukisa Senyè a vle pou'w se yon limyè?

Gen plizyè rezon:

1. Paske Senyè a di nou sa.
2. Senyè a di pou nou toujou prè pou nou eksplike espwa ke nou genyen.
3. Senyè di nou pou nou fè ak lot yo jan nou vle li fè a.
4. Senyè a di pou nou di lot yo sa li swete tande ak sa li pa vle tande.
5. Si ou wont pale de li, li pral wont pale de ou lè li nan glwa li.
6. Paske di lot yo se youn nan fwi lespri a.
7. Paske di lot yo se yon bagay saj pou'w fè.
8. Paske lè nap rakonte lot yo ape de yo pa ale nan lanfè.
9. Paske lot yo fè Bondye plezi.
10. Paske lè nou rakonte lot yo, li vin fè yon sèl ak Bondye.
11. Paske lè'w di lot yo zanj nan syèl la kontan.
12. Paske di lot yo ap fè Bondye jwenn plis ouvriye pou chache jwenn plis nanm ki poko sove.

Men kek fason ke ou menm(wi, ou menm) kapab yon limyè.

Gen anpil fason pou'w ka yon limyè. Men kek egzanp. San ou pa gen dout, ou pral kapab panse a lot fason pou'w ka yon limyè. Fè yon sèl avèk lòt kwayan e sanble lis ou yo epi fè sa'w kapab ekzekite sou lis ou a. Se pou'w yon limyè epi komanse limen.

- 1) Di ak zanmi e ak moun ou konnen sou liv sa. Ba yo yon kopi.
- 2) Kite liv sa devan pot kay vwazen ou yo. Petet kite yon ti not ki di ke gen yon moun ki renmen yo ki se Jezi.
- 3) Voye kek kopi bay organizasyon moun kap fè byen yo.
- 4) Voye kek kopi bay gwoup etidyan ke ou konnen.
- 5) Voye yon kopi bay chak chef legliz ki bo lakay ou a pou yok a pale de liv la.
- 6) Fè yon gwoup li ak etidye ansanm liv sa a.

- 7) Voye liv sa bay yon gwoup oubyen yon organizasyon misyon etranje.
- 8) Voye kek kopi liv sa bay manb fanmi'w ak pwoch ou ki pa konn Jezi.
- 9) Li liv sa ak fanmi'w, pitit ou.
- 10) Voye liv sa bay moun ki fèmen.
- 11) Voye liv sa bay moun kap travay ak moun ki nan prizon.
- 12) Bay moun kap viv nan menm apatman ave'w liv sa.
- 13) Antre liv sa a bay moun nan festival vil ou a e menm nan fwa ak nan leta.
- 14) Mete liv la disponib pou legliz yo, sinagòg y oak lot kote yo adore.
- 15) Fè liv sa a disponib nan etajè manje y oak abri alimantè lokal yo.
- 16) Rann liv la disponib ak moun wap travay yo.
- 17) Rann liv la disponib pou manman ak papa selibatè yo.
- 18) Rann liv la disponib nan gwoup gaason ou fi ou ladan.
- 19) Toujou gen kek liv avè'w pou'w bay moun Bondye mete nan wout ou.
- 20) Voye liv sa bay travayè sosyal ke ou konnen.
- 21) Voye liv sa bay sikyat, sikològ ak antrenè ke ou konnen.
- 22) Voye liv sa bay politisyen ke ou konnen.
- 23) Voye liv sa bay biznisman e ak patwon ke'w konnen.
- 24) Voye liv sa bay anseyan ak pwofesè ke ou konnen.
- 25) Mache bay li nan tout vil ou a.
- 26) Pale ak bibliotèk ki nan zòn ou an de liv sa a.
- 27) Pale ak televizyon, jounal, estasyon radyo ke ou konnen de liv sa a.
- 28) Bay liv sa kòm kado pou moun kap fete.
- 29) Rann liv sa a disponib ak moun ki anvi divòse.

- 30) Rann liv sa a disponib ak moun ki anvi marye
- 31) Rann liv sa a disponib ak moun ki malad ak sa ki lopital.
- 32) Rann liv sa a disponib ak yon moun ki pèdi yon moun pwòch yo.
- 33) Rann liv sa a disponib ak moun kap bay moun konsèy lè gen yon lanmò.
- 34) Komanse yon gwoup pou etid epi itilize liv sa kom gid pou ede'w dirije gwoup sa a.
- 35) Jwenn anpil elèv nan lekol ou epi etidye liv sa a ansanm. Epi kite lot elèv ki pa patisipe konnen sa yo manke. Se pou'w yon limyè nan pil limyè yo epi kite chak elèv ak chak pwofesè konnen liv sa a. Di yo pa ka evite liv sa. Di yo li gratis e key o ka ale sou sit entènèt nou an epi li youn nan liv gratis nou yo, oswa al tande liv odyo gratis nou an ak telefond entelijen li an. Mete liv odyo nou an sou yon espikè epi kite lot yo tande. Kisa ki ka pi fasil?
- 36) Di moun yok e yo kapab komande liv nou an, kantite yo vle pou yo li oubyen pou yo bay.

Chak gress nan ide sa yo se yon mwayen pou'w vin yon limyè, pou'w demare yon ekleraj nan mond lan, men ou pral panse plis pou'w ka yon limyè.

Se pou'w yon limyè

Li egziste anpil fason pou'w vin yon limyè jan yo di'l anlè a, men li egziste yon sèl limyè ki kapab touche yon pakèt ak yon bann vi. Epi se yon limyè. Lè ou se yon limyè vle di ou gen opòtinite pou'w enfliyanse anpil moun avek sa ou te beni ak petet richès ou, petet kapasite'w pou'w enteprete lang oubyen ak lot konesans.

Richès se pa toujou lajan. Gen moun nan anpil pati nan mond lan ki pa gen anpil, men yo konsidere tet yo rich. Yo gen zanmi. Yo gen bon kè kontan nan lavi yo. Yo gen ase manje pou bay fanmi yo manje aswè a. Epi yo gen lafwa ki ba yo yon garanti. Yo pa rich ak lajan, men yo konsidere tet yo rich nan plizyè fason. Lè kèk nan nou wè kijan nou kontan, ak ti sa yo genyen, nou mande kijan nou fè reyalize tout bone sa yo. Ou kapab. Senyè a pral gen benediksyon li yo sou ou nan pwomè s li yo.

Richès kapab vle di ke ou gen yon abondans nan lajan (kom se konsa yo defini'l) men richès kapab yon abondans nan preske tout bagay. Ou kapab gen anpil lanmou pou lot moun, ou ka gen anpil enfliyans, ou kapab gen yon pakèt konpetans mekanik, ou ka gen anpil konpasyon ak senpati. Se konsa, lè'w se yon limyè se tou senpleman pataje richès ou nan yon bon fason. Se jwenn yon mwayen pou'w itilize richès ou a pou fè enpak sou anpil lavi. Pa selman avek kek grenn.

Sajès ou ap fè vale tout bagay

Lè ou se yon limyè se tankou yon moun ki pote yon flanbo e kom lap pase devan yon gwo kay ki plenak fedatifis, li konnen sa sa vle di voye yon flanbo nan gwo kay la. Yon limyè konnen li ka fè anpil fedatifis limen nan gwo kay la. Li gen konsyans ke yon ti kal dife(li menm) ka fè yon gwo eksplozyon fedatifis toupatou nan mond lan. Kek nan fedatifis yo kap eksplode a prale nan LÈS, lot nan LWÈS, nan NÒ ak nan SID. Kek pral tou dwat ak anba. Epi gen kek ladan yo ki ka pa menm limen(sa ki pa chwazi kwè yo).

Yon limyè ki entelijan konnen yon ti kal entesèl kapab deklanche anpil flanm, anpil flanm ki kapab deklanche anpil dife, anpil dife ki pap ka etenn. Yon limyè gen vizyon ak desi pou chanje mond lan paske yo

konnen ke yo te beni ak lafwa, oubyen richès finansye, oubyen tou lède. Yon limyè swete pataje riches li yo pou'l fè avanse Wayòm Bondye a, paske yo connaître yo te sove e sel gress misyon ki gen sans pou li ki rete sou tè a se fè travay sila ki te kreye yo.

Pou moun kite beni ak riches finansyè yo

Moun ki ka manyen dèsanterè e menm dè milye lavi jis ak yon sèl ponyèt yo gen ladan limyè ki beni ak riches finansyè yo. Moun vin rich pou anpil rezon:

- a. Sa ki gen riches finansye kit e beni nan Bondye
- b. Sa kit e vin rich nan travay di ak pran bon konesans ak konpreyansyon
- c. Sa ki vin rich anba kouvèti eritaj gran paran yo.
- d. Sa ki rich nan fason ki pa nesesèman jwenn ak prensip Bondye a.

Kelkeswa jan ou te beni, depi jodia, ou kapab yon limyè nan yon gwo fason. Ou ka asepte kado gratis Jezi a epi onore Bondye ak riches ou. Paske riches ou yo pap vo anyen nan denye jou ou a. Riches ou nan denye jou a te ka temwanye kont ou. Pa kite enkyetid sa yo, lavi, riches ou yo ak dezi ou pou plis bagay toufe pawol Bondye a. Sèvi ak riches ou yo pou byen.

Depi jou sa a, mete espwa ou nan Bondye. Bondye ap ba ou tout bagay pou plezi ou. Paske moun ki mete lanmou li nan yon bagay yo pap janm fin genyen. Epi moun ki rich yo men ki pa konprann pawol Bondye a pral peri tankou bèt nan dezè a e yo pap kite okenn tras sou mond lan. Pa kite sa rive ou.

Eske ou ta renmen vin yon limyè? Ou kapab yon limyè ki fè yon mak sou mond lan, enfliyanse manb fanmi ou, zanmi ou, kòlèg travay ou, katye ou, vil ou ak anpil lot kote. Riches ou genyen an se kado Bondye e

Bondye ka sove nan moman sa menm. Panse sou li, kelkeswa kalite lavi out e viv. Petet Bondye te prepare'w ak beni ou ak riches pou tan sa. Ou ka itilize eritaj ou yo pou'w onore Bondye.

Gras ak jenewozite ou, ou ka ede nou distribiye li sa a bay moun nan tout mond lan. Ou ka ede nou fè liv sa a disponib pou yon bann moun, paske ou te beni. Panse ak sa pou yon moman. Ou ka yon limyè epi ou ka ede yon bann etensèl nan mond lan. Etensèl kap deklanche dife, dife ki pa ka boule. Epi Bondye ap beni ou pou desizyon ou.

Volonte Bondye a pral fèt

Ou ka konnen volonte pafè ak mèveye Bondye a

Toujou al gade manyèl enstriksyon li yo, pou ou chache konnen volonte li. Bib la se pawol Bondye e li nan pawol Bondye a kote ou pral jwenn volonte Bondye a, volonte pafè li a. Volonte Bondye a se pa yon mistè, li pa kache li. Ou jis bezwen jwenn li epi aplike li nan lavi ou.

Se nan Bib la kote wap jwenn volonte Bondye pou lavi ou. Eske ou te louvri epi etidye Bib la denye tan sa yo? Se petet lè a. Antre nan yon gwoup etid biblik , oswa omwen komanse konsakre kek tan chak jou kote ou ka etidye Bib la pou kont ou. Pa fè foli pou'w pa aprann kiyes Bondye ye.

Sonje byen, Satan vle kenbe ou inyoran nan pawol Bondye a ak volonte Bondye pou lavi ou. Ou ka simonte desepsyon Satan an pou'w vin yon zanj limyè, men li pral pran tan ak pèseverans. Pou montre pèseverans, Bondye ap ba ou lavi etènèl. Apre ou fin antreprann yon woutin kap rete menm lan nan etid pawol Bondye a. Toujou sonje ke aprann pawol li a pa fasil li pi sanble ak yon marathon. Li ta dwe vin yon pati nan woutin chak jou ou, pa selman yon anvi kap pase.

Eske ou kwè?

Eske ou kwè Bib la se pawol Bondye a? Repons ou an pral detèmine kijan ou pral wè Bib la, men li pral detèmine tou si wap kite Bib la mennen lavi'w. Si ou kwè Bib la se pawol Bondye, ou dwe etidye li, fè'l konfyans ak obeyi li.

Bib la ka sipò ou ak bousòl ou. Bondye pap janm mennen ou nan yon sityasyon kontré ak sa Bib la di, paske Bib la se pawol Bondye a. Toujou itilize Bib la pou teste bagay ou tande ak wè pou detèmine si se vre oswa si li kontré ak ansèyman ki nan Bib la. Ou ka itilize Bib la kom "mèt verite" ou nan tout sa wap fè, ak pou chak gwo desizyon wap pran. Lè ou konnen Bib la se verite a.

Dezi Bondye se pou tout moun sove. Malerezman, tout moun pap kapab. Lakoz lib volonte ke Bondye ban nou tout la, li konnen anpil moun pral chwazi pa swiv li e anpil pral twonpe. Li konnen tou pral gen anpil moun ki pral kontinye viv nan inyorans. Pa kite sa rive.

Bondye vle nou tout sove

Pou'w vin pi pre Bondye, ou dwe fè sa li di yo. Ou pa ka chwazi ak obeyi kèk nan komandman li yo, ou dwe swiv tout komandman li yo. Lè'w chwazi sa ou renmen epi inyore rès yo, se tankou ou te di: "Se pa volonte Bondye, men se pa'w". Si ou panse renmen komandman ou vle ap onore Bondye, dezole, sepavre! Alafen, Jezi pral di'w: "Mwen pat janm konnen'w". Renmen tout komandman li yo se fason pou'w montre'l lanmou ou gen pou li, epi se sa nou rete nan lanmou li. Li kenbe komandman li yo ki pral pèmèt benediksyon li koule nan lavi ou.

Bondye vle pwoche bo kote'w, epi lè ou priye'l e vire do bay dezobeyisans ou yo, li pral revele bi li ak plan li pou lavi ou. Si ou se yon zanmi Jezi, kelkeswa sa Bondye Papa a revele Jezi, Jezi ap revele ou.

Mision nou sou tè a

Mision nou, isit la sou tè a, rezime nan lapriyè Senyè a.

Matye 6: 9, 10, 11, 12, 13

Men kijan pou nou lapriyè:

Papa nou ki nan syèl la, nou mande pou yo toujou respekte non ou. Vin tabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou late, tankou yo fè'l nan syèl la. Manje nou bezwen an, ban nou'l jodia. Padonnen tou sa nou fè ki mal, menm jan nou padonnen moun ki fè nou mal. Pa kite nou nan pozisyon pou'n tonbe nan tantasyon, men, delivre nou anba Satan. [Paske, se pou ou tout otorite, tout pouvwa ak tout Iwanj, depi tout tan ak tout tan. Amen.]

Eske ou wè vèsè 10 la kote li di nou misyon nou se ede'l pote Wayòm Bondye a sou tè a? Sali etènèl nou an garanti nan moman nou mete konfyans nou nan Jezi, men kalite lavi nou, pandan sou la tè depann de rayaliizasyon plan Bondye a apre Sali nou an. Se nan obeyisans nou pou pawol li epi kite dèyè fason nou te viv anvan an ke je nou pral louvri pou bèl eritaj Selès la. Sa pral mande pou nou kontinye grandi nan konesans nou sou Jezi, sa ki pral mande pou nou etidye Bib la pou nou pa wont lè nou gen opòtinite pou di lot moun. Aprantisaj ki pèsiste nou sou pawol Bondye a pal elaji kapasite nou pou lanmou, padon, lajwa ak bone epi li pral tou ban nou opòtinite pou konprann nan kip wen lanmou Bondye a laj, long, gwo e lanmou li a depase tout konesans.

Se konsa, jan ou ka wè, misyon nou isit la sou tè a se pote glwa bay Bondye epi yo dwe yon temwen pèsonèl nan tout moun ki kontakte nou. Nou ka fè sa sèlman si nou aprann epi aplike sa Bib la di epi mete aprantisaj nou yo ak lafwa nan aksyon nan tout sa nap fè.

Men kèk gress nan domèn kote Bib la di ke nou dwe respekte ansèyman li yo pandan nap kite fwi lespri li an.

- Konfyans nan Senyè a
- Viv nan volonte Bondye
- Chache Wayòm li an nan tout sa wap fè
- Di Bondye mèsi nan tout sikontans, ni nan bon ni nan move bagay kap pase nan lavi ou
- Onore Bondye nan tout sa wap fè, respekte prensip li yo
- Sèvi ak fè bon zèv daprè volonte li
- Chache byen lot moun
- Kite limyè ou klere devan lot moun(pandan wap sèvi) pou yok a wè bon zèv ou epi fè Iwanj Papa nou ki nan syèl la
- Silans inyoran ki pale de moun ki pa kwè nan bon zèv ou
- Evite immoralite seksyèl
- Anseye, rale zorèy, korije epi fòme lot moun nan jistis
- Priye nan jistis epi kwè ke Bondye ap reponn a lapriyè
- Priye pou benediksyon li y oak padon e konfyans nan apwoch Bondye a
- Pa kite move zak pale soti nan bouch ou epi pa pran non Senyè a pou granmesi
- Kontinye fè volonte Bondye menmsi wap soufri
- Se pou'w onèt epi bay ak yon kè renmen
- Pa anpile trezò sou tè a
- Pèsevere

Benediksyon final

Nou te komanse liv sa a nan deklare ke gen (2) de desizyon enpotan ou dwe pran nan aprann kiyès Bondye ye. Dezyèm desizyon ki pi enpotan out e pran an se te louvri kè'w epi kenbe li ouvè jis ou fin li liv sa a. konpliman, ou fin fè travay sa a. kounye a, pou'w kontinye aprann kiyès Bondye ye, epi pou'w aprann volonte Bondye pou lavi ou, ou dwe kenbe kè ou ouvè pou Bondye pale avèk ou, gide ou, epi beni ou. Li gen anpil bagay pou li di ou. Li vle vin zanmi ou epi li vle revele kiyès li ye pou ou. Pran jis yon moman epi eseye konprann sa ki te di: Kreyatè a nan llinivè a. li vle vin zanmi'w. Ou se zèv li, ekleraj li, konsepsyon inik li, travay atistik li y oak enfliyans li. Li vle ou konnen ak konprann volonte li epi li vle pataje Wayòm li an avek ou. Pou ede'w aprann tout bagay say o, li te kreye'w ak yon anvi pou'w aprann poukisa out e kreye ak kisa ki bi ou. Liv sa a se jis yon tie tap. Li rete avè'w kounye a pou'w kontinye vwayaj dekouvèt ou a.

Kounye a, sou desizyon ki pi enpotan ou ka pran. Desizyon ou ki pi enpotan se tou senpleman kwè ke Bondye te voye pitit li a, Jezi, sou tè a pou mouri nan peche ou yo. Desizyon sa a se sèl fason pou sove nati peche ou. Bondye te fè tout travay li pou ou, ou jis bezwen kwè. Bondye te fè plan pafè a e li te egzekite'l nan pèfeksyon. Pa gen okenn lot bagay ou ka fè pou'w genyen yon tikè nan syèl la. Pa gen okenn fason ou ka genyen li oswa achte'l. Riches ou pap fè sa pou ou. Ou jis bezwen deklare lafwa ou nan Jezi. Bondye met kado sa disponib pou tout moun, men pou'w sove, ou dwe di ou asepte kado li a. Gras ak Jezi, blesi ou yok a geri. Si ou pa asepte kado li a, tounen nan chapit 5 lan epi aprann kijan'w ka fè sa. Wap rekonpanse anpil.

Ou kapab viv avek yon bi

Chak nan nou gen yon sèl vi pou viv e laplipa nan nou vle viv avek yon bi. Eske'w fè'l? eske'w vle konnen kisa ki bi ou? Ou kapab. Men, ou dwe konnen Bondye anvan e lap tande priyè'w ak sa wap mande yo si ou kwè ke li te voye ptit li a, Jezi sou tè a pou'l sove de peche'w yo.

Lè ou pral pran desizyon sa, li pral rantre nan kè'w e Lesprisen Bondye a ap gide'w nan tout sajès pou'w ka konnen li pi byen. Men sa pa vle di wap tou resevwa apèl paw la. Ou dwe kontinye etidye pawol li a, chache konnen ki kado espirityèl li ba ou, epi lap komanse revele'w bi ou ak misyon ou tanzantan. Sa te ka pran kèk jou, kek semen, petet kek lane. Men toutotan ou komanse aprann kisa ki kado ou a pou'w sèvi lot moun, wap aprann bon domèn lan. Kek zòn pral baw yon satisfaksyon pwofon, lot yo pa telman. Sa ki santi yo alèz e kap baw yon lapè, kè kontan ak yon enèji sinatirèl, se domèn kote Senyè a vle pou ou sèvi'l, li te prepare'l davans pou ou te ka fè'l.

Lavi ou pral briye lè'w antre nan volonte Bondye

Lavi'w konte. Sa konte anpil. Se enpotan paske ou te kreye yon fason trajik e meveye. Ou te kreye nan imaj Bondye pou'w te reprezante nati li. Lè'w mete espwa ou nan Jezi, Bondye pral baw yon nouvo kè. Li pral libere'w. Li pral baw espwa ak lapè. Li pral baw yon lavi tou nèf. Lè ou rete nan Bondye, lap ba ou sa kè'w dezire e lap ba ou bon zev ke li te prepare davans pou'w te fe.

Men, rete travay ke ou dwe fè. Ou dwe aprann kisa volonte Bondye ye pou lavi'w, e pou sa, oud we etidye pawol Bondye a. pa pèdi yon lot minit nan mande tet ou. Sak te gen pou fèt, ap toujou fèt. Ou

kapab kontinye pran desizyon ki pa pridan nan fason wap depanse tan'w yo, sa ki pral gaspiye enpak ke lavi'w ta pral genyen oswa dwe komanse pran desizyon ki gen limyè ladan nan moman an.

Lè ou konsakre kek tan nan sa, ou ap genyen yon mod lavi ki pral sèvi Senyè a epi ou pral beni avek lot yo an menm tan. Komanse kounye a. Men, ou dwe gen pasyans pandan wap tan. Bondye dwe fè'w konfyans anvan benediksyon li yo kouvri ou. Epi ou dwe fè Bondye konfyans pou li montre'w plis de plan li an lè li prè. Bondye pa pral montre'w tout alafwa, men Bondye gen yon plan pou'w e wap pran tan pou'w konnen kisa li ye. Yon jou wap wè devan bèl tapi li a e sa pral ekselan.

Jiska jou sa yo, fè tout sa ki posib pou'w lite kont bon konba a, fini kous la, se pou'w yon etensèl epi mete lafwa'w nan Jezi nan tout sa wap fè. Paske lè ou mete lafwa ou, pap gen anyen ki pral enposib. Anyen.

Ke Bondye beni ou nan vwayaj ou a.

Aneks A: Eske'w santi ou beni? Ou kapab beni'w kounye a pou pi devan!

Avèk èd ou, nou kapab rann liv sa lib ak tout moun ki pèdi oswa kap chache Bondye, oubyen ki te twonpe pa Satan. Pa dwe gen obstak pou'w aprann verite Bondye a pou'w resevwa kado gratis li a.

Aneks B: Soufle nan flanm yo kado Bondye a

Nenpot moun ki bezwen yon kopi liv sa, lap jwenn li gratis. Kado Jezi a gratis, se konsa liv sa a ap gratis. Nou gen entansyon mete liv sa a disponib pou tout moun ki vle yon kopi gratis. Pa gen mwayen ki pi fasil pou'w yon etensèl le'w bay yon kado gratis, espesyalman yon kado gratis kap ofri don etènite a.

Chak liv ki distribiye pral ede'w fè avanse flamm lan.

2 Timote 1: 6, 7, 8, 9

Se poutèt sa, map mande ou pou'w kenbe kado Bondye te ba ou lè'm te mete men sou tèt ou a. Paske, Lespri Bondye ban nou an pa fè nou wont moun. Okontrè, Lespri Bondye a ban nou fòs, renmen ak pouvwa pou kontwole tèt nou.ou pa bezwen wont kanpe pale pou Senyè nou an. Ou pa bezwen wont pou mwen nonplis ki nan prizon pou tèt li. Okontrè avèk fòs kouray Bondye ap ba ou a, se pou ou asepte soufri avè'm pou bòn nouvèl la. Se Bondye ki delivre nou, se li menm ki rele nou pou'n ka viv pou li. Li pat fè sa pou nou poutèt byen nou te fè. Non, sa soti nan plan travay li menm. Se yon favè li fè nou nan Jezikri, depi lontan anvan li te kreye tout bagay.

Mete liv sa a disponib ak tout moun kapab sanble yon bagay enposib. E ou gen rezon, li enposib.

San Bondye.

Pri pou liv la eksprime a se anviwon.....pa liv, selon kantite liv kap enprime a. Kom se yon liv ki gen yon po swa ak paj avek yon bèl kouvèti a koulè klere.

Si ou te beni, nou espere ou ta vle ede nou enprime plis liv pou nou ka bay. Sa ki sove yo pral ede'l jwenn sa ki pokò sove yo; nap travay ansanm jan Bondye te anseye nou pou'n fè'l la.

Riches ou yo ak jenewozite ou se yon don Bondye e Bondye kapab te sove e li te predestine'w pou moman sa. Panse ak sa. Kelkeswa mòd lavi ou te genyen, Bondye te gendwa prepare'w e beni ou ak lajan pou moman sa, pou ede nou pale ak lot yo de Jezi. Ou kapab itilize eritaj ou pou'w onore Bondye e Bondye pral beni'w pou desizyon ou.

Si ou chwazi pou'w se yon limyè (jan li di a nan chapit 6 la), ou kapab enfliyanse tout moun ki nan mond lan. Men kèk egzanp:

- Yon kado 10\$ ap pèmèt nou enprime 10 liv, jiska 10 nanm ap sove.
- Yon kado 1000\$ ap pèmèt nou enprime 1000 liv, jiska 1000 nanm ap sove.

Bay lot yo se youn nan misyon nou e Bondye pral beni nou pou jenewozite nou. Nou dwe sèlman pèmèt benediksyon Bondye yo travèse efò nou yo e li pwomèt nou lap anrichi nou pou jenewozite nou. Paske Bondye di:"Ou pral anrichi de tout fason pou'w ka bay avèk nan tout okazyon yo, e gras avèk nou, jenewozite'w la pral fèt pa aksyon gras anvè Bondye."

Bondye aprann nou viv lavi nou avèk yon mantalite kap pwogrese, pa yon mantalite parese. Lè nap viv lavi nou avèk yon mantalite parese, nou gen tandans pou nou pridan e nou ap tann pòch nou ranpli, e se lè poch nou plen, nou santi nou kapab ede lot moun. Lè poch nou ba, nou gen tandans kenbe sa nou genyen. Tandans nou gen pou viv konsa se paske nou manke lafwa. Nou pè pou poch nou pa gen bagay ladan, se tankou depi nou pap pran, nou pap bay. E lè nou pa bay, nou pa beni lot yo. E lè nou pa beni lot yo, nou pa onore Bondye. E lè nou onore Bondye, li pap kapab beni nou. Jan nou kapab wè sa, se pa yon bon sitiyasyon.

Jezi aprann nou viv lavi nou avek yon mantalite kap pwogrese. Li vle pou nou bay avèk lajès avèk tan nou ak ekonomi nou e pou jenewozite nou koule tankou yon rivyè kap koule fò san pa gen anyen ki pou kanpe'l. Lè nou bay anpil, li vle pou nou gen lafwa pou'l ka replase jenewozite nou san rete nan depo li a. Lè nou ap viv lavi nou tankou yon rivyè, nou pral beni pou lafwa nou gen nan li. Paske Bondye di: "Yon moun ki renmen bay pral resevwa anpil." Kelkeswa moun lan ki rafrechi lot yo, ya rafrechi'l tou. Li di Satan: "Ba yo ak de men e fè sa ak tout kè'w; akoz de sa, Senyè a, Bondye ou a, pral beni ou nan tout travay ou ak nan tout sa ou met men'w ladan.

Lè nou ap viv lavi nou tankou yon rivyè, epi nou gen konfyans nan pwomès li, nou kapab fè tout sak enposib. Nou kapab renmen bay paske nou konnen Bondye pral rekonpanse nou pou jenewozite nou. Sa vle nou kapab bay tout moun ki vle youn nan liv sa yon kopi pou ede mesaj Bondye a rive jwenn tout moun ki poko tandem li. Se paske gras avèk lafwa nou, nou konnen Bondye pral beni nou pou jenewozite nou. Li pral refè nou. Plis nou bay, se plis lap ba nou, tankou yon rivyè kap koule. Se banm ma baw. Paske Bondye di: "Nenpot moun kap sere ti sa yo genyen, pap jwenn nan men lot moun, e moun ki renmen bay ap toujou genyen.

Don ou an ka sove nanm yon moun ke'w konnen oswa yon moun ou pa konnen. Li kapab yon vwazen ou oswa nenpot lot moun nan mond lan. Ann al ba yo okazyon pou yo aprann kiyès ki Jezi, jan ou sot aprann li an. Avèk kout men paw, nou kapab distribiye yon pakèt liv gratis, ak tout moun ki vle yon kopi nan tout peyi mond lan. Ou kapab yon limyè kap ede'n voye anpil flanm, flanm kap komanse anpil dife, dife ki pap ka boule.

Aktivasyon etensèl yo nan mond lan avèk èd lajan wap bay la

pral ede nou monte pi wo don Bondye a ak lòt yo, kelkeswa kote yo ye.

Lè ou bay, priye pou volonte Bondye fèt. Priye pou'l pwoteje moun ou renmen yo de mal la. Priye tou pou moun ki pa konnen Jezi, jwenn li. Jezi toujou la e lap tan yon kè ouvè. Li pap rantre nan yon kè san yo pa envite'l. Li vle bay tout moun kado gratis li a, men moun yo dwe mande li. Ann al bay chak moun posiblite pou envite'l.

Senyè an ap tande priyè ou yo si ou mete lafwa ou nan Jezi. Si ou kwè nan Jezi epi ou ede nou nan misyon nou an, wap vin yon limyè e wap soutni etensèl nan tout kwen glob la, etensèl kap deklanche flanm, flanm kap deklanche dife, dife ki pap ka etenn. Nanm yo pral sove. Don ou a pral ede'n nan distribiye li gratis nou y oak tout moun ki vle yon kopi, nan tout peyi ki nan mond lan, e ou pral beni pou desizyon ou an.

Si ou vle bay yon don enpòtan ak ministè nou an, ou kapab kontakte biro nou pou nou kapab pale avè'w. Nou ta renmen gen yon reyinyon fas a fas avè'w, toupatou nan mond lan, pou nou kapab beni kontribisyon ou an.

